


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

KONBA ESPIRITYÈL

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- ENTWODIKSYON	7
2- PÒT LOUVRI YO	8
2.1- Pòt louvri pa nou	8
2.1.1- Peche	8
2.1.2- Moun	9
2.1.3- Bèt	10
2.1.4- Metye	10
2.1.5- Objè	11
2.1.5.1- Objè maji yo	11
2.1.5.2- Objè idolatri	11
2.1.5.3- Objè anmizman	11
2.1.5.4- Objè vòlè	12
2.1.5.5- Objè ranmase	12
2.1.5.6- Objè ke moun yo te pèdi	12
2.1.5.7- Objè dekorasyon	13
2.1.5.8- Rad	13
2.1.5.9- Pwodwi kosmetik	14
2.1.5.10- Bijou	14
2.1.6- Manje ak bwason	15
2.1.6.1- Manje	15
2.1.6.1.1- Vyann rache mens ak manje melanje	16
2.1.6.1.2- Manje nan bwat konsèrv	16
2.1.6.1.3- Manje pare, sòs ak asezònman	16
2.1.6.1.4- Polisyon pa divès kalite matyè fekal moun	16
2.1.6.2- Bwason	17
2.1.6.2.1- Dlo komèsyal yo ke yo di ki se dlo mineral oswa ki se dlo sous	17
2.1.6.2.2- Ji ak lòt bwason chimik	17
2.1.7- Prete moun, prete nan men moun, kado ak rann sèvis	18
2.1.8- Konpòtman	20
2.1.8.1- Salte ak dezòd	20
2.1.8.2- Deviyasyon konpòtman yo	20
2.1.8.3- Lamòd	20
2.1.9- Lòt pòt louvri pa nou	21
2.2- Pòt ki pa louvri pa nou	22
2.2.1- Non	23
2.2.2- Fè pati sèten fanmi oswa sèten bouk	23

2.2.3- Dòt	24
2.2.4- Rejè.....	24
2.2.5- Relasyon kase	24
3- ATAK.....	24
3.1- Atak lannwit.....	24
3.2- Atak fizik.....	26
3.3- Atak nan panse nou	27
3.4- Degre maji yo.....	27
3.5- Madichon.....	27
3.6- Pawòl yo	28
3.7- Aksidan	29
3.8- Maladi	29
4- KONBA	29
4.1- Ki sa konbat la vle di	30
4.2- Pran prekosyon nou ak mantè yo	30
5- PWEN KONTAK.....	32
5.1- Vizit lakay nou	32
5.2- Apèl telefonik ak korespondans	32
5.3- Enfòmasyon sou nou	33
5.4- Moun k'ap frekante nou	33
5.5- Bagay ki te achte, resevwa, oswa ofri	34
5.6- Bagay yo ki te ranmase, ke moun yo te jete.....	34
5.7- Bagay ki apateni ak nou yo	34
5.8- Ka gason yo ki gen madanm ajan dyab lougawou yo	35
5.9- Fanm ak akouchman	36
5.10- Cheve ak zong	37
5.11- Mouchwa jetab.....	37
5.12- Foto.....	38
5.13- Dantis yo	38
5.14- Relasyon seksyèl avèk satanis	38
5.15- Danje nan pran ajan satan yo lakay nou	38
5.16- Bèt demon yo	39
6- LÒT TWONPRI POU EVITE	40
7- KI JAN VIV VIKTORIYE.....	40
7.1- Obeyisans	40
7.2- Lapriyè	41
7.3- Entèsesyon.....	41
7.4- Jèn	41

7.5- Renonsman	42
7.6- Lafwa	42
7.7- Pirifikasyon	43
7.8- Separasyon	46
7.9- Diskresyon	48
7.10- Vijilans	49
7.11- Pridans	51
8- KI JAN KONBAT KÒM YON VENKÈ	51
8.1- Detwi sous fòs ak pouvwa ajan satan yo	51
8.2- Dispèse reyinyon ajan satan yo	52
8.3- Diferan aksyon pou mennen	52
8.4- Kouman priye	54
8.5- Kèk egzàn priyè pou konba	55
8.6- Anvan dòmi	56
8.7- Avètisman	56
9- KI JAN POU FÈMEN PÒT YO	56
9.1- Veye kont-atak	57
9.2- Dekourajman	57
10- KI MOUN KI SE LÈNMI NOU	58
11- KÈK VÈSÈ	58
12- DEVYASYON	59
13- TEMWAYAJ YO	61
13.1- Pastè yo ki fè alyans avèk satan pou yo vin popilè	61
13.2- Flè atifisyèl	62
13.3- Se pou tout sa ki gen souf fè lwanj Senyè a!	62
13.4- Teknik delivrans	62
13.5- Zam fiziko-espirityèl yo	63
13.6- Aksyon pwofetik	63
13.7- Etid sou demon	64
14- ZAM NOU NAN KONBA A	64
14.1- Lefèt de leve men anlè	64
14.3- San Jezi, non Jezi, ak dife Bondye a	65
14.4- Lwanj ak adorasyon	65
14.5- Pawòl Bondye a	65
14.6- Pran prekosyon nou ak zam chanèl	65
15- KONKLIZYON	65
Envitasyon	68

KONBA ESPIRITYÈL

1- ENTWODIKSYON

Byen-neme nan Senyè a, mwen rann gras a sila ki te chwazi'm nan, Jezi Kris, Senyè nou ak Mèt nou an, paske Li te jije m' fidèl, pou Li etabli'm apòt nan fen tan sa yo, pou konfye Li konfye'm tach pou reveye pèp Li a, e fè kè vrè pitit Bondye yo ki gaye a retounen vin jwenn Papa a ki nan syèl la, anvan son tronpèt la.

Li te fè Bondye Papa a plezi, atravè Pitit Li Jezi Kris, pou revele m' pawòl Li, se konsa ke nou menm ak mwen dwe retounen nan verite a, nan Levanjil ki pa melanje a, tankou premye frè nou yo te viv li a. Se konsa, mwen beni Senyè a ki pèmèt mwen non sèlman pote pèp Li a tounen nan verite a, men tou kondannen moun ki te alèz nan fo levanjil la e pran pòz yo inyoran; pou ke pwofesi Letènèl la nan Malachi 3:18 la li akonpli *"Lè sa a ankò, n'a wè diferans ant moun k'ap mache dwat ak moun k'ap fè sa ki mal, ant moun k'ap sèvi Bondye ak moun ki p'ap sèvi L'."*

Kounye a ke nou gen ase ansèyman pou vin Pitit Bondye ki baze sou sèn doktrin Jezi Kris la, mwen ka san anpil rezève reveye lespri nou pa rapò ak Konba Espirityèl la, nan li ke nou tout nou angaje.

Ki sa Konba Espirityèl la ye? Konba Espirityèl la se lavi ke nou menm, pitit Bondye yo, sove pa favè, epi ki kouvri pa mèveye san Jezi Kris sèl vrè Senyè a, yo rele nou pou viv nan mond etranj sa a, nan mitan lou yo, sèpan ak eskòpyon yo, ki reprezante satan ak tout ajan l' yo. Konba Espirityèl la donk se pa yon bagay ke pitit Bondye a ka epanye, ni se pa yon lagè ke nou ka evite, pa egzanp pou'n fè lapè ak satan. Nou pa'p janm ka fè lapè ak satan.

Satan se pa Bondye lapè a, li se pito bondye lagè a. Satan rate Syèl la, Lanfè a rezève pou li. Misyon'l sèlman kounye a se pote tout moun, si non pi gwo kantite moun avè l' nan Lanfè. Li pa gen anyen pou pèdi nan batay sa a, men tout pou genyen, e li gen sèlman sa pou li fè, pandan l' ap tann jou Senyè a ap voye l' nan letan dife a ki p'ap janm etenn nan. Konnen alò, ke chak Pitit Bondye se, menm ke li vle ou pa vle, enplike nan batay sa a. Sa vle di ke si n'ap goumen ak satan, li pral goumen ak nou, epi si nou pa goumen ak satan, li pral goumen ak nou. Alò, si nou ap goumen oswa nou pa'p goumen, y'ap goumen ak nou.

Donk ki sa pou fè? Ekipte tèt nou pou konba a e angaje tèt nou pou konbat. Epi mwen kwè ke tout premye ansèyman mwen te ban nou yo ase pou ekipe nou pou konbat satan epi pou nou dwe venkè; paske ansèyman sa yo te reveye lespri nou sou apostazi a ak sediksyon yo nan dènye jou yo, epi yo te mennen nou tounen nan doktrin Kris la ki se Verite a, ki se, Bib la jan li te ekri ak sele pa Sentespri a. Donk sèl tèren ke nou chak dwe kanpe pou goumen ak satan epi venkè se Verite a.

Nan ansèyman sa a, mwen pral wè avèk nou ki jan pou nou veye atak satan yo ak ajan l' yo, ak ki jan pou'n fè pou nou evite viktim flèch li yo chak fwa; e nivo

konba sa a dwe mennen pa nou tout. Nou pral wè tou ki jan konbat kòm venkè nan kan lènmi an, e se sa mwen chwazi rele vrè Konba Espirityèl la.

Sonje moun mwen renmen yo, se pa pa aza ke ansèyman sa a sou Konba Espirityèl la vini an dènye. Rezon ki fè ansèyman sa a vini apre lòt yo, se ke vrè Konba Espirityèl la pa rezève ni pou payen, ni pou kreyen yo ki toujou ap viv nan inyorans yo, ni pou moun k'ap rejwi tèt yo nan fo levanjil la; donk satan se yon advèsè pi serye ke jan nou panse a.

Satan se yon lènmi tèrib, yon advèsè ase fò. Devan li, fòs nou se Verite a. Donk vrè Konba Espirityèl la pa dwe pran alalejè, e pa dwe nan okenn ka pou nouvo konvèti yo antre nan yon bagay konsa. Vrè Konba Espirityèl la se pou moun ki baze sou Wòk la, pou moun ki gen Jezi Kris, epi ki vrèman genyen Li. Vrè konba a se pou moun ki ap viv nan Verite a. Se poutèt sa Senyè a te chwazi pou ban nou dabò tout ansèyman ki te dwe fè nou soti nan relijyon ak fos doktrin nan.

Pou satan reyisi atak li yo kont nou, fòk li trè souvan jwenn kèk fot nan lavi espirityèl nou, sa vle di, nan mach nou ak Bondye. Se konsa li toujou ap chèche fot. E lè li pa ka jwenn, li fè tout efò pou kreye yo, nan tann tout pyèj posib pou nou.

Satan, ki konnen pawòl Bondye a, konnen ke osi lontan ke nou pa vyole lwa Bondye a, li pral trè difisil pou li rive atenn nou. Nan fè sa, li òganize tout lame li a pou pwojete kont nou de santèn de milye pawòl malefik ak degre maji chak jou, avèk objektif pou mennen nou nan peche, oswa pouse nou fè kèk erè, pou kèk fay ka ouvè kèk pòt ba yo nan lavi nou. Se fay sa yo ki ba yo aksè nan lavi nou, ke nou jeneralman rele pòt louvri yo.

2- PÒT LOUVRI YO

Eleman ki ka sèvi kòm pòt louvri pou satan, yo anpil, epi soti nan peche yo ak moun yo, ki gen ladan bèt, pwofesyon, ak objè yo. Lis eleman sa yo long, men mwen pral eseye enimerer pi gwo kantite nan yo.

Mwen pral gwoupe pòt louvri yo nan de kategori: pòt louvri pa nou, sa vle di, sa yo ki depann de nou e pou yo nou se prensipal responsab yo, ak lòt pòt louvri, sa vle di, sa yo sou yo nou prèske pa gen kontwòl.

2.1- Pòt louvri pa nou

Sa yo se sa yo ki depann de nou e nan yo nou se prensipal responsab yo; sa yo se sa yo ke nou ka evite, sa yo se bagay ke nou gen kontwòl sou yo.

2.1.1- Peche

Mwen pito pa pale de peche (o pliriyèl), men **peche** (o sengilye) paske peche, kèlkeswa non li, bay satan aksè nan lavi nou. Se vre ke grandè pòt louvri yo depann de ki kalite peche ki komèt yo. Men, nou dwe konprann ke menm peche ki bay sèlman yon ti kras aksè a satan dwe evite. Kòm pou peche yo ki louvri lajè pòt pou satan, nou ka site:

- Bagay dyab nan tout fòm li yo (maji, okiltis, sèk yo, omoseksyalite);
- Touye moun, (avòtman volontè yo ladann tou), tantativ swisid, tantativ touye moun (tantativ avòtman ladann tou);

- Peche seksyèl yo (adiltè, fònikasyon, mastibasyon, tout lòt fòm dezòd lachè ak imoralite);
- Vyòl, vòl, èn, rankin, refize padon, refize restitasyon, ak mechanste.

Tout peche sa yo ouvè pòt byen laj bay demon yo, e bay yon trè gran aksè a satan sou lavi nou. Se pou rezon sa a yo moun nan dwe absoliman konfese yo anvan pou pran batèm li. Si kèk nan peche sa yo bezwen sèlman konfasyon an, lòt, anplis konfasyon an, nesesite reparasyon. Sa revoye nou nan nosyon restitasyon an.

Maji nan tout fòm li enplike moun ki aktif, moun ki pasif, ak tout bagay ki gen rapò ak dyab. Pa maji aktif ou sèvi dyab aktif la mwen vle di moun k'ap pratik maji a oswa sèvi dyab la menm, ak tout fòm inisyasyon nan dyab, konsiltasyon mò, yoga ak lòt teknik meditasyon ak detant. Maji pasif, kanta li menm, enkli tout fòm pratik endirèk nan maji oswa nan sèvi dyab, tankou vizite marabou, konsiltasyon divinò ak lòt vwayan, sa vle di al ka ougan, konsiltasyon vwayan pou fè mò yo pale, li owoskòp, nimeroloji, pase kat, pratike a masyal, elatriye. Tout fòm maji oswa sèvi dyab, maji ak okiltis, mete moun ki pratike yo nan kontak dirèk avèk mond okil la, e etabli ke nou vle ou nou pa vle, bann pak avèk mond fènwa yo.

Debòch ak tout lòt fòm imoralite gen ladann tout lòt peche ak salte seksyèl ki pa mansyone pi wo a. Sonje byen ke sèlman rapò seksyèl ke Bondye apwouve, sa vle di, ki pa ka nan okenn ka sèvi kòm yon pòt louvri, se sa yo ki fèt nan kad legal la nan maryaj. Men, pa bliye ke menm nan kad legal la nan maryaj, rapò seksyèl ka yon pòt louvri si li fèt tankou pratik bèt.

Konnen trè byen, ke yon rapò seksyèl nòmal dapre Bondye, se yon relasyon seksyèl ant de moun ki nan sèks opoze. Epitou konnen ke pou yon relasyon seksyèl ant de moun ki gen sèks opoze yo dwe yon relasyon nòmal, relasyon sa a dwe vrèman seksyèl kòm non li endike, sa vle di yon relasyon ant de sèks oswa pi klèman yon kontak ant de ògàn jenital yo. Se poutèt sa, yon kontak ant yon sèks ak yon lòt bagay, oswa ant yon sèks ak yon lòt pati nan kò a, pa ka aksepte nan je Bondye kòm rapò seksyèl. Tout kalite relasyon sa yo se relasyon ki pa nòmal, sa vle di peche, menm nan kad maryaj la.

Moun ki marye ka chape nan pòt louvri ki kreye pa peche seksyèl sèlman si yo respekte Bondye chak fwa nan relasyon yo, evite pratik dezonore yo, abominab, e tankou bèt ke anpil moun pafwa angaje yo. Maryaj se pa yon limyè vèt pou bagay moun fou. Nenpòt deviyasyon se yon peche devan Bondye, e konstitye yon pòt louvri pou satan. Bondye pa t' twonpe tèt li nan chwazi pou fè gason ak fanm avèk diferan sèks; Li pa t' twonpe tèt li nan rele chak pati nan kò imen an pa yon non diferan. Sèks pa ka pran non yon lòt pati nan kò a, e pa gen okenn lòt pati nan kò a ki ka pran non sèks, epi yo pa dwe nan okenn fason dwe konfonn ak sèks.

2.1.2- Moun

Konsèp "moun" nan kòm pòt louvri pote nou tounen nan ansèyman sou separasyon ke nou te etidye anpil fwa nan tan lontan an. Kòm yon pati nan ansèyman sa a, nou pral retounen sou sijè sa a ankò, pou moun ki pa t' swiv ansèyman sa a nan tan lontan an, e menm pou moun ki te deja swiv li, se konsa

ke moun ki vle obeyi Kris la pou pwòp pwogrè yo, konprann byen sa Senyè a espere nan yo. Konnen ke tout moun ki pa nan kan Jezi Kris, yo toujou nan kan satan, e nan fè sa, konstitye yon pòt louvri pou nou. Satan ka itilize yo nan nenpòt ki lè pou rive jwenn nou, depi yo anba kontwòl li, epi yo fasil manipile pa li.

2.1.3- Bèt

Satan ak ajan li yo tou souvan itilize bèt domestik yo, tankou chen, chat, elatriye. Pou rive jwenn nou. Se konsa, nou pa bezwen sezi ke nan Oksidan, kote bèt sa yo yo adore yo, maladi tankou las ak lòt maladi ki te koze pa bèt yo trè komen. Nou dwe debarase nou de bèt sa yo.

Menm bèt yo ke nou gade pou manje tankou poul, kabrit, ak lòt bèt yo ki destine pou manje yo, yo ka eksplwate pa ajan satan yo pou nwi nou. Men, kòm itilite bèt sa yo pou manje byen etabli, nou dwe kenbe yo. Nou jis dwe fè atansyon e kouvri bèt sa yo pa san Jezi.

2.1.4- Metye

Gen metye ki konstitye lajè pòt louvri pou satan, e tout moun ki egzèse yo yo trè ekspozè a lespri satanik. Pitit Bondye yo dwe evite metye sa yo. Sa yo gen ladan yo: Gadyen mòg, moun k'ap benyen mò yo, moun k'ap travay sou kadav yo, sikològ, sikyat, moun k'ap travay pou malad mantal ak dezekilib mantal, pwofesyon atistik yo, ak tout moun k'ap travay nan kote ki gen gwo konsantrasyon satanik tankou simityè, niy klèb, kazino, ba restoran, sinema, opera, teyat, klèb dans, salon bote (estidyo cheve, pedikiyou manikiyou, fizyoterapi, akiponkti, operasyon kosmetik, retire cheve, makiyaj, bwonzaj, tatouaj, pèse kò, elatriye.)

Pitit Bondye yo dwe evite tout pwofesyon ki kole ak mekanste, sa yo ki enplike mekanste, oswa ki mennen nan mekanste. Sa a se pa egzans pou moun sa yo k'ap anlve machin moun yo ki al mete yo nan lafouryè, moun k'ap mete kontravansyon sou vwati yo, elatriye. Nou dwe evite tout pwofesyon k'ap fè nou vin mekan.

Genyen tou pwofesyon ki konstitye pòt louvri pou satan, men ke pitit Bondye yo ka egzèse, pandan ke yo konsyan nan batay la ki bò kote yo a. Pwofesyon sa yo enkli: Moun k'ap travay nan mezon retrèt yo, lopital, bòs chapant ki fabrike sèkèy ak nenpòt pwofesyon ki gen rapò ak mò yo. Pitit Bondye yo k'ap egzèse pwofesyon sa yo dwe priye chak fwa pou yo anile degre maji ak pawòl malefik ke y'ap resevwa.

Mwen vle fè kèk klarifikasyon sou lefèt ke travay pou andikape ak malad mantal yo konstitye yon pòt louvri. Anpil nan moun sa yo ke nou rele andikape ak malad mantal yo, se demon ajan dyab lougawou yo, ki volontèman chwazi eta sa a, pou tann pèlen pou moun ki pa mank de disèneman pral pran swen yo. E sa a vin tounen yon trè gwo riz satan jodi an. Satan te voye nan mond lan anpil nan ajan li yo, ki fèt dezekilibre, e totalman depann de moun, pou distrè mond lan e posede tout inyoran ki pa gen Bondye epi san pwoteksyon Bondye, epi ki nan

nayivte yo kwè ke demon sa yo se moun reyèl ki bezwen èd. Se poutèt sa, pa tonbe nan pèlen santiman yo.

Aktyèlman genyen gwo lopital ki rezève pou yo, e dè milye de doktè, enfimye, ak lòt travayè swen sante yo nan sèvis yo, e yon gwo bidyè. Avèk sa, satan ri mond lan. Se menm bagay la tou nan mezon retrèt yo. Pami vye granmoun sa yo ke yo jwenn nan mezon retrèt sa yo, gen anpil lougawou, majisyen ak ajan dyab, ki pa riz yo, sèvi ak eta yo kòm pèlen pou nwi moun k'ap pran swen yo. Se menm bagay la pou lopital yo, ki plen ak lougawou, majisyen ak ajan dyab. Pitit Bondye yo k'ap travay nan kote sa yo, dwe pran anpil prekosyon, epi toujou ap kouvri tèt yo ak san Jezi.

2.1.5- Objè

Anpil nan objè yo nou rete kole sou yo a, ke yo te ba nou kòm kado oswa te achte pou tèt nou, se gwo pòt louvri pou satan nan lavi nou ak nan kay nou yo. Pami objè sa yo nou ka site:

2.1.5.1- Objè maji yo

Liv sèk yo; liv ki ansenye pratik "kontwòl pwòp tèt ou" oswa "devlopman yon pouvwa enteryè"; liv ki ansenye divès fòm meditasyon; liv yoga; objè sèk yo; objè ki te resevwa nan men majisyen, ajan dyab yo, marabou, ak gerisè yo (poud, likid, gri-gri, kalbas, miwa, moso twal, ekòs pyebwa, bag ak lòt bijou pou fè degre maji, talisman, koris, riban pou pote sou ou ak tout lòt objè pou mete nan yon kote espesifik, chaplè, dlo benit, kwa ak lòt objè ezoterik, objè pou cham, ak anvoutman, tout objè ke fo legliz yo bay fidèl yo pou kenbe nan kay yo kòm pwoteksyon, elatriye). Tout bagay sa yo ke pastè yo ak prèt yo ba nou, tankou sa yo rele dlo benit, lwil benit, moso twal yo ak lòt, yo se an reyalyte objè satanik ki sèvi kòm pòt louvri pou satan nan kay nou yo. Sonje ke vrè pwoteksyon vini sèlman nan Jezi Kris, e nan Jezi Kris sèl. E Senyè a pa bezwen ale nan objè sa yo pou pwoteje nou oswa defann nou.

Miwa yo fè pati eleman ke satanis yo itilize trè souvan. Se konsa, pa pran abitud pou gade nan nenpòt miwa. E lè nou dwe gade nan yon miwa nan atelye yon tayè oswa yon koutiryè pa egzanp, kouvri tèt nou ak san Jezi. Toujou kouvri miwa nou achte nan mache avèk san Jezi.

2.1.5.2- Objè idolatri

Sann mò yo, foto oswa videyo kadav yo, objè nan adore moun ki mouri yo ak zansèt yo; sèten objè ki fè pati moun ki mouri yo epi yo dwe pase soti nan yon jenerasyon a yon lòt, bouji yo, lansan ak lòt objè fetich ke yo atache avèk yo san yo pa ka eksplike poukisa, konstitye gwo pòt louvri pou satan. Sepandan, bouji yo itilize pou ekleraj lè pa gen okenn elektrisite pa konstitye pòt louvri. Nou jis bezwen kouvri yo ak san Jezi. Gen sèten sèk satanik ki gen patizan yo ki toujou manje avèk bouji limen. Itilize bouji nan ka sa se piman satanik.

2.1.5.3- Objè anmizman

Televizyon, Entènèt (pou moun k'ap itilize li nan chache abominasyon), fim mond lan, fim malsen, liv malsen, mizik mond lan, Tekno, Rock, e Rap menm sa yo rele Rap kretyen, magazin pònografik ak lòt magazin ki gen imaj etranj, tout

jwèt etranj sa yo pou timoun, poupe, jwèt videyo, desen anime (ti komik), ak lòt distraksyon pou timoun ki reprezante figi imen oswa bèt, espektak yo, elatriye. Konstitye gwo pòt louvri pou satan. Pitit Bondye yo dwe itilize tan distraksyon yo pou li Bib la, lapriyè, ak chante kantik pou Senyè a.

2.1.5.4- Objè vòlè

Kouri byen lwen vòl! Menm si yo ka di ke li se yon peche tankou nenpòt ki lòt, reyalite a rete ke li se yon pati nan peche ki kreye plis pwoblèm pou nou. Konnen ke vòl se yon doub peche: vòl pou tèt li, se mechanste. Lè nou vòlè bagay yon moun, nou privre li de bagay li, nou mete l' nan yon sitiasyon de detès, nan soufrans, epi nan gwo pwoblèm. Se konsa, nou fè moun sa a madichonnen nou, epi paske li madichonnen nou avèk rezon, nou pa chape anba madichon cha a. Nan sa a, vòl la konstitye yon gwo pòt louvri pou satan. Sa a se ka tou ak objè vòlè.

Gen yon pwoblèm grav ki pou rezoud nan nivo objè vòlè yo. Se pou konnen **ki sa pou fè ak li**. Pakonsekan konfizyon nan alantou nosyon restitasyon an, ki, lè li mal entèprete, kreye plis pwoblèm pase li rezoud. Se poutèt sa, li enpòtan pou nou konprann trè byen ki sa Bib la di sou restitasyon an. Wè enpòtans ki genyen nan sijè sa a, mwen te panse li pi bon pou trete li konplètman nan yon ansèyman apa, ki rele **"Restitasyon"**, ke nou ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org. Mwen rekòmande nou li.

2.1.5.5- Objè ranmase

Byen-neme, nou dwe byen konprann jesyon objè ranmase yo, pou pa fè nou pran pèlen. Gen de kategori objè ranmase; e pou fè yon travay depouyman, nou dwe konnen byen diferans ki egziste ant de kategori sa yo: Sou yon bò gen objè ke moun yo te pèdi, e sou lòt bò a se objè ke moun yo te jete. Jesyon de kategori sa yo yo konplètman diferan. Pandan ke premye a se yon reyèl pòt louvri, dezyèm lan konstitye pito yon pwen de kontak, sa vle di, yon potansyèl pòt louvri. Mwen pral diskite sou premye kategori a isit la, sa vle di objè ke moun yo te pèdi yo, ak dezyèm lan pral trete anba tit **"Pwen kontak yo"**.

2.1.5.6- Objè ke moun yo te pèdi

Nou dwe pran anpil prekosyon nan objè pèdi ke nou ranmase sou wout la. Nou pa sipoze pran posesyon bagay ke moun te pèdi. Ke li se lajan oswa tout lòt bagay. Pran posesyon yon bagay nou ranmase sou wout la, se menm bagay ak vòl. E jan nou li pi wo a, objè vòlè yo se yon pòt louvri.

Konnen ke pyès moun pa kontan pou pèdi yon bagay. E lè nou pèdi yon objè, swè nou se jwenn li. E trè souvan nou mete nan chache bagay sa a. Pafwa nou retounen pase kote nou te pase yo pou wè si nou ka toujou rejwenn li. Anjeneralman nou pase tout kote ke nou kwè nou te pèdi li. Pafwa nou ale nan lapolis rapòte pèt objè sa a, nan espere ke yon moun janti e onèt te jwenn li, e te pote l' nan pòs polis la. Epi trè souvan pou nou ki se kretyen, nou priye pou Bondye ede nou rejwenn objè pèdi nou an.

Si nan tounen kote nou te pase yo, nou rejwenn sa ke nou te pèdi a, nou pral natirèlman trè kontan. Epi, si nan pòs polis la yo di nou ke yon byenfetè te jwenn e depoze objè nou an la ba a, nou pral trè kontan. Sepandan lè tout rechèch nou

yo pa bay anyen, nou desi, epi trè souvan nou kòmanse bay moun ki te ranmase objè sa a madichon. Donk nou konprann pi fasilman ke pran posesyon yon objè ke yon moun te pèdi se yon zak mekanste. E nenpòt zak mekanste se yon pòt louvri pou satan.

Prensip Matye 7:12 la ede nou pou pi byen konprann gravite zak sa a ke nou kwè ki san danje a. ***"Tout sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l' pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou fè."***

Depi kounye a, nenpòt objè pèdi nou ranmase dwe depoze nan pòs lapolis. E si nou pa pare pou ale nan pòs polis la pou depoze objè pèdi yo, pa ranmase yo. Nou pa oblije pou ranmase yo. Men si nou chwazi pou ranmase yo, ke destinasyon an dwe pòs polis la.

Kounye a, ki sa pou'n fè avèk objè yo ke nou gen nan kay nou yo oswa nan posesyon nou, e ki se bann objè pèdi ke nou te ranmase? Nou dwe trete yo tankou objè vòlè, diferans lan sèlman ke nou pa konnen pou ki moun yo ye.

2.1.5.7- Objè dekorasyon

Foto, estati ak fòm figi, mask, flè atifisyèl, foto ak penti, souvni ak biblo, jwèt nounous (ti nounous) ke yo "dekore" kay, meday, efiji ak trofe. Akwayòm yo, yo menm tou konstitye pòt louvri.

2.1.5.8- Rad

Rad ekstravagan yo ak tout rad sa yo ke yo di ki alamòd yo, rad abako, rad kwi avèk imaj satanik, rad avèk imaj satanik ak imaj etranj, rad avèk foto moun (sa yo rele kretyen ki aktif nan pati politik yo ki mete rad ke sou yo genyen gwo foto kandida prefere yo a, dwe konprann ke sa y'ap fè yo, se idolatri, ki se yon peche grav nan je Bondye), pantalon pou fanm (fanm ka itilize djògin kòm rad espò), jip pou gason, tout rad sosyal yo ki gen yon kominikasyon ladann, lòt abiman ke yo di abiman "sexy", ak tout rad endesan tankou jip kout ak rad sere ki desine tout fòm kò a, konstitye pòt louvri yo.

Kite m' konsantre sou abako yo kòm yon pòt louvri. Abako yo, pa tankou lòt rad yo. Li se yon senbòl rebelyon, revòlt ak delenkans. Anpil moun mete l' avèk lide pou gen yon rad solid ki pral dire; men satan ki te rekipere abako yo, te asosye l' ak lespri l' yo ki akonpaye l' epi k'ap swiv moun ki mete li. Li se rad tout gangstè yo, mizisyen Rock yo, vwayou, elatriye. Yo souvan mete li swa koupe, reparèt ak ti fann, pafwa melanje ak plizyè lòt kalite twal e menm chire pou bay yon enpresyon vandal ak moun ki mete li. Menm pou payen yo, abako yo se sinonim de iresponsabilite.

Konsènan rad kwi kòm yon pòt louvri, li dwe note ke se pa kwi a li menm ki se yon pwoblèm, men pito itilizasyon'l pa satanis yo. Satanis yo te fè l' yon rad vwayou, jan nou wè'l ak jakèt kwi yo ki plen ak imaj satanik sou do a oswa sou manch yo ke yo mete trè souvan. Se konsa, nou dwe santi nou lib pou mete jakèt kwi, ki pa gen okenn enskripsyon satanik. Pa kont, pran prekosyon ak tout pantalon sa yo ak jakèt kwi etranj ak imaj satanik yo, ke satanis ki renmen fè parad avèk gwo motosiklèt souvan mete.

2.1.5.9- Pwodwi kosmetik

Plizyè pwodwi bote tankou pafen, krèm anti-rid, losyon kò pou dekolorasyon po, alonj ak grèf, perik, ònman, pwodwi pou fè cheve lis, fa, poud makiyaj, vèni kitèks ak baz, ak lòt pwodwi makiyaj yo; moun satan yo toujou twò mare nan bagay sa yo, nou pral rekonèt yo. Kouri byen lwen pou tout pwodwi sediksyon sa yo! **Men, nou pa bezwen abandone lwil ak pomad nòmal ke nou souvan itilize pou pase sou kò nou. Nou jis bezwen pou pirifye yo.** Konsènan bagay santi bon yo ke nou souvan itilize nan twalèt oubyen nan lòt chanm nan kay nou, kouvri yo ak san Jezi.

Fanm yo dwe konprann ke alonj ak grèf yo ke yo renmen itilize pou trese cheve yo, se swa cheve mò, oswa cheve ke sou yo ajan satan yo te fè tout fòm degre maji ak pawòl malefik posib, pou yo rive jwenn epi kenbe prizonye tout fanm ki pral sèvi ak yo.

Fa yo yo anjeneral te fèt ak san moun, ke satanis yo kolekte pandan aksidan yo, ak divès kalite poud ki itilize pou bote, se rès poud kò moun, ke satanis yo estoke pou yo fè sa, e pou plizyè lòt degre maji. Majorite nan poud ak lòt pwodwi kosmetik chèn sa yo ke nou wè sou mache yo, yo fèt ak baz plasenta, ke satanis yo pran swa pa vòl pandan akouchman yo, oswa pa magouy avèk lopital yo. Se pa pou anyen ke Senyè a mande nou kouri soti nan bagay sa yo nan mond lan, ki la sèlman pou satisfè lachè a ak lògèy lavi.

2.1.5.10- Bijou

Chèn (gen kèk ajan dyab lougawou ki menm mete yo nan pye yo), bag, braslè, zanno, kolye ak lòt bijou yo: pa imite ajan satan sa yo ki malgre ansèyman yo, kontinye atache ak yo.

Bijou yo, bag yo, braslè yo, chèn yo ak lòt, yo sèlman la pou egzijans lachè, pou lanvi je yo, ak pou lògèy lavi. Li menm jan an pou perik yo ak lòt ònman yo ke anpil fanm toujou rete kole sou yo ankò.

Tout pil ankonbreman sou kò sa yo ke nou mete sou nou yo, yo se tou senpleman objè sediksyon, epi yo sèvi sèlman pou glwa satan. Tout bagay sa yo sèvi pou satisfè dezi lachè, lanvi je yo, ak lògèy lavi yo. Nan sa a, yo konstitye gwo pòt louvri pou satan. Repanti epi abandone bagay sa yo.

Chache bote atifisyèl se yon danje grav pou moun, yon gwo pèlen ke satan te mete pou limanite. E tout moun ki tonbe nan li souffri de li. Fè anpil atansyon. Kouri byen lwen tout eleman sa yo ki ban nou yon sèten bote atifisyèl, e fè kè nou kontan pou bote natirèl la ke Bondye te ban nou an. Sòm 139:14 di nou: **"M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bèl bagay. Tout sa ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen."**

Kite m' louvri yon parantèz nan nivo sa a pou ban nou yon lòt eleman disèneman. Si nou rankontre sa yo rele pitit Bondye yo, ki te deja swiv verite a byen, epi ki toujou rete kole sou tout pwodwi sediksyon sa yo, konnen ke yo se moun satan. Vre pitit Bondye yo souvan rete kole sou bagay sa yo lè yo toujou nan inyorans.

Men, lè Senyè a louvri je yo, yo repanti epi abandone bagay sa yo san ezitasyon. Men, moun satan yo toujou jwenn rezon pou fè tèt di.

Senyè a te di: **"N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou"**. Nou tout te nan manti, sa vle di, nan fo levanjil la. Le pli vit ke Senyè a te ban nou verite a, nou te pèmèt tèt nou libere pa verite a. Vrè pitit Bondye yo toujou pèmèt tèt yo libere pa verite a, epi yo kontan yo finalman libere. Men, moun satan sa yo, ki pa pou verite a, pa janm pèmèt tèt yo libere pa li. Nou pral rekonèt yo nan mitan nou. Bagay Bondye yo toujou sanble yo trè difisil pou yo mete an pratik, menm bagay ki senp yo. Moun sa yo toujou pase tan yo ap konteste ansèyman yo, toujou ap envante rezon pou jistifye tèt di yo. Nou menm, pitit Bondye yo, pa imite yo.

Si nou konnen sa yo rele sè yo ki nan mitan nou ki toujou kreye diskisyon tankou "nou pa dwe mete vwal tout tan", "nou ka mete yon tikal makijaj osi lontan ke nou pa egzajere", "Bib la pa presize ke pantalon yo se rad gason", "Jezu te mete ròb", nou pa bezwen sezi. Sa yo se moun satan yo. Verite a sanble trè konplike pou yo, epi yo toujou atache ak bagay sa yo nan mond lan tankou papa yo satan.

E jan nou ka wè'l nou menm pou tèt nou, bagay sa yo, yo pa gen okenn itilite. Yo la jis pou anvi lachè, pou anvi je yo, ak pou lògèy lavi a. Bib la klèman enstwi nou pou nou kouri soti nan tout bagay sa yo. **"Pa renmen lemonn, ni anyen ki soti nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li. Bagay ki soti nan lemonn se egzijans lachè, se gwo tanta, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil byen sou latè. Tou sa pa soti nan Papa a. Se nan lemonn sa soti."** 1Jan 2:15-16.

2.1.6- Manje ak bwason

Kòm sou lòt objè yo, satan ak ajan l' yo fè anpil degre maji ak pawòl madichon sou manje ak bwason n'ap konsome yo, nan bi pou posede nou pa move lespri yo, si non pou mare kèk lyen ki pral pèmèt yo rive jwenn nou.

2.1.6.1- Manje

Manje yo ke mond lan ap konsome yo konstitye yon gwo pòt louvri pou satan pou nwi limanite. Ajan satan yo fè tout efò yo pou fè pratik abominab sou manje n'ap konsome yo. Pou sa nou dwe fè atansyon sou sa n'ap konsome, e gen yon seri manje ke nou dwe evite tout otan ke nou kapab.

Se tout manje oswa pwodwi k'ap vann ki deja kraze (koupe e rache, melanje) oswa transfòmè (nan bwat konsèy yo, pla ki tou kwit), paske satan fè asire'l pou ke se vrè tenten sal ki dwe kraze ak vann sou mache yo. Se konsa, pa sezi ke gen anpil maladi jodi a, e menm sa non yo enkonni. Yo trè souvan pale nou de entoksikasyon alimantè, ki soti poutan nan bann aliman nòmal ki sipoze fè byen pou moun.

Lè Senyè a te mennen nou fè yon ti rechèch sou pratik satan yo sou manje ke n'ap konsome yo, nou te reyalize konbyen mond lan konsome fatra, sa vle di bann bagay ke yo pa ka bay non. Satanis yo aranje yo chak fwa pou melanje ak manje ki sou mache a, tout salte posib.

2.1.6.1.1- Vyann rache mens ak manje melanje

Anpil vyann rache oswa kraze melanje ak vyann moun, nan bi pou inisye nan dyab moun k'ap konsome yo. Anpil pwodwi ke nou achte deja kraze ou redwi an poud, tankou vyann bèf moulen, janbon, pate, sosis, ak lòt, yo souvan melanje ak fatra nan tout kalite. Menm bagay la tou aplike nan manje ti bebe yo nan ti bwat yo, ki deja pare e kraze. Tout salte sa yo, ki kouvri avèk gwo degre maji ak pawòl melefik, gen pou bi sal tout mond lan an nantye, e kreye bann maladi oswa posesyon demonyak nan moun k'ap konsome yo.

2.1.6.1.2- Manje nan bwat konsèy

Anpil kalite bwat konsèy ke nou achte nan mache yo, yo fèt ak baz kadav moun, bèt, ak kadav timoun yo manman te jete ou yo te pran nan vant fi yo. Nan kèk peyi Azyatik, plizyè ajan satan te lanse yo nan komès kadav tibebe ak lòt kadav yo. Ti bebe yo te jete yo te transfòme an manje nan bwat konsèy e kouvri tout mache nan lemonn antye, e moun yo fou pou achte yo. Fè atansyon ak manje nan bwat konsèy yo! Yon gwo pòsyon nan ti bebe abandone sa yo sèvi kòm manje nan restoran azyatik yo kèlkeswa kote yo baze sou tout mond lan. Si sèlman moun te kapab konnen sa y'ap manje chak fwa!

Se menm bagay la tou pou sèten sadin. Nou jwenn bwat sadin e/oswa ton, sou yo ke yo ekri "ren kot la". Pa panse sa se jis yon piblisite. Anpil nan sadin sa yo pa sadin ditou. Se konsa, fè atansyon ak sa n'ap achte. Fè atansyon! Kounye a ke nou avèti, pran prekosyon nou.

2.1.6.1.3- Manje pare, sòs ak asezònman

Fè atansyon ak vyann ke n'ap achte ki deja byen griye, oswa fri, byen prepare, ki tou pare-pou-manje yo. Gen kèk nan vyann sa yo yo byen lwen pou yo se sa ke yo prezante nou an. Fè atansyon ak repa ke y'ap sèvi nou nan otèl ak restoran yo, fè atansyon ak manje ke yo sèvi souvan nan kantin kote n'ap travay yo, nan kantin lekòl yo ak manje y'ap vann nan kolèj yo, lise yo, ak lekòl primè yo. **Fè atansyon ak tout manje ki tou pare-pou-manje yo.**

Lòt pwodwi tankou sòs tomat, konfiti, arôm, sòs vinèg ou sòs salad, epis, ak lòt asezònman yo, yo souvan melanje ak san moun, poud chè moun, ak lòt fòm fatra. Kib magi yo, lòt kib pou fè manje, ak plizyè lòt kondiman ki kraze yo sibi menm tretman yo. Tout bagay sa yo nan bi pou sal mond lan, epi inisye nan dyab moun ki pa kouvri ak san Jezi Kris, ak tout moun neglijan.

2.1.6.1.4- Polisyon pa divès kalite matyè fekal moun

Anpil komèsan pou gen siksè nan biznis yo, yo fè kontra avèk satan; e sa ke satan souvan mande yo pou fè pou atire kliyan, se tèrib. Kèk fanm retrouve yo dapre enstriksyon yo te resevwa nan men marabou yo, vide règ yo nan manje yo ke y'ap vann chak fwa, avèk kèk degre maji ak pawòl melefik, pou atire kliyantèl la. Lòt komèsan vide matyè fekal moun (twalèt) ak pipi nan manje yo, ansanm ak kèk degre maji, pou atire kliyan. Pa favè Bondye, nan anpil peyi yo te demonte anpil rezo gwoup satanik sa yo.

Nou trè souvan wè bann ti komèsan, jeneralman espesyalize nan biznis manje tankou restoran, ti kafe, anba dwa, akoupi'm chaje'w ak lòt gagòt, fè yon foul

kliyantèl, nan pwèn kote pou mande kisa ki si bon ke yo prepare konsa sa a pou atire pil foul moun yo; se gwo degre maji ke yo fè, apre anpil kontra ke yo siyen avèk marabou. E sa ke y'ap fè moun manje, Bondye sèlman ki konnen.

Gen anpil egzanp ak temwayaj sou sijè sa a ke si nou te gen pou fè lis yo, ansèyman sa a ta trè long. Sepandan, kite m' ban nou dènye egzanp lan. Sa a se yon ka de kontaminasyon manje kounye a ki nan men lapolis nan Ilinwa nan Etazini. Yon jounal ameriken rapòte istwa twouban sa a ki te fèt nan yon lise nan Wheaton, nan Ilinwa 6 desanm 2006. Yon jèn liseyen ki gen 17 lane te ejakile an kachèt nan bwat sòs salad ki te dwe sèvi nan kafeterya a a midi sa a. Li te kenbe apre zak sa a, ak kesyon pa lapolis, li te admèt ak konfese enfòmasyon yo; men, nou pa konnen konbyen moun ki te manje sòs salad sa a.

Ka sa a, byen-neme, se jis yon gout nan lanmè a pa rapò ak bann milye ki fèt menm jan an, ke yo pa souvan kenbe yo. Men, si Senyè a pèmèt ka sa yo rive nan zòrèy nou, se pou nou ka kwè ke satan ak ajan l' yo, yo reyèlman an aksyon, e pou ke nou pran prekosyon nou. Tan yo, yo reyèlman fini e lènm an konnen ke li rete yon ti kal jou. Fè atansyon epi pa louvri okenn pòt pou li ankò menm pou fè inisye nou.

2.1.6.2- Bwason

2.1.6.2.1- Dlo komèsyal yo ke yo di ki se dlo mineral oswa ki se dlo sous

Nou menm tou nou te gen bann temwayaj ajan satan yo ki vide fatra yo (pipi, krache, swe ak lòt) nan dlo mineral ke moun yo ap achte ak bwè ak kè poze, panse ke yo fè fas ak dlo pwòp e byen trete. Si nou ka jwenn filtè filtre dlo nou, sa dwe ideyal. Sinon, li toujou pi bon pou bwè dlo tiyo ki pa filtre, olye ke yon dlo ke yo rele mineral oswa dlo trete, plen ak tout kalite fatra.

Nan rejyon yo kote anpil moun pa ka peye yon frijidè e retrouve pito ap achte swa dlo glase oswa glas pou glase dlo, nou bezwen tou dwe pran anpil prekosyon. Glas sa yo trè souvan yo soti nan mòg. Dlo glase yo kanta yo menm pafwa soti nan dlo fatra, oswa nan dlo sal. Se menm bagay la tou pou ji k'ap vann nan ti sachè glase yo oswa fre, nan plas piblik yo.

2.1.6.2.2- Ji ak lòt bwason chimik

Evite tou tout bagay sa yo bwason chimik ki gen koulè yo e sikre ke vrè konpozisyon an e pwosesis fabrikasyon an ta fè nou pè si yo te devwale yo ban nou. Tout coca-cola, fanta, sprite, youki, pepsi, top, malta ak lòt bwason gazez sa yo se jis bann bwason sal yo ye san okenn valè nitrisyonèl ke kontinye bwè yo pral detwi sante nou.

Ji fwi endistriyèl yo kanta yo menm te tèlman esterilize epi trete ke finalman sibstans natirèlman yo ki prezan nan fwi fre yo detwi nèt. Se sèlman yon fwa pare, ke yo ajoute nan bwason sa yo tout eleman yo ke fabrikasyon yo fè tèlman lwanj prezans ak kalite yo. Se konsa, pa bliye ke kèlkeswa non an (san pou san ji natirèl, san koloran oswa konsèvasyon, elatriye), reyalite a rete ke sa yo, se

fo bwason ke yo tout dilye ak kontamine nan tout kalite salte. Si nou vle bwè ji fwi, pou moun ki kapab peye yon blennè, li pi entèresan pou achte fwi yo epi fè pwòp ji fwi nou. Sinon, li toujou pi bon pou'w manje fwi a olye pou'w bwè li nan ji. Nou pral konsa chape anba anpil pyèj satan. **Sonje ke dlo a se pi bon bwason an.**

Konklizyon: Aprann prepare pwòp manje nou!

Kèk eleman ki site pi wo yo ase pou mennen nou pou konprann gravite mekanste ak malvèzasyon satan ak ajan li yo. Kouri pou tout lye piblik sa yo k'ap vann bann bagay ki tou pare pou manje. Konnen ke se bann salte ak pouriti ke n'ap konsome, e pa salte sa yo, nou fè yo inisye nou. Kontaminasyon sa yo ke n'ap vale yo se gwo pòt louvri pou satan nan lavi nou. Pou moun ki gen domestik, nou bezwen veye tou. Anpil domestik yo se gwo ajan satan, epi yo fè nou manje menm salte ak pouriti sa yo nan pwòp kay nou.

Nou dwe pirifye epi kouvri avèk san Jezi tout aliman ke nou achte sou mache a, epi evite tout sa ke nou ka evite. Si nou vle evite manje salte ak pouriti, kouri lwen restoran yo ak lòt manje y'ap vann nan lari yo oswa distribye nan plas piblik. **Konsome natirèl otan nou kapab.** Nenpòt bagay nou kapab fè nou menm, fè li. Kouri lwen tout bagay ki tou fèt pou manje.

2.1.7- Prete moun, prete nan men moun, kado ak rann sèvis

Mwen te chwazi pou trete prete yo, prete nan men moun yo, ak kado kòm yon tit apa nan bi pou atire atansyon nou. Pran sijè sa a trè oserye. Jeneralman yo pa konprann poukisa prete yo, prete nan men moun yo ak don yo ta dwe konstitye yon pòt louvri. Sonje byen-neme, ke lwa espirityèl yo pi wo pase lojik nou.

Yon prete nòmal se pa yon pwoblèm, yon prete nan men moun nòmal se pa yon pwoblèm, e yon kado nòmal se pa yon pwoblèm. Mwen vle di Pa "nòmal" isi a tout relasyon ki enplike yon moun nòmal, ki se moun ki pa gen okenn koneksyon ak mond satan an. Sa klèman vle di ke si nou prete yon moun oswa prete nan men yon moun oswa bay yon pitit Bondye yon bagay oswa ak yon moun nòmal ki pa yon ajan satan, sa pa ta dwe nan okenn fason vin yon pòt louvri.

Men, tout sa nou prete ajan satan yo, tout sa nou prete nan men yo, nenpòt kado ke nou resevwa nan men yo, ak tout sa nou ofri yo, se gwo pòt louvri pou degre maji ak pawòl malefik yo. Ajan satan yo pa janm manke opòtinite sa yo; yo eksplwate yo epi yo toujou sèvi ak yo kont nou. Pa janm tonbe ankò nan pèlen nan prete ajan satan yo, oswa prete nan men yo, oswa resevwa kado nan men yo, oswa ofri yo bagay.

Kite'm ban nou kèk egzanp konkrè. Lè nou prete bagay nan men ajan satan yo, bagay sa yo toujou pote malè pou nou. Si nou bezwen lajan, pa egzanp, pou fè yon komès, si nou prete lajan nan men yon ajan satan, komès sa a pap janm reyisi; epi yo pral menm mete nou nan touman. E si nou gen nenpòt ki pwojè, e pou reyalize li nou aksepte èd nan men ajan satan yo, nou mèt atann pwoblèm. Moun satan yo toujou reyisi nan konplo sa yo paske prete oswa èd la ke yo fè

nou yo, louvri yon pòt pou yo fè nou mal epi detwi biznis nou yo oswa pwojè nou yo. Se poutèt sa ajan satan yo toujou prese pou yo ofri nou yon prè oswa èd chak fwa nou nan bezwen; jeneralman pou kreye yon pòt louvri, epi kenbe nou prizonye. Pa aksepte èd sa a ki twò fasil e twò rapid ke satanis yo ofri nou. (A propo sa a, nou konseye nou pou li temwanyaj ki rele **"Revenan an"**, ke n'ap jwenn sou sit www.mcreveil.org a). Se menm jan pou swa dizan èd ke òganizasyon katolik yo mete a dispozisyon moun yo.

Nan menm fason an, lè nou ofri yo bagay yo, yo pral fè degre maji sou bagay sa yo, epi reyisi pou genyen nou. Se konsa, nou dwe pran anpil prekosyon nan rapò nou avèk moun satan yo ki bò kote nou. Sèvi ak disèneman pou detekte ajan satan yo ki fè tèt yo pase kòm kreyen epi yo rele tèt yo frè ak sè. Sou sa a, mwen pral pataje avèk nou temwayaj sa a ki gen rapò ak kado yo ke n'ap resevwa nan men ajan satan yo. Temwayaj sa a se de swadizan "sè nan Kris" nan yon swadizan asanble kreyen, yon legliz batis nan Monreyal nan Kanada.

Youn nan yo te dwe marye, epi te gen deja ròb maryaj la pare. Dezyèm lan, ki te yon koutiryè te ofri'l pou fè yon ròb maryaj pou li. Li te refize sou baz ke li te deja achte youn. "Sè" koutiryè a te ensiste pou mande l' si ròb maryaj la fè'l byen. Lè sa a, li te di l' ke ròb la te yon ti kras sere. Sè koutiryè a ofri pou fè ajisteman nan rad nòs la gratis pou li. Make pa "jantiyès" swadizan "sè nan Kris la", li te dakò e ba l' ròb la. Ki sa li pat konnen se ke sa yo rele "sè nan Kris la", lwen pou se yon sè janti ki te vle ede l', se te yon lougawou mechan ki te vle touye l', epi ki te sèlman ap chèche yon pòt pou rive jwenn li.

Yon fwa ke travay la te fini, li te pase nan atelye a pou mezire ròb ki te ajiste a. Li te mete ròb la e pou apresye travay ki fèt la, koutiryè lougawou a mande'l pou'l gade tèt li nan glas la ki te prepare pou fè sa a. Le pli vit ke li te kanpe devan glas sa a, li te santi yon doulè vyolan nan do li, tankou si li te resevwa yon flèch. Se te egzakteman sa ke li te ye; se te yon flèch satanik ki te jis frape li. Li te santi li tèlman mal ke li te kite atelye a. Depi jou sa a, soufrans pa janm kite li. Tout tantativ li fè pou te jwenn gerizon pat mache. Li menm te sibi operasyon chirijikal san siksè. Pita, li te mouri.

Si nou gade ti kras nan pase, nou va konprann pi fasil kèk nan bagay sa yo ke nou te souffri yo. Pou moun nan nou ki te resevwa èd nan men ajan satan nan divès sitiyasyon, oswa ki te ede yo, se ankò menm pi evidan. Pou konkli, sonje ke prete, prete nan men moun, kado ak objè nou te resevwa oswa ofri bay ajan dyab lougawou yo ak lòt ajan satan yo konstitye gwo pòt louvri pou satan. Evite bagay sa yo kounye a otan ke nou kapab.

Elèv yo bezwen pran prekosyon tou sou bagay y'ap prete kamarad klas yo, bagay y'ap prete nan men kamarad klas yo, ak bagay y'ap chanje avèk kamarad klas yo. Ajan satan yo ki nan mitan yo yo trè danjere, epi esplwate bagay sa yo pou fè degre maji kont kamarad yo pou yo pa reyisi nan egzamen yo. Se pou nou trè vijilan trè vijilan. Kèk nan echèk akademik nou yo soti tou nan ajan dyab lougawou ki te ban nou zouti lekòl tankou liv, oswa kaye nòt, oswa kreyon, oswa menm lajan pou frè lekòl. Se konsa, pran prekosyon ak sous finans ak ekipman nou yo: Detwi tout degre maji posib sou efè nou yo, ak sou tout bagay nou resevwa, e refize afè moun ke nou rekonèt kòm danjere.

2.1.8- Konpòtman

2.1.8.1- Salte ak dezòd

Salte ak dezòd se pòt louvri pou satan. Sa a se tou yon eleman de disènneman. Yon wo degre salte ak dezòd se yon siy pratik lougawou. Gen yon degre salte ak dezòd ke yon moun nòmal pa ka sipòte. Si nou rankontre moun ki konfòtab nan yon degre salte ak dezòd ensipòtab, konnen ke nou fè fas ak lougawou. Satan renmen sa ki sal, lèd, repinyan ak etranj. Si nou kenbe yon sèten nivo salte ak dezòd, nou va sètènman envite li. Se konsa, asire nou ke nou dwe pwòp, disipline, òganize ak lòd. Senyè a apwouve tout bagay sa yo.

2.1.8.2- Deviyasyon konpòtman yo

Yo konstitye pòt louvri pou satan. Chak fwa yon gason ap eseye fè tèt li yon fanm, oswa yon fanm ap eseye fè tèt li yon gason, yo se abominasyon pou Bondye, e konsa, bay satan aksè nan lavi yo. Pami deviyasyon sa yo nou ka site:

- Cheve long pou yon gason, e yon tèt kale pou yon fanm;
- Manke modesti nan rad (rad sere, rad ki revele yon bon pati nan kò a);
- Lefèt pou yon fanm pran otorite sou gason;
- Lefèt pou kontrefè (mete pantalon pou yon fanm, mete zanno pou yon gason, pandan ke menm fanm nan yo mande'l pou li debarase'l de yo, gen cheve trese pou yon gason, elatriye);
- Pèse kò ak tatouaj. Bib la di nou klèman nan Levitik 19:28 **"Piga nou make kò nou avèk kout kouto, ni pigas nou fè desen ak lank sou kò nou. Se mwen menm ki Senyè a!"**

2.1.8.3- Lamòd

Gen yon vag rad (jip, ròb, elatriye.), "modèl sirèn" pou fanm yo. Jip ki nòmalman koud nan ren an ak nan basen an, ki etwat nan direksyon jenou yo epi elaji ankò nan janm yo. Genyen tou tout gam soulye "modèl sirèn" ak fòm tèrib, bann soulye ak long pwent fen.

Lè nou mete tout kalite rad sa yo ak soulye sa yo, nou jis jwenn nou posede. Sa yo se rad ak soulye ki fèt ak tout degre maji posib. E depi bagay sa yo dedye pou lespri satanik yo, nou pa ka itilize yo epi chape. E tout moun ki kouri dèyè mòd tonbe nan pyèj sa yo. E moun ki di "mòd" di vanite, lògèy lavi ak egzijans lachè. Se piman satanik. Bagay senp yo ta dwe parèt senp pou nou pou konprann.

Yon fwa ankò, se pou fanm yo ki kwè ke yo se moun Bondye, siveye trè byen sou diferan tip ròb, jip, ou soulye yo ke y'ap achte. Nou gen pou remake ke nan Bib la, Senyè a pale avèk ensistans sou rad fanm yo. Se paske Bondye konnen ke fanm nan se yon enstriman sediksyon nan men satan. Fè atansyon pou nou pa janm yon pòt louvri pou satan menm ankò pa lanvi nou yo. Gason k'ap swiv mòd e kouri dèyè soulye ak long pwent fen gangstè oswa kòbòy yo pap chape non plis nan demon yo. Tout bagay sa yo se piman satanik. Pitit Bondye yo pa dwe mete yo.

Rad ki fèt ak twal pyese, koud yo ansanm, koupe e rekole ak plizyè kalite twal plizyè koulè ak rad ki koud lanvè se tout bann bagay dwòl pou nou evite. Bondye

te pèmèt ke se bagay ki, jis ak je toutouni, k'ap repouse nou. **Konnen ke tout bagay ki atire mond lan se yon abominasyon pou Bondye. Kòm mond lan kont Bondye, ka sèlman adore sa ke Bondye rayi.**

2.1.9- Lòt pòt louvri pa nou

Madichon yo ki soti nan erè nou yo oswa nan zak mekanste nou yo, lanvi, kontra, angajman ki pa respekte, pwomès ki pa akonpli, tradisyon (asosyasyon ak reyinyon monden yo), konstitye gwo pòt louvri pou satan.

Madichon ki pwononse kont tèt nou: Nou tande pa egzanp bann moun apre yon erè yo fè di: "O gad jan mwen bèt", "Mwen pa vo anyen", "Mwen pa bon pou fè anyen", "mwen nil". Tout madichon sa yo fè efè yo.

Move mo ke nou kite chape soti nan bouch nou: Sèman bèt yo, esklamasyon koryas, brèf, "mo sal" an jeneral, konstitye gwo pòt louvri.

Vizite sit touris tankou pak kote yo mete plizyè espès zannimo souvan sa ki sovaj yo (Zoo), Mize, simityè, tanp katolik, tanp boudis, lòt tanp relijye yo, tanp sèk yo, moske, pak atraksyon yo, fèt nan forè yo, sirk. Pitit Bondye yo k'ap travay nan kote sa yo dwe kouvri tèt yo ak san Jezi; e moun k'ap vizite kote sa yo, jis pou amizman, yo ekspoze.

Frekantasyon pisin yo, plaj yo, ak bann pak dlo yo.

Neglijans, manje san priye, mezire oswa mete rad san pirifye yo, kominikasyon avèk ajan dyab lougawou yo. Konnen ke menm avèk yon senp apèl telefòn, ajan dyab lougawou yo ka byen fasil rive jwenn nou.

Bougonnen: Chak fwa n'ap fè yon bagay pou Bondye, oswa n'ap pratike pawòl Bondye nan bougonnen, nou louvri pòt pou satan.

Sèten pratik tankou pran san ak bay moun san, medsin estetik, ensizyon ak eskarifikasyon, retire yon pati nan ògàn jenital nou (excisions), espò pwofesyonèl, konstitye tou pòt louvri.

Frekante fo legliz, yo se yon gwo pòt louvri; donk, fos doktrin nan konstitye an li menm yon gwo pòt louvri pou satan. Tout legliz yo ak lòt milye relijye ki te abandone verite a, se yon jaden amizman pou satan, yon tèren trè fèt pou tout degre maji li yo, ak inisasyon l' yo. Se toujou trè fasil pou satan angaje nouvo ajan nan legliz yo ki te abandone verite a, epi ki ap benyen nan fo levanjil la, nan konpwomizasyon an, ak nan levanjil pwosperite a.

Mesaj Senyè a klè: **"Soti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, mwen menm, m'a resevwa nou."** 2Korint 6:17. Si se reyèlman Bondye ke nou panse n'ap sèvi, soti nan tout fo legliz sa yo, epi chèche retrouve nou ak kèk frè k'ap cache sanntifikasyon.

"Piga nou twonpe tèt nou: move zanmi gate bon levasyon." 1Korintyen 15:33. Nou te konprann li. Pa tonbe menm ankò nan pèlen sediksyon an, nan kwè ke nou rete nan anviwònman sa yo nan bi pou chanje moun yo ki ladann yo. Konnen ke nou p'ap janm chanje yo pandan yo rete ladann, okontrè se yo menm ki pral chanje mou.

Pèmèt pastè ajan dyab lougawou sa yo mete men yo sou nou, mete men sou moun yo san disènneman konstitye anpil pòt louvri pou degre maji yo.

Seyans delivrans yo nan anpil fo legliz yo konstitye gwo pòt louvri pou satan. Plizyè ajan dyab lougawou yo rele pastè yo òganize sa yo rele "seyans delivrans", pandan moman sa a yo profite pou inisyè nan dyab tout moun k'ap vin chache delivrans. Se poutèt sa, nou dwe pran anpil prekosyon. Anvan nou ale nenpòt kote chache delivrans, asire nou ke moun nou pral kote yo, yo reyèlman ap sèvi Bondye.

Gen bann pratik yo rele espò anvan akouchman ak fizyoterapi apre akouchman, ofri gratis pa sèvis medikal yo. Li se yon espò swadizan pou ede fanm ansent yo kontwòle yo ak sipòte doulè a pandan akouchman an e byen vit reprann bon fonksyonman kò a apre akouchman an. Men pafwa li se tou senpleman yon fòm yoga ke yo pa di non an.

Tout metòd espò sa yo ke yo fè n'ap pratike yo se sous inisyasyon satanik pou mare nou ak demon yo, nou menm ak pitit ke n'ap pote a. Lè nou aksepte pou fè egzèsis sa yo nou ekspozè tèt nou paske nou volontèman siyen pak ak satan. Demon yo toujou pretann y'ap ede nou pou posede nou plis. Konbyen fanm an Frans ak nan lòt peyi atravè mond lan ki nan chèn satan akòz pratik abominab sa yo!

Nou priye nou, nou menm ki konprann siyifikasyon pòt louvri a, pou pataje ak pi plis moun kòm posib, ansèyman sa a pou yo ka chape nan kòd satan yo, yo menm ak timoun yo ki deja viktim nan degre maji sa yo.

Byen-neme, mwen jis ban nou yon lis bagay ki ka sèvi kòm pòt louvri pou satan. Mwen dwe di nou ke lis sa a pa konplè. Sa vle di ke genyen plizyè lòt bagay ki pa prezante isit la. Mwen pa pral gen tan pou eksplike poukisa ak ki jan chak nan bagay sa yo konstitye yon pòt louvri, otreman ansèyman sa a ta omwen kat fwa pi long pase jan li ye kounye a. Sepandan, mwen pral ba nou sekre a ki dwe ede nou detèmine si yon bagay oswa yon objè ka sèvi kòm yon pòt louvri oswa pa kapab.

Toujou mache sou prensip sa a: **"Nou gen dwa fè nenpòt bagay. Se sa yo di, epi se vre. Men, tout bagay pa bon pou fè. Nou gen dwa fè tout bagay, men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi nan konfyans nan Bondye."** 1Korinttyen 10:23. Chak fwa nou gen nenpòt dout sou yon objè oswa nenpòt lòt bagay, konnen ke nou jis gen yon ekwasyon pou rezoud: Sa pou detèmine swa itilite objè sa a, oswa nan konnen nan ki sa bagay sa a edifye nou. Vre pitit Bondye a dwe sèlman chèche sa ki edifye l' chak fwa. Nenpòt bagay ki initil pou nou, e nenpòt bagay ki pa edifye nou, se yon potansyèl pòt louvri pou satan. Si a koz lanvi a nou pito kenbe objè yo oswa bagay sa yo malgre initilite yo, se pou prepare nou pou souffri konsekans yo.

2.2- Pòt ki pa louvri pa nou

Gen lòt pòt louvri ki pa depann sou nou, e nou pa prensipal reskonsab, e sou yo nou prèske pa gen okenn kontwòl, men ke n'ap souffri. Pòt sa yo se notamman

bann lyen ak lòt kontra ki te fèt kont nou san nou pa konnen, (swa pa paran nou yo, oswa pa zansèt nou yo, oswa pa moun enkoni ak nou). Gen pami lòt yo, non ke nou pote yo, lyen ereditè yo, soti nan sèten fanmi oswa sèten bouk, siksesyon, eritaj, tradisyon, inisyasyon yo, ensizyon yo ak retire yon pati nan ògàn jenital nou e koupe gad, rejè, madichon, swisid ak pandezon nan desandans, fos kouch, maji nan paran yo ak gran paran yo, ak tantativ avòtman (si manman ou te eseye jete'w, ou otomatikman posede).

Genyen tou lòt evènman lavi a ki pa twò depandan de volonte nou. Sa a se ka divòs paran nou yo (divòs yo konstitye pòt louvri nan lavi moun ki konsène yo ak pitit yo); relasyon kase tankou angajman kase kont volonte nou; kadejak (si yo te fè kadejak sou ou, ou otomatikman posede; e si ou te fèt kòm yon rezilta kadejak, se menm bagay la tou), ak dòt nan kèk ka, yo fè pati gwoup sa a.

Mwen ta renmen bay plis eksplikasyon sou sèten pwèn yo ki mansyone isit la kòm pòt louvri ki pa depann de nou:

2.2.1- Non

Non ak premye non yo konstitye tou trè souvan pòt louvri. Malè sèten moun soti nan non ke yo pote yo. Soti nan orijin yo e/oswa siyifikasyon yo, non sa yo pafwa se reyèl pòt louvri nan lavi yo.

Sèten non oswa premye non yo bay timoun yo se non demon. Nan sèten rejyon nan mond lan, paran yo nan inyorans yo, bay pitit yo non fetich yo, kwè yo fè yo kèk onè oubyen kwè yo dwe yo kèk rekonesans. Inyore ke fetich sa yo pa anyen ke bann demon, yo konsidere yo kòm "fetich pwoteksyon" nan kay yo oswa vilaj yo. Nan bay timoun yo non sa yo, sa yo inyore se ke sa yo se kontra ke yo siyen ant pitit yo ak mond fènwa a; paske se reyèlman ak bann demon ke yo dedye epi konfye pitit yo. Ak sa yo pral souffri tout lavi yo nan lyen satan san yo pa konprann sa k'ap pase yo. E menm lè moun sa yo aksepte Jezi Kris, se pa otomatikman ke lyen sa yo kase. Kontra yo ki te siyen yo yo dwe anile, epi nan kèk ka non yo dwe chanje nèt.

Lòt se non bèt oswa non pou evènman malere oswa sikonstans lapenn yo nan lavi. Genyen tou ka sèten gason ki bay pitit fi yo non fanm yo te renmen e/oswa te vle marye san yo pat kapab fè sa.

Prenon gason yo bay fi oswa prenon fi yo bay gason yo, se anpil pòt louvri tou.

2.2.2- Fè pati sèten fanmi oswa sèten bouk

Gen bann reyalite oswa istwa ki gen konsekans enfluyans epi swiv chak manm nan sèten fanmi, oswa chak sitwayen nan sèten bouk. Reyalite a senp nan fè pati vilaj sa a oswa fanmi sa a konstitye yon lyen madichon ki dwe kase. Sa yo ka istwa trè ansyen, nan vilaj la oswa nan fanmi an, ki te mennen nan pratik satanik, ki te vin tounen yon tradisyon pase soti nan yon jenerasyon ak yon lòt jenerasyon nan fanmi an oswa vilaj la. Sa yo ka tou seremoni bay dyab manje ki pran plas nan okazyon yo tankou nesans, maryaj, lanmò (sitou lanmò trajik), seremoni vèv, pèdi yon objè, elatriye.

2.2.3- Dòt

A koz divès kalite alyans ki sele pandan dòt la, li ka konstitye yon pòt louvri. E selon ki kalite lyen ki te etabli yo, pafwa konsekans alyans sa yo ale soti nan jenerasyon an jenerasyon, jouk jou kote pa favè Bondye yo pral kase yo.

2.2.4- Rejè

Timoun ki te rejte nan yon fason oswa yon lòt, yo jwenn tèt yo nan kategori sa a. Si paran nou te gen ti entansyon pou jete'w nan vant, entansyon sa a louvri pòt pou lespri rejè yo ki gen pouvwa antre enstale nan nou epi detwi lavi nou. Se menm jan an pou timoun yo pat dezire fèt. Ka sa yo trè komen: Lè paran yo pa ap tann yon timoun, e timoun nan vini kont atann yo e dezi yo, timoun nan anjeneral mal akeyi, e rejè sa a louvri pòt pou satan nan lavi l'. Se menm bagay la lè paran yo atann oswa vle yon ti gason men se yon ti fi ki fèt, e vise vèsa. Se ka menm jan pou òfelen yo ki te rejte oubyen maltrete pa moun ki te leve yo a. Tout fòm rejè sa yo konstitye tèrib pòt louvri pou demon yo.

2.2.5- Relasyon kase

Lè nou bati kèk espwa sou yon relasyon e pou yon rezon ki fèt oswa pou yon lòt li kase, li mennen yon chòk emosyonèl nan nou. Chòk sa a, bezwen byen jere, si se pa sa l'ap kite sikatris nan nou k'ap konstitiye bann pòt louvri. Paske nenpòt ki chòk (fizik oswa emosyonèl) se yon pòt louvri paske satan eksplwate li nan yon fason oswa nan yon lòt pou fè moun mal. Sa a se rezon ki fè aksidan yo tou konstitiye pòt louvri.

Menm an deyò bann chòk ki te kreye yo, nenpòt ki relasyon ki enplike tout souvni nan tout moman ki sot pase yo, echanj yo, pwomès yo, lyen ki te mare yo ak aksyon ki te antreprann ansanm yo. Sa a se rezon ki fè ke anpil relasyon vin kan menm kontra siyen, nan yon fason oubyen yon lòt e se konsa pòt yo louvri lè kontra sa yo vyole. Se poutèt sa, lè nou kraze yo, nou dwe pran tout prekosyon pou fèmen tout pòt yo ki te louvri yo.

Sepandan, relasyon oswa fiyansay yo ke nou volontèman kraze pa antre nan kad sa a. Sa a se pafwa ka lè pandan fiyansay la nou dekouvri bann aspè nan lavi patnè a ki konstitiye yon danje reyèl pou nou. Nan ka sa a, li se separasyon ki fè pati sanntifikasyon nou. Senyè a ap tann pou nou koupe tout relasyon ki pa pote nou anyen e ki pa glorifye Li.

3- ATAK

Atak satan yo kont moun an jeneral, e kont pèp Bondye a an patikilye, yo miltip. Mwen pa pral site chak ka atak yo oswa chak egzanp atak yo, men mwen pral ba nou kèk eleman ki pral fè nou reveye ase pou goumen, e pa janm viktim dominasyon satan menm ankò. Pami atak sa yo nou ka site: Atak lannwit, atak fizik, degre maji yo, madichon, aksidan, maladi, elatriye.

3.1- Atak lannwit

Konnen ke moman dòmi nou yo se sèl vrè moman favorab pou satan pou atak yo. Se sèlman lè n'ap dòmi ke tout atak satan yo kont nou ka reyisi. Èske Senyè a pat rekòmande nou pou nou **veye e priye pou nou pa tonbe anba**

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

tantasyon? Matye 26:41. Se poutèt sa se nan rèv ke nou soufri pi gwo kantite atak ki soti nan satan ak ajan l' yo.

Gen plizyè kalite rèv, ke mwen jwenn li pi bon pou gwoupe nan twa kategori: Rèv ki vin jwenn nou ki soti nan Bondye, sa yo ki soti nan nou, e sa yo ki soti nan satan. Se twazyèm kategori sa a ki enterese nou nan ansèyman sa a.

Tout vye rèv ke nou souvan genyen e ke nou rele move rèv yo oswa ke nou kwè yo se bann kochma, se atak satan yo ye. A koz de inyorans, frè yo neglijè atak sa yo, e yo soufri nan reyalite. Nan mitan rèv sa yo, gen rèv nan yo nou konn wè moun ki deja mouri, rèv nan yo y'ap oprese nou, rèv nan yo ke nou ap manje oswa n'ap bwè, rèv nan yo ke nou wè nou atake pa bann bèt, rèv nan yo nou wè yon chen oswa yon koulèv mòde nou rèv nan yo nou wè n'ap konpoze nan egzamen ke nou te deja pase, rèv kote nou wè nou chita sou ban lekòl nan yon klas ke nou te deja fè nan pase, rèv kote y'ap kouri dèyè nou, rèv nan yo nou wè ke nou ansent, oswa ap akouche, oswa ap bay timoun tete (pou fanm yo), rèv nan yo nou wè nou nan fè sèks, rèv nan yo nou wè n'ap marye, rèv nan yo nou wè n'ap grenpe yon mòn trè apik, nan batay, rèv nan yo nou wè nou nan forè, oswa nan naje nan dlo, oswa viktim yon aksidan trafik, oswa tonbe libman, oswa ke y'ap kouri dèyè nou san nou pa kapab avanse, oswa nan yon antèman, oswa nan bann reyinyon, elatriye. Lis la long. Nou pa pwal trete chak kalite rèv apa, otreman ansèyman an ta twò long.

Sonje ke chak fwa nou te gen kalite atak sa yo, nou te frappe pa flèch satan yo. Menm si li souvan sanble yo dwe yon senp rèv, se pito yon operasyon siksè ki fèt pa satan kont lavi nou. Nou dwe aji imedyatman. E lè nan inyorans nou oswa neglijans nou, nou pa fè anyen, nou soufri efè atak sa yo nan reyalite, sa vle di, nan mond fizik la. Kite m' ba nou kèk egzanp:

Pafwa pitit Bondye yo nan yon rèv wè y'ap komèt adiltè oswa fònikasyon oswa kèk lòt peche seksyèl. Yo panike nan rèv la pou peche sa a ke yo trouve ki òrib. Le pli vit ke yo reveye, yo fè lwanj Bondye e yo di, "Erezman, li te jis yon kochma." Nan inyorans yo, yo pa fè anyen, yo pa konprann ke yo te resevwa yon tèrib flèch satan. Kèk semèn oswa mwa pita, yo retrouve yo ap komèt peche sa a nan reyalite, epi kòmanse mande sa k'ap pase yo. Kisa k'ap pase isit la se ke, flèch yo te resevwa yo te reyèl, men yo te panse yo te fè fas ak yon senp kochma. Si nou egzaminen ka pitit Bondye yo ki te komèt adiltè oswa fònikasyon, n'ap wè ke majorite nan ka sa yo, yo se atak lannwit ki te neglijè, ki te vire nan atak reyèl.

Pafwa tou pitit Bondye yo nan yon rèv trouve y'ap manje oswa bwè, swa nan seremoni oswa nan divès okazyon. Osito ke yo reveye yo, yo pa fè okenn ka. Pou yo li te jis yon bagay nòmal. Genyen menm kèk moun ki kontan di ke yo te nan yon fèt e ke yo te byen manje. Yo pa konnen ke ajan satan yo te rive jwenn yo ak pwazon yo a. Kèk tan apre, yo jwenn tèt yo ap soufri maladi nan tout kalite, epi kòmanse mande sa k'ap pase yo. Pwazon an ke yo te vale e pat anile yo pa lapriyè, panse ke li te manje oswa bwason sante, se te yon grav pwazon. Anpil nan moun ki gen maladi ki pa ka eksplike epi ki pèsiste, se ka sa yo.

Pafwa ankò pitit Bondye yo nan yon rèv yo atake nan pwen pou santi reyèl doulè le pli vit ke yo reveye. Isit la tou se bann ka grav, epi si batay la pa fèt nan bon fason, konsekans yo gen anpil chans pou yo grav. Li ka se bann opresyon, batay,

mòde koulèv, oswa chen, oswa lòt bèt, flèch ak bal resevwa nan rèv, elatriye. Ka sa yo dwe pran trè oserye.

Fanm ki wè yo ansent, oswa ap akouche oswa ap bay timoun tete nan rèv, dwe konprann ke tout bagay yo ke yo te wè y'ap fè yo, se jeneralman yon reyalite nan mond fènwa yo. Se poutèt sa gen anpil fanm nan mond reyèl sa a ki gen timoun nan mond fènwa yo. Nan menm fason an lè nou trouve n'ap marye nan rèv yo, li se souvan maryaj reyèl nan mond esprityèl la. Plizyè moun sou latè gen patnè nan mond fènwa yo: Se sa ki jistifye sèten abi seksyèl ke moun yo viktim nan rèv yo.

Gen anpil lòt egzanp; nou pa ka site tout. Nou dwe sonje ke sa ke nou jeneralman rele senp rèv oswa kochma yo, yo trè souvan se bann atak sikse pa ajan satan kont nou.

Èske figi yo nou wè nan atak sa yo se vrè figi moun ki te atake nou yo? Repons lan se wi ak non. Trè souvan Senyè a revele nou figi ajan satan yo ki atake nou yo. Men, souvan satan tou reyisi pou sèvi avèk figi bann moun ki pa enplike nan atak sa yo, pou konfonn nou, ak simen konfizyon nan lespri nou. Nou dwe trè vijilan, epi nou pa dwe nan prese trase konklizyon san disèneman. Se poutèt sa ke youn nan pwèn konba ke pitit Bondye yo dwe mennen, se toujou pou kouvri imaj yo pa san Jezi, pou ke satan ak moun li yo pa kapab sèvi ak yo.

An konklizyon, sonje ke chak fwa nou te atake nan yon rèv, le pli vit ke nou leve, konbat imedyatman. Pa neglije anyen, epi pa ranvwaye lapriyè a pou pita. Priye imedyatman pou anile tout efè atak sa yo sou nou, epi kouvri tèt nou pa presye san Jezi Kris. Lè sa a, voye dife Bondye pou detwi tout demon sa yo ki te atake nou yo nan rèv la. Si nou pran konba sa a oserye, pou frape chak fwa jan li dwe ye demon yo ki atake nou yo, pwochen demon yo ke satan ap voye kote nou, yo pral panse de fwa anvan yo apwoche nou. Nou dwe goumen nan yon fason pou demon yo konprann ke yo pa ka atake nou e chape.

3.2- Atak fizik

Agresyon yo, destriksyon yo ak vòlè byen nou yo, ensilt yo, piki yo ak bèt mòde yo, jete objè sou nou tankou ze, wòch, elatriye, konstitye bann atak fizik yo ki soti nan satan kont nou. Nou dwe pran chak kalite atak oserye, epi konbat san pitye. Atak sa yo, byen ke yo fizik, se anvan tou bann atak esprityèl. Pou rezon sa a, pa janm tonbe nan pyèj pou reponn fizikman.

"Si yon moun fè nou mal, pa chache fè l' mal tou. Chache fè sa ki byen nan je tout moun. Fè tou sa nou kapab pou nou viv byen ak tout moun mezi nou wè nou ka fè li. Mezanmi, pa tire revanj. Men, kite kòlè Bondye fè travay li; paske men sa ki ekri nan Liv la: Se mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se mwen menm sèl ki va bay moun sa yo merite. Se Bondye menm ki di sa." Rom 12:17-19.

Si nou viktim yon vòl, kouvri tout objè ke yo te vòlè yo pa san Jezi Kris. Ajan satan ka tou sèvi ak bagay sa yo pou rive jwenn nou.

Gen tout menm bagay la tou yon aspè nan atak fizik sa yo sou li mwen ta vle ensiste, li se riz satanis yo, k'ap siveye moun nan kote ki sere, pou fwote kò yo sou yo nan bi pou fè degre maji sou yo. Trè souvan lè nou ale nan mache yo, oswa lòt kote ki gen anpil moun, genyen plizyè satanis ki pran avantaj anbouteyaj moun sa a, pou fwote kò yo sou nou. Fè atansyon, jès sa yo pa inonsan ditou. Sa yo se pratik satanik ke ajan satan sa yo ap eseye fè sou nou. Lè nou wè kalite jès sispèk sa a, byen vit konsime pa dife Bondye tout degre maji yo ki te fè kont nou yo, epi kouvri tèt nou pa san Jezi. Satanis yo esplwate kote tankou mache yo, bis yo, metwo yo, tren yo, ak kote amizman, pou jan de pratik sa yo.

3.3- Atak nan panse nou

Panse nou yo se chèn gwo atak satanik. Satan ak ajan li yo toujou ap fè bann degre maji kont panse nou, pou yo ka sal tout panse nou, san rete. Nou dwe veye sou panse nou yo e konbat pou kenbe yo toujou pwòp. Sonje ke nou gen pouvwa sou panse nou. Se ak nou menm pou soumèt panse nou a Sentespri a, reziste kont move panse yo e kontre kare yo nan non Jezi Kris.

"Pou fini, frè m' yo, mete lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bèl, ki p'ap fè nou wont." Filip 4:8.

Epitou konnen ke tout panse move sa yo ak tout rezonman malsen ke nou resevwa chak fwa yo, yo se an reyalite dyalòg ak konvèzasyon ke nou gen ak demon yo. Lè nou kòmanse ap anmède nan panse nou, konnen ke demon yo la, trè pre nou, ap enjekte degre maji nan panse nou. Yo reyèlman la, tou pre nou tankou ak moun ke n'ap diskite souvan, sèl diferans lan se ke nou pa wè yo. Yo pale ak nou, fè nou reflechi, e repons yo ke nou kwè ki vini yo nan panse yo, se an reyalite repons a kesyon demon yo. Men, lè nou pa konn pran otorite sou move panse sa yo, nou fini pèdi pa yo. Nou dwe konbat san pèdi tan, frappe demon sa yo avèk dife Bondye nan non Jezi Kris; answit, kouvri panse nou pa san Senyè a. Sa a se ki jan nou dwe konbat: ***Nou demon yo k'ap sal panse mwen, mwen detwi nou pa dife Bondye nan non Jezi Kris. Mwen libere panse mwen yo, epi mwen kouvri yo pa presye san Jezi Kris.***

3.4- Degre maji yo

Aparisyon bèt nan kay la tankou abèy, gèp, ravèt, moustik, pou, mouch, milpat, sourit, tòti, kalmason, zenrakrab, ak lòt, se yon lòt fason itilize pa satan ak ajan li yo pou rive jwenn nou. Nou dwe konbat bagay sa yo nan lapriyè, nan frappe bèt satanik sa yo ak dife Bondye nan non Jezi Kris, ak nan fèmen pòt yo te itilize yo. Touye yo fizikman e boule yo si sa posib.

Fetich sou wout yo, bèt ki travèse devan nou sou chemen nou yo, moun kap pipi san yo pa jennen nan kote ki louvri, se kantite degre maji ki soti nan satan ke nou dwe pa minimize. Se konsa, nou dwe anile yo tout.

3.5- Madichon

Byen-neme, aprann pou fè atansyon a tout move pawòl e/oswa madichon ke yo prononse sou nou pa moun ou pa nou menm. Li rive souvan apre sèten diskisyon, ke moun yo lanse sou nou bann pawòl tankou: "ou pral wè!" oswa "bagay sa a pral rive ou!" oswa "Mwen pral pran'w!", elatriye. Epi pafwa se sèten

paran ki nan kòlè yo di nou "Ou p'ap janm reyisi!"; "Ou pap janm posede anyen nan lavi ou!" elatriye. Konnen ke tout pawòl sa yo se gwo degre maji ak pawòl malefik yo ye, ke nou dwe anile imedyatman anvan nou kite plas diskisyon an.

M'ap presize ke nou dwe anile yo **sou plas**, nan non Jezi Kris. Men, si nou bliye anile yo sou plas, fè li le pli vit ke nou sonje. Si nou neglije epi bliye anile yo, nou pral souffri nan reyalite. Chak fwa mwen bay ansèyman sa a, toujou genyen plizyè temwayaj ki vin konfime li. Mwen pral pataje avèk nou youn nan temwayaj sa yo. Se sa de yon fanm ki te madichonnen pa papa li poutèt li te dezobeyi. Papa l' te voye'l fè yon komisyon, li te refize. Lè sa a, nonm mechan sa a di l': "Ou p'ap janm pote timoun sou janm ou".

Fanm sa a ki pa t' konnen Senyè a, pa t' janm konprann ke yon malediksyon konsa bezwen kase. E menm si li te konnen ke degre maji sa a ak pawòl malefik sa a te bezwen pou yo anile li, li dwe pat kapab fè sa, paske se sèlman nan non Jezi Kris ke li ka fèt. Li pa t' gen Jezi. Li te nan jenès li, li te grandi, te marye. Li te gen sèt a uit gwosès ki pa janm rive nan tè. Se konsa li te rete san timoun apre apeprè uit vrè gwosès. Men mechanste moun. Zannimo sa a poutan te papa l'. Konprann ankò isit la ke fanmi chanèl se pa yon fanmi ditou. Madichon sa a te ka sèlman sispann si fanm sa a te rankontre ak Senyè a antretan. Frè yo ta lè sa a konprann sitiyasyon sa a, epi ta anile tout bagay nan non Jezi. Malerezman, li pa janm te rankontre Kris.

Nou dwe evite otan ke nou kapab, pou pa gen chirepit. Ajan satan yo toujou esplwate moman sa yo nan chirepit yo pou kreye kèk pòt e atenn nou. Se poutèt sa yo pwovoke nou trè souvan. Lè yon fwa nou pote ale nan kòlè, nou sede ak joure, yon pòt ouvè, e yo ka aji. Se konsa nou dwe evite mele nou nan chirepit yo; epi si sa rive, asire nou anile tout move pawòl ke yo adrese nou, epi fèmen tout pòt louvri yo. Nou pral li nan fen ansèyman sa a ki jan pou fèmen pòt louvri yo.

Genyen tou jès yo ki konstitye bann gwo madichon ak degre maji, ke nou dwe pran trè oserye. Sa a se ka fanm k'ap dezabiye yo pasyèlman oswa totalman devan moun yo pou yo ba yo madichon. Kenbe nan tèt nou ke tout fanm ki angaje yo nan pratik sa yo se vrè lougawou. Pa souzestime degre maji yo a, sinon nou ap regrèt sa. Anile tout degre maji yo a ak tout madichon yo imedyatman, nan non Jezi Kris.

3.6- Pawòl yo

Pawòl sediksyon yo tankou: Cheri mwen, madanm mwen, cheri mwen, mari mwen (tandiske se pa pwòp madanm li oswa pwòp mari li).

Pawòl flate: Gran frè, chèf, gran sè (alò se ta an reyalite ak yon pi piti pase nou n'ap pale).

Sèten konpliman: Ou trè bèl (fanm), ou atiran, ou bèl (gason), ou sedwizan, ...

Ti non tankou: Bebe (ki rete jouk nan laj granmoun), granmoun (pandan ke an reyalite n'ap pale ak yon timoun oswa yon pi piti), manman m ' ou manmi (lè

yon fanm ki adrese yon ti fi, osinon yon gason adrese ak yon fi ke li amoure ki pa manman'l), Matlòt (lè an reyalite moun konsène yo pa sa vrèman), non bèt (ti non ant gason pou pale sou fòs yo oswa yon aspè patikilye nan pèsonalite yo) ...

Mo ki diskredite: Ou pa bon pou anyen, ak lòt fòm mokri.

Nan sans sa a, mwen ta renmen ba nou yon **temwayaj**. Li se ka a yon sè ki regilyèman te soufri atak lannwit sou fòm abi seksyèl. Li te priye ak mennen yon batay kont satan pandan l'ap siplye Senyè a pou revele li sa ki te ka bay yon aksè konsa a satan sou lavi'l. Yon jou swa, lè menm sèn nan te rive ankò, li te rekonèt figi yon granmoun ki te rete nan katye li a. An reyalite, granmoun sa a te gen abitud pase tan chita devan pòt li ap gade moun k ap vini e ale. Sè a, chak fwa li te pase la, tap salye li epi li tap resevwa bonjou l' tou. Vye granmoun lan te gen abitud pou di l': "Èske'w byen, cheri mwen?" e li menm, pa politès, tap reponn wi. Lè, pa favè Bondye, li te rekonèt nan mesye sa a, otè abi lannwit li a, li t'ap chache konprann poukisa se te mesye sa a; e li te pran yon moman jèn. Se lè sa a Senyè a te revele l' ke nonm sa a te yon lougawou. Se poutèt sa, mo "cheri mwen an" ke li te itilize a pat senp.

Yon lòt lè, lè li tap pase pa la, lougawou sa a, kòm dabitid, mande l': "Ki jan ou ye cheri mwen?" Li te reprimande seryezman lougawou sa a, li te avèti'l, epi li te di li se dènye fwa li te adrese li nan fason sa a. Depi jou sa a, atak lannwit li yo sispann definitivman.

Konnen, byen-neme, ke kèk nan mo sa yo ki parèt inonsan oswa reyèlman inonsan, yo se vrè degre maji depann de moun ki pwononse yo a. Lè mo sa yo soti nan moun ki nòmal, li prèske san danje. Men, lè yo soti nan satanis yo, yo se gwo pyèj. Nou dwe pran anpil prekosyon ak tout pawòl sediksyon, flate ak lòt sa yo. Nou dwe pran anpil prekosyon pou nou pa valide yo san nou pa panse.

3.7- Aksidan

Tout aksidan ke nou wè e ke nou tande pale de yo, kit se avyon, machin, tren oswa nenpòt ki aksidan an, kit li dirije kont pitit Bondye yo oswa kont moun ki nan mond sa a, yo se travay satan ak ajan li yo. Sa yo se tout sijè konba.

3.8- Maladi

Chak fwa ke satan ak ajan li yo kapab, yo frape nou ak tout kalite maladi. Nou dwe poutèt sa, konnen ki jan yo reziste yo pa lafwa ak pa lapriyè, e priye san rete pou sante nou, ak sante lòt pitit Bondye yo ak sèvitè Bondye yo. Pa tonbe nan pèlen abandone lafwa pou kouri nan lopital chak fwa. Plis toujou, pitit Bondye yo abandone lafwa a, epi chak fwa yo pare pou ale nan lopital yo, pou nenpòt ti maladi. Sa a ankò se yon gwo riz satan. Pa bliye ke lopital rete yon gwo pòt louvri pou satan, avèk anpil pratik abominab yo ki fèt la. Lè lafwa nou pa ase pou geri nou, rele lòt frè yo, epi ansanm kriye bay Senyè a.

4- KONBA

Nan pati sa a nan ansèyman an, mwen pral wè avèk nou ki sa sa vle di konbat, epi sitou ki jan yo konbat epi pou dwe viktorye, nan non Senyè Jezi Kris.

4.1- Ki sa konbat la vle di

Premyèman, konbat konsiste yon kote, pou veye pou pa louvri pou satan, divès kalite pòt yo ke nou te site yo, e sou lòt kote a, pou fèmen pòt sa yo nan ka ke yo te deja louvri: Sa a se sa mwen rele premye nivo konba a. Premye nivo konba sa a dwe mennen pa **tout** pitit Bondye yo, san okenn eksepsyon; donk libète espiyèl nou ak siviv nou depann de li. **"Madichon pou moun ki derefize touye nan lagè a!"** Jeremi 48:10.

Dezyèmman, konba a konsiste nan opoze kont satan ak ajan li yo nan aksyon kriminel yo a nan mond sa a, pou yo sispann yo, si non ralanti yo nan projè destriksyon yo a. Sa a se sa mwen rele dezyèm nivo konba a. Chak pitit Bondye ki angaje pou viv yon lavi nan santifikasyon dwe kapab mennen konba sa a.

E anfen nan yon twazyèm tan, konbat ta konsiste pou kanpe kont otorite satan nan non Senyè Jezi Kris, nan objektif pou libere kaptif yo, ak mete nan libète moun ki toujou nan divès lyen ak chèn satanik. Nivo konba sa a dwe mennen sèlman pa gason, e gason ki byen fèm etabli nan Senyè a. Se dènye aspè konba sa a ke mwen pa souvan ansenye pou tout kretyen, pou ke moun ki fèb yo pa fè satan detwi yo. Pou menm rezon an, mwen pa pral devlope aspè konba sa a nan ansèyman sa a.

Sa klèman vle di ke, nan kad ansèyman sa a, mwen pral limite tèt mwen sèlman nan kalite konba ke chak vrè pitit Bondye ka mennen. Nan lòt mo, konba a jan li ap etidye nan ansèyman sa a, ka mennen pa tout vrè pitit Bondye angaje, gason ak fanm.

4.2- Pran prekosyon nou ak mantè yo

Kèk ajan satan nan riz yo pral di nou ke Senyè Jezi Kris te deja fè tout bagay, ke Li te akonpli tout bagay sou kwa a, ke Li te deja libere tout kaptif yo, li mete nan libète moun ki te nan chèn yo, e yo pral raple nou ke nou pa gen anyen plis pou fè. ***Mwen pran opòtinite nan nivo sa a pou ba nou yon lòt eleman disèneman. Nou pral rekonèt ajan satan sa yo nan mitan nou, pa kalite langaj sediksyon sa a, rezonman avèk riz, e bay yon lenpresyon inosans ak nayivte.***

Pa tonbe nan pèlen demon sa yo. Yo konnen sa yo ap fè yo. Yo pa nayif jan nou panse a. Pawòl yo se vrè pwazon, tèrib degre maji. Chak fwa nou ansenye sou konba a, yo fè efò pou tounen ansèyman an nan yon bagay banal, pou sal panse moun ki fèb yo pa bay lenpresyon ke konbat se ta souffri pou initilman paske Jezi ta deja fè tout bagay.

Lè nou pale sou atak lannwit, yo di nou se pa nòmal pou di ke yon pitit Bondye ka toujou dwe atake pa satan, tandiske nou kouvri pa san Jezi. Yo sal panse moun ki fèb yo nan bay enpresyon ke lefèt pou kouvri pa san Jezi pwoteje pitit Bondye yo kont tout atak.

Lè yo ankouraje nou pou kouri pou pafen, menm twonpè sa yo mande nou poukisa nou "entèdi" pafen lè Jezi Li menm te di pou pafimen tèt nou lè nou ap

fè jèn. Nou pa entèdi pafen, nou ankouraje pitit Bondye yo ki vle sanktifye tèt yo pou yo kouri soti nan lanvi mond lan. Moun ki vle fè tèt di yo, yo lib pou fè sa. Si Bondye Li menm kite pou tout moun obeyi oswa yo pa obeyi, se pa nou ki pral fè kontrè a. Se pou vrè pitit Bondye yo konprann ke yo dwe kouri pou pafen.

Li vrèman etonan pou wè kijan moun sa yo toujou jwenn rezon pou distrè ak devye pitit Bondye yo. Matye 6:17 di: **"Men ou menm, lè w'ap fè jèn, penyen tèt ou byen penyen, lave figi ou byen lave."** Nan sèten vèsyon franse nan Bib la, li di nan vèsè sa a ke: **"Men ou menm, lè w'ap fè jèn, pafimen tèt ou epi lave figi ou."** Kòm nou ka reyalize, kontèks ke Senyè a pale isit la pa gen anyen pou wè ak itilize pafen. Menm moun ki pi inyoran pa ka jwenn okenn pwoblèm nan pasaj sa a, sitou lè yo li tout mesaj Senyè a. E nou menm konnen ke depi ke n'ap fè jèn, nou pa janm mete pafen sou tèt nou oswa penyen tèt nou nan sans chanèl tèm nan.

M'ap profite isi a pou fè presizyon sa a, mo "pafen" isi a, vle di "wenn", ou "mete lwil sou". Sa pa gen anyen pou wè ak itilizasyon yon pafen kèlkonk. Nan li menm vèsè sa a nan bann lòt vèsyon Bib franse, Tronpè sa yo ka sèlman konfi e fèmen bouch yo. Men sa ke vèsyon Martin, Darby, ak Osterval di: Men ou menm, kan w'ap fè jèn, wenn, tèt ou ak lave figi'w. Vèsyon angle yo deja pa menm gen pwoblèm sa a, yo tout pale pou "wenn tèt" ou "pou mete lwil sou tèt".

Se konsa, fè atansyon! Moun ki gen kè ki pa byen dispoze yo, ki pa pare pou mete pawòl Bondye a an pratik, pa janm manke agiman pou sedwi tèt yo ak sedwi lòt moun. Si nou vle avanse pou pi devan ak Bondye, kouri pou tout mantè sa yo. Lè nou mande pitit Bondye yo pou yo distanse tèt yo ak ajan dyab lougawou yo e pou evite tout lyen avèk ajan dyab lougawou yo, ajan satan yo di nou ke li etonan pou wè pitit Bondye yo ap kouri pou ajan dyab lougawou, tandiske Jezi ta ba yo tout pouvwa pou delivre tout ajan dyab lougawou yo.

Yo demontre nou ke "Bondye, Toupisan an, ki te fè syèl la ak latè a, ki se mèt tout bagay, pa ka pèdi yon bagay ki pou Li e ke Li kenbe." Yo di nou ke "nou ka dòmi sou menm kabann ak satan an pèsonn, e nou ka ale kote yon fanm menm si li se bra dwat dirèk satan, osi lontan ke nou fidèl a Bondye nou an, paske Bondye pap janm pèmèt ke yon grenn cheve nou tonbe!"

Pawòl sediksyon sa yo, plen ak fyète ak fo asirans, yo absoliman san sans pou moun ki gen disènneman; paske moun ki vrèman fidèl a Bondye yo, p'ap janm pran risk pou "dòmi sou menm kabann ak satan an pèsonn", epi yo p'ap janm tante Bondye nan ale vè yon fanm lè yo konnen ke li se "bra dwat dirèk satan". Li osi senp ke sa. Bondye nan renmen L' toujou fè sotiz moun sa yo trè parèt, Yo toujou panse yo konnen menm jan ak nou, men, yo pa janm konprann sa yo di oswa sa yo afime.

Kite m' raple demon sa yo ke "Bondye, Toupisan an, sila ki te fè syèl la ak tè a, ki mèt tout bagay la", te "pèdi" Salomon ki te poutan chwazi pa Bondye, e ki te yon moun ke Bondye te kenbe, e pou prèv, Bondye te investi tout bagay nan li, te mete l' pi wo pase tout moun, nan bon konprann ak richès. Li te ale vè fanm lougawou yo ki te finalman vale l'. Li te kwè, tankou demon sa yo di'l, ke'w ka pran risk pou "dòmi sou menm kabann ak satan an pèsonn", epi ale san pini vè "yon fanm bra dwat dirèk satan", sou pretèks ke'l fidèl anvè Bondye li a.

Yo menm di nou tou " pou inyore satan", e ke "konbat satan ta vle di bay satan plis enpòtans ke li pa genyen". M'ap repete, pa janm tonbe nan pèlen demon sa yo. Yo konnen trè byen sa yo ap fè. Misyonn yo se pou twonpe pitit Bondye yo ak lakòz yo tonbe nan peche lògèy la, ak nan lòt pyèj satan yo. Yo fè egzakteman travay satan papa yo: **"Aprè sa, dyab la mennen l' lavil Jerizalèm. Li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan. Li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch."** Matye 4:5-6.

Se menm langaj sa a ke ajan dyab lougawou yo kenbe, pou twonpe pitit Bondye yo: ***Si nou se vrè pitit Bondye, poukisa nou pè ajan dyab lougawou yo? Èske Jezi pa t' ba nou pouvwa sou ajan dyab lougawou yo?*** Pa panse ke moun sa yo se idyo; li ta yon erè grav. Yo pa inyoran; yo se jis ban mantè abil. Lang yo plen ak venen, e sanblan asirans yo a, se bann tèrib flèch byen file. Rete lwen pitit dyab sa yo. Kondanasyon yo te ekri depi lontan.

5- PWEN KONTAK

Satanis yo anjeneral toujou bezwen gen pwen kontak ak nou, nan bi pou yo genyen nou. Pwen kontak sa yo kapab: Vizit lakay nou; apèl telefonik; enfòmasyon sou nou; moun ki gen kontak avèk nou; bagay nou achte, resevwa, oswa ofri; objè ranmase; bagay ki pou nou yo; elatriye. Nou dwe asire nou anile ak efase tout pwen kontak sa yo. Se nan sa konba espiyèl la konsiste nan nivo sa a.

5.1- Vizit lakay nou

Nou dwe toujou priye, epi kouvri tout bagay avèk san Senyè Jezi Kris. Nou dwe evite resevwa moun satan nan kay nou yo, epi si nou oblije kite yo antre nan kay nou, nou dwe pran tout mezi posib, nan prekosyon ak vijilans. Nou dwe priye ak kouvri tout kay la ak san Senyè Jezi Kris, e anile tout pisans yo ak tout degre maji yo ak pawòl malefik yo, anvan yo rive. Epi apre yo fin ale, nou fè menm travay la. Pa kite yo antre nan chanm nou yo, epi veye pou yo pa fofile kò yo nenpòt kòman nan kay la. Pa bliye ke twalèt yo se kote satanis yo pi renmen, pou yo fè degre maji yo ak pawòl malefik yo ou envokasyon. Kouvri twalèt yo avèk san Jezi anile tout degre maji yo te fè ladann. An tou ka, pa janm kite moun ki rete deyò lakay nou antre nan chanm nan kay yo nenpòt fason. Nou dwe fè prèv anpil disiplin, rijidite, ak fèmte.

Men yon règ prekosyon pou adopte: Piske nou pa ka toujou konnen si moun ki antre lakay nou yo, oswa moun nou avèk yo a se satanis ou non, nou dwe pa pridans, adopte menm prekosyon yo, sa vle di pou pirifye tout bagay, pou sanktifike tout bagay, epi pou kouvri tout bagay avèk san Jezi.

5.2- Apèl telefonik ak korespondans

Nou dwe evite pou resevwa apèl telefòn moun satan yo, sòf si li **absoliman** nesesè. E nan ka sa a, nou oblije priye e kouvri kominikasyon nou yo ak San Senyè Jezi Kris, ak anile tout degre maji ak pawòl malefik yo. Ajan satan yo

konnen ki jan pou fè degre maji pou yo atenn nou atravè apèl telefòn. Pa janm souzestime yo. Nou dwe tou pirifye et kouvri tout lèt nou resevwa nan men moun satan yo, anvan nou louvri oswa li yo. Pou prekosyon, kouvri tout lèt yo ak San Presye Jezi Kris anvan nou li yo.

Kite m' ba nou ti temwayaj sa a, ke Senyè a te ban m' favè pou viv andirèk. Yon jou mwen te resevwa yon gwoup teknisyen ki te vin renove kay la. Pandan ke nou t'ap diskite sou detay travay la, telefòn reskonsab yo a te sonnen. Li te retire telefòn nan nan pòch li, li te pote l' pi pre bouch li, epi li di, "*Apèl transfere a lisifè*". Apre sa, li te dekroche telefòn lan, e li te kòmanse pale ak moun ki te rele a. Mwen pa konnen si lòt moun ki te la yo te menm konprann siyifikasyon sa ki te sot pase a. Senyè a te vle ban mwen yon lòt prèv ke ansèyman nou te resevwa konsènan kan satan an se vrè, e ke konba espiyèl la pi reyèl pase jan nou panse'l la.

Satanis sa a li menm pat konprann ki jan li te ka trayi tèt li nan fason sa a pandan'l bliye ke li pa t' pou kont li. Li te gen tatoo etranj sou li, men mwen pa t' ka imajine ke mwen te fè fas ak yon pwisan ajan lisifè. Lefèt ke mwen konnen sa, te fè m' netralize pouvwa satanik l' yo, epi jouk nan fen travay yo, li te difisil pou li antre nan kay mwen an pou sipèvize travay yo. Byen-neme, men kòman plizyè apèl telefonik nou fè yo dirèkteman transfere bay lisifè, epi nou retrouve san nou pa vle'l e san nou pa konnen ap pale ak satan an pèsonn. ***Si nou pa vle retrouve nou ap pale ak lisifè an pèsonn, asire nou pou nou kouvri tout apèl k'ap antre yo e k'ap soti yo ak san presye Jezi Kris.***

5.3- Enfòmasyon sou nou

Konsènan enfòmasyon sou nou yo, nou dwe: Premyèman, evite otan ke nou kapab, bay enfòmasyon nou yo a satanis yo, e a moun ki sispèk e doute an jeneral. Dezyèmman, depi li enposib pou kontwole e pwoteje enfòmasyon nou yo, nou dwe toujou priye e kouvri tout enfòmasyon nou yo ke satanis yo kenbe, avèk san Senyè Jezi Kris, ak anile tout degre maji ak pawòl malefik yo ke yo deja te fè kont nou. Menm bagay la tou aplike lè nou oblije bay non nou oswa identite nou nan lye piblik yo (lekòl, inivèsite, lye travay, elatriye.) oswa bay moun ki mande nou yo.

5.4- Moun k'ap frekante nou

Ajan satan yo lè yo pa ka genyen nou, yo pase pa moun k'ap frekante nou, pou yo rive jwenn nou. Pou rezon sa a, pitit Bondye yo dwe separe tèt yo ak tout moun ki pretann yo avèk yo, men yo an kontak ak ajan satan yo tou. Nou dwe kouri dèyè tout bann trèt yo ki nan mitan nou yo, epi nou dwe separe tèt nou de tout moun k'ap jwe nan de kan yo. Yo se yon vrè pòt louvri pou nou. Se inadmisib ke yon moun pretann yo dwe konplètman ak nou, pandan ke li konplètman avèk ènmi nou yo tou.

Genyen tou ka menajè yo, sèvant yo ak lòt domestik ki ap travay nan kay nou yo e ki an kontak ak pitit nou yo. Nan mitan yo gen ajan satan, bann vrè satanis. Li trè fasil pou moun ki satanis yo, pou inisye pitit nou yo, san nou pa konnen, epi transfòme yo an lougawou tèrib. Pou sa nou dwe pran anpil prekosyon lè nou pran menajè oswa sèvant pou yo pran swen pitit nou yo.

Menm bagay la tou pou moun nou konfye pitit nou yo pou kèk èdtan nan yon jounen, swa nan yon gadri oswa lakay yo, paske nou oblije ale nan travay. La a tou konba pou mennen an dwe difisil e san sispann, si nou pa vle wè lavi nou detwi pa pwòp pitit nou yo ki ta konplètman inisye. Pa konfye pitit nou yo bay moun ki gen nati espirityèl nou pa konnen: Li trè danjere. Nou bezwen mennen anpil ankèt ase sou moun yo ke nou pa konnen ak yo nou vle konfye gad pitit nou yo. Konnen ke li pi fasil pou inisye ti timoun pase gwo moun.

5.5- Bagay ki te achte, resevwa, oswa ofri

Nou dwe pirifye ak sanktifye tout bagay pa San Senyè Jezi Kris. **Tout** sa nou achte nan mache yo, kit li se manje oswa lòt atik yo, ak **tout** bagay nou resevwa gratis. Nou dwe kouvri tou ak San Senyè Jezi Kris **tout** sa nou ofri bay moun. Gen de rezon pou sa a:

Menm bagay ki ofri bay satanis yo sèvi kòm pwen kontak pou yo rive jwenn moun ki ofri yo bagay sa yo.

Ajan dyab lougawou yo pou yo detwi relasyon nou yo, ka fè degre maji sou bagay yo ke nou ofri moun, nan bi pou fè moun sa yo sispèk nou. Lè nou kouvri avèk san Jezi Kris sa ke nou ofri bay moun yo, nou anile degre maji sa yo.

5.6- Bagay yo ki te ranmase, ke moun yo te jete

Nou dwe jere ka objè yo ke gen moun yo te jete e ke nou te ranmase, tankou ka bagay ki te achte, resevwa, oswa ofri. Objè sa yo ka konstitye yon pòt louvri. Pou fè sa, nou dwe pirifye yo tout anvan nou sèvi ak yo. Pa bliye ke kèk nan bagay sa yo se pyèj ki tann pa mond fènwa yo. Piske nan ka sa a se pa yon vòl, nou ka anile tout degre maji yo te fè sou yo, epi itilize yo san danje.

5.7- Bagay ki apateni ak nou yo

Nou dwe toujou kouvri avèk san Jezi tout bagay ki apateni ak nou yo. Pami bagay sa yo ke moun satan yo kolekte trè souvan, genyen: San, espèm, foto, cheve, zong, rad, kilòt, soulye, chosèt, elatriye. Men, lè yo kapab trape nenpòt ki bagay ki apateni ak nou, li sèvi yo kòm yon pwen kontak pou yo fè degre maji ak pawòl malefik kont nou. Lè n'ap lapriyè, se poutèt sa, pa limite tèt nou nan lis la ke mwen jis bay yo. Kouvri pa San Senyè Jezi Kris tout objè nou yo ki kenbe nan mond satanik la, ak sou sa ke yo fè degre maji kont nou. Detwi objè sa yo pa dife Bondye, epi anile tout degre maji ak pawòl malefik yo ke yo te fè kont nou.

Kite m' tounen nan kèk bagay ki mansyone yo, savwa san an, espèm nan, zong ak cheve yo.

Fè atansyon pou pa kite san nou koule yon kote, epi chak fwa nou gen yon blesi, si san nou te koule, kouvri l' pa San Senyè Jezi Kris. Fanm yo dwe fè trè atansyon lè yo gen règ yo, paske satanis yo gade nan tout fatra ke moun yo souvan jete. Gen anpil satanis ki fouye bwat fatra yo pou wè si fanm yo pat jete dechè koton, oswa sèvyèt ijenik (Kotèks) ke yo itilize pandan peryòd yo. E lè yo rive gen

bagay sa yo, yo fè degre maji tèrib ak pawòl malefik kont fanm yo ki te jete yo a. Se poutèt sa ke gen anpil fanm ki souffri doulè atròs nan vant, doulè egi anba vant yo, règ ak anpil doulè, esterilite, elatriye.

Depi moman sa a, asire nou ke nou pa jete fatra nou nenpòt kòman ak nenpòt kote. E menm lè nou dwe jete yo, kouvri tout pa San Senyè Jezi Kris, se konsa ke satanis yo pa pral kapab esplwate yo menm si yo tonbe sou yo. Men, si nou te neglijan nan tan lontan epi nou retrouve nou ap souffri youn nan konsekans yo ke mwen te mansyone yo, nou dwe mande Bondye padon pou neglijan nou oswa pou inyorans nou; apre sa, nou dwe lapriye pou anile tout degre maji ak pawòl malefik yo ki te fèt sou nou yo atravè san nou oswa atravè objè sa yo. Anile yo nan non Jezi Kris.

Gason yo tou bezwen dwe fè atansyon a tout sa satanis ka chache pou kolekte pou yo. Pou gason yo ki te o mwens yon fwa te gen rapò seksyèl ak fanm ajan dyab lougawou, gen rezon pou yo egzaminen lavi yo, epi pou aji si sa sanble nesesè. Trè souvan lè nou gen malè gen rapò seksyèl ak satanis yo, yo fè tout bagay pou kolekte espèm nou yo nan bi pou fè degre maji sou yo e kenbe nou kaptif pou tout tan.

Gason ki itilize kapòt yo, yo ekspozè tou a risk sa yo. Chak fwa kapòt sa yo jete lwen, demon yo kolekte yo, epi fè gwo degre maji ak pawòl malefik kont lavi moun ki te itilize yo. Se poutèt sa anpil gason ap souffri san yo pa konnen sa ki rive yo, e san yo pa konprann orijin sa ke yo ap souffri yo.

Si nou retrouve nou nan ka sa yo, aji byen vit. Mande Senyè a padon pou fòt nou an, epi priye pou anile tout degre maji yo ak pawòl malefik yo ki te fè sou nou yo atravè espèm nou. Epitou konnen ke satanis yo toujou fè tout sa ki posib pou vòlè yon ti bagay pou nou, tankou yon chemiz, oswa yon kilòt, oswa lòt ti bagay ki pou nou, ke yo pral itilize pou fè degre maji kont nou.

5.8- Ka gason yo ki gen madanm ajan dyab lougawou yo

Ka gason yo ki te marye ak fanm ajan dyab lougawou yo, yo ankò pi grav. Lougawou sa yo gen tout tan ke yo bezwen pou fè degre maji sou mari yo, e yo gen libète pou kolekte tout sa yo bezwen pou fè chak degre maji yo vle fè. Se poutèt sa li souvan vin trè trè difisil pou sove moun sa yo. Menm pou moun ki kretyen, batay la pou genyen yo pou Kris li souvan trè difisil.

Pou gason kretyen yo ki gen madanm ajan dyab lougawou, ka yo a tou pi grav paske yo pa menm reyalize gravite danje a ki antoure yo. Madanm lougawou yo a tèlman mare yo pa degre maji ke menm lè yo demontre yo ke madanm yo se ajan dyab lougawou, yo pito pran defans madanm yo. Pafwa tout moun ki bò kote yo wè e dekri travay abominab madanm yo a, e yo se sèl ki pa wè anyen, paske yo totalman mare e kloure. Anjeneral, lè w'ap eseye ede frè sa yo nan di yo ke madanm yo se vrè lougawou, ou vin ènmi yo; poutan, zèv madanm yo vizib pou tout moun.

Se isit la yon gwo konba ke kretyen yo dwe mennen: jene e priye pou vrè pitit Bondye yo ki gen madanm ajan dyab lougawou. Nou dwe priye pou kraze chèn

ak lyen ki kenbe frè sa yo kaptif. Nou dwe detwi kaj yo ke yo fèmen yo a, (paske plizyè pami yo, yo kareman byen fèmen nan kaj satanik). Nou pa bezwen sezi, byen-neme, pou wè degre tèt di ak avègleman frè yo ki gen madanm lougawou yo. Yo mare e totalman avegle. Lè y'ap defann lougawou madanm yo a, yo pa menm konnen ki sa yo ap fè. Se sèlman lè delivrans lan opere e ke je yo louvri, ke yo reyalize ke yo te mare e konplètman kloure.

Konba a nan nivo sa a, konstitye donk pou detwi travay fanm lougawou yo, nan konbat kòm Senyè a sot ansenye nou an, nan detwi tout pouvwa satanik yo pa dife Bondye, e nan libere frè ki kaptif yo. Nou dwe denonse Fanm lougawou sa yo, epi ekspoze zèv yo. Sa a se yon lòt aspè trè enpòtan nan Konba Espirityèl la. Yon fwa ajan dyab lougawou yo ekspoze, Bondye detwi plan yo. Neyemi 4:15.

Si mwen ensiste sou ka fanm lougawou yo, se paske yo pi plis pase gason ajan dyab lougawou yo. Sa di, nou pa dwe neglije sè yo ki gen mari ajan dyab lougawou yo. Gen anpil pitit Bondye ki te vale nan maji mari yo, e yo te vire do bay Bondye. Batay la n'ap mennen pou libere tout frè yo ki nan kòd lougawou yo, se menm konba a nou dwe mennen pou sè yo ki gen mari ajan dyab lougawou yo.

Avèk tout bagay sa yo, nou ka lè sa a, konprann poukisa Bondye te mande ke moun ki gen madanm lougawou yo pa dwe nonmen ansyen nan Legliz la. Se paske frè sa yo, malgre tout bon volonte yo ak dezi yo pou sèvi Bondye fidèlman, pap reyisi. Jezabèl yo ke yo genyen yo, ap toujou vire yo kont Bondye. Kòm Jezabèl sa yo pa janm soumèt tèt yo a pawòl Bondye a epi pa janm mete pawòl Bondye a an pratik, pa sediksyon yo a ak degre maji yo a yo toujou pouse mari yo preche sèlman kalite levanjil yo prefere. E lè sa a, nou rankontre pastè yo ki zeze e sensèman angaje, ki konnen pawòl Bondye a byen, men yo pa ka preche li. Chak fwa yo kòmanse ansenye, mesaj la toujou dilye, a koz de Jezabèl yo ki kontwole tout bagay. Batay la li reyèl, byen-neme! Sa a se rezon prensipal poukisa gen twò kèk pastè kalifye jodi a. Sou mil ansyen (sa vle di, apòt, pwofèt, doktè, evanjelis, pastè ak lòt) ki egziste jodi a, nou gen yon maksimòm twa ki kalifye. Se poutèt sa satan te pran kontwòl legliz yo. Nou konprann kounye a nan ki tan n'ap viv. Lwanj pou Bondye!

Kite m' ba nou yon lòt eleman disèneman. Si nou vle konnen Jezabèl yo ki nan mitan nou yo, preche pandan w'ap di ke yo ka mete fa nan bouch, ke fanm pa dwe mete vwal tout tan, ke fanm ka itilize tout pwodwi posib pou transfòme cheve yo, ke makiyaj dwe tolere, elatriye. Epi nou pral tandè yo kriye byen fò Amèn, oswa kanpe pou aplodi. Sa yo se tout bagay ki pèmèt nou konnen ajan satan yo nan mitan nou. Osito ke nou di yo ke foli a ka tolere, reyaksyon yo li imedya, kè kontan yo eklate. Yo apwouve ou epi di nan yo menm: Men kalite pastè nou vle a. Yo tèlman ajite, epi yo toujou mete kanpe pou aplodi e fè gwo bwi e gwo siy lè kalite levanjil ke yo vle a preche. Nou pral rekonèt yo depi koulye a. Yo pa ka kache.

5.9- Fanm ak akouchman

Fanm ki ale nan lopital pou akouche yo, dwe pran swen pou kouvri san yo avèk san Jezi Kris. Epi pou nou tout ki reponn pou'n bay san, epi ki te bay san nou,

konnen ke moun k'ap kolekte san sa yo, se sitou satanis, ki itilize yo pito pou travay satanik yo. E prèske tout san sa yo ki kolekte epi kenbe nan lopital yo, yo vòlè pa satanis pou ale ranpli bank san pa yo. E lè yo vòlè li, yo ranplase li ak yon fo san, jis yon likid wouj byen kontamine, pare pou kontamine moun ke yo pral enjekte yo nan li a. Kounye a nou konnen kisa pou'n fè nan chak ka: Repantans, Priyè, ak Konba.

Mwen ta renmen revele nou bann lòt pratik satanik ki souvan rive nan lopital yo pandan akouchman yo. Satanis fanm saj yo abityèlman ranplase ti bebe nou yo apre akouchman an pa bann ti bebe demon lè yo gen opòtinite sa a, oswa inisye ti bebe nou yo nan dyab imedyatman apre akouchman an. Yo fè sa pandan manman an toujou anba efè akouchman an.

Anjeneral apre akouchman an, ajan dyab lougawou sa yo mennen ti bebe ki fèk fèt la nan yon lòt chanm sou pretèks pou netwaye'l e/oswa peze li, e profite san nou pa konnen, swa pou ranplase li ak yon demon ti bebe ki destine pou detwi tout lavi nou, oswa inisye li nan dyab. Dènye ka sa li trè komen. Se konsa ke plizye fanm kite lopital la ak yon timoun ki diferan ak sa yo te akouche a, san yo pa konnen li.

Lè yo rive chanje ti bebe nou an, yo ranplase l' ak yon demon ti bebe ki byen prepare davans, epi ki pral detwi tout lavi nou. E nan ka sa a, vrè timoun nan li jeneralman detounen pa ajan dyab lougawou sa yo pou sakrifis imen yo ke yo gen abitud pou fè. E lè yo pa ka ranplase ti bebe nou an, yo fè degre maji ak pawòl malefik sou timoun nan, epi inisye li nan maji. Nou retrouve nou ak timoun ajan dyab, ki pral fè lavi nou anmè kou fièl.

Donk nou dwe òganize tèt nou pandan akouchman yo, pou ogmante vijilans ak siveyans alantou ti bebe nou an. Nou dwe asire yon moun nan moun pa nou yo (papa a, oswa yon manm nan fanmi an) pou prezan pandan akouchman an, pou swiv ti bebe nou an depi nan soti'l nan vant manman an jiskaske li kite lopital la.

5.10- Cheve ak zong

Gason ki ale nan kwafè pou koupe cheve yo, dwe pran swen pou yo kouvri tout cheve yo pa san Senyè Jezi Kris. E menm fanm k'ap trese cheve yo ant yo, dwe pran menm prekosyon yo. Pridans dwe rete kle prensipal la. Nou pa janm konnen ki kote kèk nan cheve nou yo ka fini. Mwen toujou konseye frè yo pou yo aprann kijan pou koupe cheve yo ant yo. Sa a anpeche yo ale nan salon abominab yo, ki se yon tèren apwopriye pou satan pou degre maji'l yo. Adopte menm règ prekosyon yo pou zong nou. Pa janm jete yo san yo pa kouvri ak san Jezi. Nou pa bezwen raple fanm ke salon bote yo ak manicure pedicure yo se bann lye satanik ke yo dwe kouri pou yo.

5.11- Mouchwa jetab

Epitou fè atansyon a nenpòt ki mouchwa jetab ke nou itilize swa pou nou mouche nen nou oswa lè nou swe nou siye figi nou. Ajan dyab lougawou yo chache tout bagay sa yo pou degre maji yo; e pa favè Bondye yo te trape kèk nan ajan dyab

lougawou sa yo, e te konfese abominasyon yo a ak projè mekanste yo a. Se konsa, pa pran alalejè menas satan ak ajan l' yo. Asire nou ke nou kouvri menm bwat fatra lakay nou pa san Jezi. Fè atansyon ak tout bagay nou jete, menm sa mwen pa t' mansyone. Se pou Senyè a louvri je nou sou travay satan yo, se pou nou trè vijilan!

5.12- Foto

Epitou fè atansyon a foto nou yo. Gen kèk ki sètènman ap sikile nan men ajan dyab lougawou yo ak bòkò yo. Tout bagay nou dwe fè kounye a se pou kouvri tout bagay sa yo ki deja nan men ajan dyab lougawou yo ak nan mond satan yo, avèk san Jezi Kris, e pou anile tout degre maji yo ki te deja fèt sou bagay sa yo kont nou. Li pi fasil pou nou kounye pou konprann poukisa Senyè a mande nou pou kouri lwen bagay ki nan mond lan. Yo se yon gwo pèlen pou nou. Apa de kèk foto ke nou ka rele idantite, tout lòt yo se sèlman pou satisfè lanvi je yo ak fyète lavi a.

5.13- Dantis yo

Pou moun pami nou ki te deja ale kay dantis yo pou fè rache dan yo, konnen ke kèk nan dantis sa yo se gwo satanis; epi lè ke yo retire dan nou yo, yo kenbe yo ak anpil atansyon, paske yo bezwen yo nan mond espiyèl la, pou fè degre maji kont nou. Si nou rive pou nou ale kay yon dantis pou fè rache yon dan, pran dan nou lè n'ap retounen lakay nou. Fè menm bagay la pou tout lòt bagay ke mwen pat kapab site.

5.14- Relasyon seksyèl avèk satanis

Pou moun nan nou, gason oswa fanm, ki nan tan lontan te fè sèks ak satanis, pa etone ke yo ka te pran yon bagay nan nou, ki ta kounye a nan mond yo a, e ta aji kont nou. Si nou toujou ap souffri de bagay sa yo ke nou toujou pa konprann, men youn nan pis ke nou dwe egzaminen.

5.15- Danje nan pran ajan satan yo lakay nou

Mwen jis sot pale de ka relasyon seksyèl yo, men pa gen sèlman sa. Avètisman sa a se pou tout moun, menm moun ki pa favè Bondye pa janm te fè sèks ak satanis. Menm si peche seksyèl ta yon bon opòtinite pou satanis yo kolekte sa y'ap chèche pou fè moun yo mal, mons sa yo pa janm fayi pou jwenn lòt chemen, lè chemen relasyon seksyèl yo fèmen pou yo.

Si nou te rive ebèje satanis yo, nou pwobableman nan menm sitiasyon an. Se yon bagay tèrib pou ebèje moun satan yo. Pandan yo nan kay la, yo gen tout tan, ak libète pou fofile nan kay la. Yo pran opòtinite sa pou fè degre maji sou rad nou yo, kilòt nou, se konsa ke nou fini nan peche seksyèl. Yo gen tan tou pou yo rale kèk nan atik nou yo ki pral itil yo nan mond yo a pou aji kont nou. Se poutèt sa gen bagay ki rive pitit Bondye yo, e ke yo pa ka konprann ni ka eksplike. Lè nou rete ansanm ak ajan satan sa yo, nou souvan remake disparisyon kèk nan kilòt nou yo si nou vijilan. Lè yo pa ka jwenn aksè nan kilòt nou yo, yo pran yon lòt bagay. Men y'ap chache anjeneral, kilòt yo. E lè yo rive vòlè yo, yo reyisi pou trennen nou nan peche seksyèl pa degre maji yo.

Pa janm ebèje moun lakay nou sòf si nou rasire ke moun sa yo se moun Bondye, epi yo pa pral nan anyen yon pòt louvri nan kay nou. Nou dwe priye ak verifye byen, epi si posib chèche konsèy anvan nou aksepte moun nan kay nou. Lè nou ebèje ajan satan yo, nou menm ak kay nou an danje. Anplis de bann degre maji yo ke ajan satan sa yo ap fè sou rad nou ak objè yo, yo menm fè tou anpil degre maji sou manje n'ap manje yo. E lè yo gen aksè nan kizin lan epi yo gen opòtinite pou kwit manje pou nou, ka nou an vin pi grav. Yo melanje manje nou ak tout salte posib, pou inisye nou. E moun sa yo lè yo nan kay nou, yo renmen fè manje, tankou si yo te vle ede nou, pandan y'ap jis chache kote estratejik la pou fè nou mal.

Konnen trè byen ke si nou ebèje satanis yo, se pou pwòp malè nou; si nou ebèje yo, se pou pwòp risk nou ak danje nou. Si nou kenbe lavi nou ak Sali nou, ***pa janm ebèje satanis yo, epi pa janm tonbe nan pèlen gen pitye pou satanis.*** Se yon pèlen tèrib pou nou. Pami ajan satan sa yo, kèk konnen ki jan pou yo montre yo janti pou fè yo loje yo, bann lòt konnen ki jan yo atire pitye sou yo pou loje yo. Fè atansyon! Fè atansyon! Fè atansyon! Egzèsè ospitalite san disèneman se yon pèlen tèrib; Egzèsè charite san disèneman se tou yon pèlen tèrib. Si nou dwe egzèsè ospitalite, oswa liberalite, oswa charite, asire nou ke tout eleman disèneman yo yo tout la. Mwen deja te ansenye pitit Bondye yo pa janm ebèje moun nan kay yo san konsèy lidè yo, oswa ansyen yo, ki sipoze gen plis disèneman pase yo. Moun ki obeye enstriksyon sa yo chape anba danje, e moun ki dezobeye rekòlte fwi yo.

Mwen te mande tou sèvitè Bondye yo pou yo trè vijilan, e trè strik ak moun ke malgre tout enstriksyon yo, fofile yo nan kay yo, epi eseye konvenk frè inyoran yo pou ebèje yo, oswa pou ebèje pitit yo san akò dirijan yo ak ansyen yo. Lè nou trape moun ki chwazi vyole tout enstriksyon prekosyon ki te ansenye yo, pou fè sa yo vle, sonje ke yo se ajan satan. Moun sa yo pap janm swiv enstriksyon yo ke nou bay yo, piske enstriksyon sa yo jis anpeche yo opere. E kòm fòk yo byen opere, yo toujou jwenn kèk rezon pou vyole enstriksyon yo. E lè nou trape yo, yo di swa ke yo pa t' konnen, oubyen ke yo pa t' byen swiv enstriksyon yo byen, oswa ke yo te panse ke enstriksyon yo aplike pou moun deyò. Nenpòt fason, yo jwenn kèk rezon pou yo fè nou dòmi. Pa bliye ke satan se papa nan bay manti, e ajan li yo briye nan travay bay manti a. Epi yo fabrike rezon ki tèlman konvenkan ke nou gen dout nan tèt nou. Pa ezite mete moun sa yo deyò nan Legliz la.

5.16- Bèt demon yo

Satanis yo souvan itilize bèt pou atake nou. Jeneralman yo fè sa nan voye koulèv sou twalèt moun yo oswa nan kay yo, moustik yo pou souse san, sourit nan kay yo, mouch yo pou mete pwazon nan manje moun yo, myèl, zwazo, milpat, ravèt ak lòt ensèk nan kay la. Bèt sa yo se pa bèt nòmal, men bann demon. Lè nou sèvi ak pwodwi chimik pou touye bèt sa yo, oswa lè nou mete pyèj nòmal pou yo, nou pa janm reyisi touye yo, paske yo pa bèt.

E sèlman pa pouvwa Bondye, nan non Jezi Kris, demon sa yo ka detwi. Pafwa nou wè yon katye tout antye oswa yon gwo zòn anvayi swa pa bann sourit, bann ravèt oswa bann moustik, e tout batay ke yo mennen kont yo se san rezilta. Se sèlman Konba Espirityèl la ki ka defèt yo.

Osito ke nou remake aparans bèt sispèk sa yo nan kay nou, pa neglije yo, sinon nou pral regrèt sa. Nou dwe goumen ak yo a tan, e seryezman. Priye e detwi tout bèt sa yo pa dife Bondye, epi pirifye kay nou. Konnen ke nou ka tou souvan itilize lwil pou priye nan kay nou yo.

Satanis yo voye ti demon sa yo nan kay yo pou plizyè rezon: Pou souse san, pou kontamine lye yo, pou anpwazonnen manje, kreye maladi, ak vòlè bagay; (Se poutèt sa anpil moun remake disparisyon bagay nan kay yo, epi yo kòmanse sispèk tout moun).

Yo voye tou bèt demon sa yo nan bi pou anpwazonnen nou, espyone nou, epi swiv konvèzasyon nou yo. Plizyè satanis gen kapasite tou nan transfòme tèt yo an tout kalite bèt, pou yo antre nan kay nou yo. Objektif la se toujou sa ke nou sot mansyone yo. Prezans koukou yo, chòtsourit yo ak lòt bèt etranj nan konsesyon nou, temwanyen sa. Rete vijilan!

Se poutèt sa, nou dwe reveye pa rapò ak Konba Espirityèl la, e pa kite satan ak ajan li yo eksplwate nayivte nou nan zafè sa a. Priye epi detwi tout bèt sa yo pa dife Bondye, nan Non Jezi, epi toujou pirifye ak kouvri kay nou yo avèk san Jezi. Epi tou pa bliye pou kouvri tout kominikasyon nou ak tout konvèzasyon nou avèk san Jezi chak fwa.

6- LÒT TWONPRI POU EVITE

Gen lòt twonpri pou evite. Plizyè ajan dyab lougawou soti nan Nijerya yo te lanse tèt yo nan prodiksyon fim ke yo rele pa twonpri fim relijye. Yo pretann ekspozè travay satan yo nan fim sa yo. Pa tonbe nan pyèj yo; anpil nan fim sa yo se fim maji, ki pa fèt pou denonse maji, men byen prepare pou sal epi inisye moun ki pral gade yo. Se konsa, sa yo, se vrè inisyasyon nan maji. Fè byen atansyon a fim satanik sa yo ki jwe sou non fim relijye yo. E fim sa yo anvayi mache yo jodi a.

Se menm jan an pou bann liv temwayaj bann swadizan ansyen satanis yo. ***Prèske tout moun sa yo nou rele "ansyen" satanis yo, pa lòt bagay ke bann vrè satanis.*** Nou kwè ke yo se ansyen satanis paske yo deklare ke yo te repanti, ak konvèti. Pa kite nou twonpe ditou. Pifò nan yo se chen mawon ki degize. Yo fabrike gwo temwayaj, pou yo reyisi twonpe pi gran kantite moun. Anpil nan yo pa janm menm te fè yon sanblan repantans. Se tou yon gwo riz satan, ak yon gwo pèlen ki mete pou Pitit Bondye yo.

Menm lè nou li temwayaj kèk, avèk yon ti disèneman nou konprann imedyatman ke yo se bann demon. E kwè ke yon demon te repanti, se nayif. Pa kite nou twonpe ankò, epi pa tonbe ankò nan pèlen mons sa yo. Lè nou li temwayaj yo, pran nan yo sa ki ka itil pou nou, men pa tonbe nan pèlen pou swiv yo.

7- KI JAN VIV VIKTORYE

7.1- Obeyisans

Sèl vrè sekre viktwa nan Konba Espirityèl la se obeyisans nan pawòl Bondye a. Tout sa mwen gen ankò pou eksplike sou sijè sa a yo pral rezime nan yon sèl mo: **Obeyisans**. Pitit Bondye yo ki chwazi obeyi pawòl Bondye a, epi ki mache dapre pawòl Bondye a, yo toujou viktorye nan Konba ke y'ap mennen yo. Senyè

a te di nou tout bagay nan pawòl Li, men nou pa souvan prete atansyon. Pafwa nou pa konprann sa Senyè a espere nan men nou, pafwa nou pa pare pou soumèt devan Li, pafwa nou pa vle bliye tèt nou, pafwa nou fè tèt di, pafwa nou kite tèt nou sedwi pa fo rezònman. Se poutèt sa Konba Espirityèl la trè konplike pou nou, e se poutèt sa tou satan menm souvan viktorye sou nou.

7.2- Lapriyè

Pou viv viktorye, chak pitit Bondye bezwen yon vrè lavi lapriyè. Lè lavi lapriyè nou an pa ale byen, nou santi li. Nou pa menm bezwen ke yon moun di nou. Se sèlman nan lapriyè ke chak pitit Bondye egzèse konba li yo, e yon vrè lavi lapriyè, se tou yon vrè lavi konba. E konba sa a, se sa ke chak pitit Bondye yo dwe mennen. Nou dwe mennen yon vrè lavi lapriyè, epi veye pou ke pitit nou yo ak tout moun ki anba otorite nou mennen yon vrè lavi lapriyè. **Nou dwe toujou priye, priye toupatou, priye pou tout bagay, epi priye san rete** jan Senyè a rekòmande nou li a.

7.3- Entèsesyon

Chak pitit Bondye dwe devlope yon lavi entèsesyon konstan. Entèsede lè nou kontan, e bliye entèsesyon an lè bagay yo pa ale jan nou te vle, se yon danje. Lè nou pa entèsede, nou nan yon pozisyon fèb devan satan.

Nou dwe mete an profi kado pale an lang ke Senyè a te ban nou an. Konba Espirityèl la dwe fèt nan entèlijans, men tou an lang. Nou dwe donk priye nan entèlijans, men tou priye anpil an lang.

7.4- Jèn

Vrè pitit Bondye a dwe pran plezi nan jèn, e jene chak fwa libman, e avèk kè kontan. Fè jèn nan fè plènmman pati nan lavi espirityèl nou an, epi nou pa ka mete jèn nan sou kote. Yon lavi kretyen san jèn pa gen okenn sans. Konnen ke ajan satan yo pou gen viktwa sou nou, pase anpil tan ap fè jèn; e an jeneral, satanis yo pase plis tan nan fè jèn pase Kretyen yo.

Nan nivo sa a mwen pral ba nou kèk lòt eleman disèneman. Avèk siy sa a, nou pral rekonèt lòt chen mawon ki degize tankou mouton; nou rankontre plizyè swadizan sèvitè Bondye, ki atravè ansèyman satanik yo, ankouraje pitit Bondye yo pou yo pa jene. Mwen te rankontre de gwoup:

Premye gwoup la tòde siyifikasyon Ezayi 58 la, epi li ansenye pitit Bondye yo ke jèn nan je Bondye pa vle di anpeche tèt nou nan manje, men pito vle di fè byen, epi evite peche. Yo ajoute ke si ou pase yon jou pa egzanp san ou pa bay manti, se paske ou te jene manti a jou sa a, epi si ou pase yon jou san pa vòlè, ou te jene vòl la jou sa a, e konsa de swit an swit. E pandan ke ajan dyab lougawou sa yo ap rakonte betiz yo a tankou istwa san sans, nou trape yo chak fwa nan fè jèn. Yo jene pou ogmante pouvwa yo epi genyen viktwa sou pèp Bondye a pa bay pitit Bondye yo manti ke jèn pa nesesè ankò.

Dezyèm gwoup la tòde siyifikasyon pawòl Bondye a, e konbine nan avantaj yo, pasaj Matye 9:15 la ak Matye 28:20 an.

Matye 9:15 ***"Jezì reponn yo: Èske zanmi yon nonm k'ap marye kapab nan lapenn toutotan nonm k'ap marye a la ak yo? Non, pa vre? Men, lè lè a va rive pou l' pa nan mitan yo ankò, se lè sa a y'a fè jèn."***

Matye 28:20 ***"... Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba."***

Sou yon bò, yo di ke Jezì di ke lè mesye marye a la, zanmi nonm k'ap marye a pa bezwen fè jèn. Epi sou lòt bò a, yo di ke Jezì te di ke Li la avèk nou chak jou. Konklizyon, nou pa dwe fè jèn.

Men ki jan n'ap rekonèt ajan satan yo. Nan riz, yo mennen pitit Bondye yo pou dezobeyi Bondye kòm papa yo dyab la, nan riz te mennen Adan pou dezobeyi Bondye. E lè nou dezobeyi, se nou ki ap pèdi, byen si.

Nou te konprann byen-neme, pa janm tonbe ankò nan pyèj pitit pèdisyon sa yo, epi pa kite safte anpeche nou genyen gwo viktwa pou Senyè a. Nou dwe jene, nou dwe jene regilyèman, epi nou dwe pran plezi nan fè jèn. Nou dwe kapab jene pou plizyè jou, pou laglwa Senyè a.

7.5- Renonsman

"Aprè sa, Jezì di disip li yo: Si yon moun vle mache dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou l' chaje kwa l' sou zepòl li, epi swiv mwen." Matye 16:24.

Youn nan kle viktwa nan Konba Espirityèl la, se renonse ak pwòp tèt ou. Osi lontan ke ou pa bliye tèt ou, osi lontan ke ou vle viv pou tèt ou, ak osi lontan ke ou vle viv dapre tèt ou, viktwa Konba Espirityèl la prèske san espwa pou ou. Gen yon pri pou peye pou tout bagay enpòtan. Chak viktwa gen yon pri, prepare'w pou peye li. Lè yon pitit Bondye renonse tèt li, batay la vin trè fasil pou li, paske Senyè a ap toujou fè l' viktorye.

7.6- Lafwa

Lafwa a se yon eleman kle nan Konba Espirityèl la. Konba Espirityèl la se yon konba ki opoze nou ak yon mond ke nou pa wè, e ak lènmi yo ki pou laplipa envizib pou nou. Se konsa, se sèlman pa lafwa ke nou ka mennen batay sa a byen. E pou espere viktorye nan batay sa a, gen de danje enpòtan pou evite: Lògèy ak pè.

Nou dwe evite tonbe nan lògèy nan kwè ke satan pa vo anyen, e ke n'ap mache sou li jan nou vle l'. Pa fè okenn erè, satan pa fèb ditou. Li fò, pi fò pase jan nou panse a. Fo ansèyman yo te ba nou lenpresyon ke satan te deja mouri, oswa ke li kouche, ap tann ke chak moun ki pwononse non Jezì, mache sou li. Sa a se fo. Si nou vle viktorye nan batay la kont satan, nou dwe konprann sa dabò satan pi fò pase nou.

Poukisa nou gen viktwa sou satan si li pi fò pase nou? Se paske Jezì Kris nan nou, li pi fò pase satan. Se konsa, toujou kenbe nan tèt nou ke nou pa pi fò pase satan, men Jezì Kris nan nou Li pi fò pase li. Se Mèt nou an e Senyè Jezì Kris ki

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

pi fò pase satan, e se Li ki fè nou viktorye sou satan. Se pa nou antanke moun, ki pi fò pase satan. Pa janm bliye sa a lè n'ap konbat, otreman lògèy ap lakòz lavi nou detwi.

"Men, nou menm, pitit mwen yo, nou se moun Bondye, nou kraze fo pwofèt yo, paske lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo." 1Jan 4:4.

Mwen te rankontre kèk sèk pentkotist kote pastè satan yo mennen fidèl yo pou jwe ak satan chak jou, nan mennen yo pou chante bann betiz chak fwa, pandan y'ap sote. Nou tandè yo tout ap kriye, " N'ap touye satan boom boom..." Epi pandan ke yo ap kriye, yo ap fè gwo mouvman ak men yo tankou moun ki kenbe zam. E yo tèlman kontan pou touye satan boom boom... e lè ou kesyone moun ki touye satan boom boom yo, ou reyalize ke yo pa menm batize nan dlo. Sa vle di ke pastè ajan satan sa yo mennen payen pou touye satan.... Konprann ke se yon teyat ke ajan dyab lougawou sa yo ap jwe ak satan, pou ekspoze lavi kèk pitit Bondye ki toujou nan mitan yo.

Deja nou menm pitit Bondye yo, nou pa kapab touye satan, men pou pitit rebelyon sa yo, se payen ki ka touye satan, e touye l' trè fasilman, jis pa yon mouvman a bouch ak men yo. Bagay komik lan se ke chak jou moun fou sa yo ap touye satan, e chak jou satan toujou la. Mwen toujou di yo ke erezman pou yo satan li menm konnen ke se jwe y'ap jwe avè l'. Si li te pran yo oserye pou yon sèl moman, li ta detwi yo.

Mwen te jwenn tou lòt zeze, ki olye pou touye satan boom, boom, yo pase tan yo ap pilonnen satan, ap mache sou satan, pandan y'ap peze pye yo byen fò sou tè a. Yo te ansenye yo ke satan se anba pye yo li ye, e y'ap mache sou li. Byen-neme, inyorans lan touye.

Nan menm fason an ke nou dwe evite tonbe nan lògèy lè n'ap goumen kont satan, nan menm fason an nou dwe evite tonbe nan pèlen pè a. Si nou vle viktorye nan konba a, nou dwe konprann ke nan non Jezi satan pa vo anyen.

Pou di ke satan pi fò pase nou pa fè de li yon lòt Bondye. Satan se sèlman yon vanite devan Bondye nou an ak Sovè Jezi Kris. Malgre ke li pisan nan je lèzòm, satan se sèlman yon kreyati nan je Bondye. E lè nou konte sou Bondye al goumen satan, nan mete konfyans nou nan Bondye, nan non Jezi Kris Pitit Li a, nou mache sou satan ak sou tout pouvwa li.

Se konsa, pa janm tonbe nan pèlen, byen-neme, nan tranble devan satan, epi pa janm pran risk pou fè fas a satan san pou pa asire nou ke Senyè a avèk nou. Lè nou mete konfyans nou nan Jezi pandan nou ap goumen, viktwa a asire. Se poutèt sa, lè n'ap goumen, nou dwe toujou gen lafwa ke si Mèt nou an ak Senyè Jezi Kris pi fò e pi gran pase satan, lè sa a nan non Li nou plis pase viktorye. Nou dwe konsyan de pouvwa non Jezi Kris, ak san Jezi Kris.

7.7- Pirifikasyon

Pou espere viktwa nan konba a, fòk nou gen krentif pou Bondye epi chèche sanntifikasyon. E pou totalman chape anba atak satan yo ak lame li a, fòk nou mennen yon lavi san repwòch. Pou sa nou dwe yon kote, pirifye lavi nou nan kouri soti nan peche epi konfese peche nou yo chak fwa nou komèt yo, epi sou

lòt kote a pirifye kay nou, nan retire nan kay nou tout bagay ki sèvi kòm yon pòt louvri pou satan. Lis plizyè nan bagay sa yo te bay pi wo a.

Pa kite payen yo fè nenpòt bagay yo vle nan kay nou, sou pretèks ke nou loje yo sèlman pou yon ti tan. Tout moun ki antre lakay nou dwe obeye enstriksyon ki nan kay nou yo. Pa egzanp, nou pa dwe pèmèt payen yo pou gade televizyon nan kay nou konnen ke li se yon abominasyon. Nou pa dwe tou pèmèt travayè (plonbye, elektriksyen, elatriye.) fimen lakay nou. Menm jan nou evite pou sal kay nou, nou pa dwe kite moun ki antre nan kay nou sal li non plis. Kenbe kay nou sen e pou'l pa gen okenn salte.

Sonje ke nan ansyen kontra a, Senyè a te toujou fache ak pèp Li a a koz bann bagay madichonnen yo.

"Konsa tou, pa pran ankenn nan zidòl sa yo pou nou mete anndan lakay nou, pou menm madichon ki sou yo a pa tonbe sou nou tou. Se pou nou konsidere yo pou move bagay, pou vye bagay sal. Se bagay ki madichonnen, bagay ki fèt pou disparèt nèt." Deteronòm 7:26.

Pafwa nou mande tèt nou ki jan pou konnen si sa a oswa ke lòt objè ki nan kay nou yo ka sèvi kòm yon pòt louvri. Repons lan senp: Fè soti nan kay la tout bagay ki pa itil pou nou, ki vle di, tout bagay ki pa sèvi nou anyen, ni sou plan espiyèl, ni sou plan materyèl. Si nou rete kole sou bagay sa yo pou satisfè lanvi je yo, oswa fyète lavi, nou pral tonbe nan pèlen satan an. Bib la ansenye nou ke: **"Nou gen dwa fè nenpòt bagay. Se sa yo di, epi se vre. Men, tout bagay pa bon pou fè. Nou gen dwa fè tout bagay, men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi nan konfyans nan Bondye."** 1Korintyen 10:23.

Nou dwe kenbe nan kay nou sèlman bagay ki itil, ak bagay ki edifye. Se poutèt sa, pou kenbe yon objè, nou dwe kapab jistifye itilite li yo. Pa egzanp, si yon moun te mande nou itilite yon mont-braslè, nou pral di l', tandiske si youn mande nou itilite yon bag, oswa yon chèn, oswa nenpòt ki lòt bijou, nou pa pral gen okenn lòt jistifikasyon pou bay pase lanvi je yo, ak fyète lavi, paske bagay sa yo pa gen absoliman okenn itilite pou nou.

Gen anpil Kretyen ki mete bag yo ke yo te chwazi yo rele "bag maryaj". Nan franse, mo "bag maryaj" la tradwi "alliance" ki vle di "kontra" oswa "bague d'alliance" ki vle di "bag alyans". Lè yo mande yo: Ki kote alyans sa a soti? Alyans an relasyon ak ki sa? E ki moun ki te preskri "alyans" sa a? Yo pa kapab reponn? Sa a montre nan ki pwen pitit Bondye yo te pèdi lespri yo. Olye pou yo se limyè mond lan jan Senyè a te di a, yo chwazi fè mond lan limyè yo. Yo kopye mond lan san yo pa menm panse, san yo pa mande tèt yo yon ti kesyon. Chak fwa kretyen yo dwe marye, yo kopye mond lan tankou si yo te kopye Bib la. Chak fwa yo gen pou yo fè yon bagay, yo konfòme yo avèk modèl mond lan. Mond lan te vin pi bon egzanp pou yo swiv. Pou yo, Bib la se yon bagay nan tan lontan, li pa alamòd ankò. **"Li di konsa: -Piga nou swiv lòt nasyon yo. ... Relijyon moun sa yo pa vo anyen..."** Jeremi 10:2-3.

Nou rankontre anpil kretyen jodi a ak estati ak bann estati ak bann figi nan kay yo. Lè nou mande yo ki sa yo fè ak yo, yo di ke se pou dekore kay la, kòm si

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

demon yo te vin dekorasyon. Epi le pli vit ke nou eseye di yo ke se demon ke yo kenbe nan kay la, gen kèk ki di ke nou wè demon toupatou. Si nou vle dekore kay nou yo, antanke pitit Bondye, nou pa bezwen estati, flè atifisyèl, penti ak lòt tablo monden yo; nou bezwen pawòl Bondye a. Si nou vle viv viktorye, pa kite okenn objè nan kay nou ki se yon pòt louvri pou satan.

"Fè pawòl m'ap di nou la a antre nan kè ak nan nanm nou pou nou pa janm bliye yo! Mare yo sou ponyèt nou ak sou fwon nou pou nou ka toujou chonje yo. N'a moutre yo bay timoun nou yo, n'a repete yo nan zòrèy yo, nou te mèl lakay nou, nou te mèl ap mache nan gran chemen, nou te mèl kouche nan kabann nou, nou te mèl kanpe ap travay. Ekri yo sou chanbrann pòt lakay nou ak sou pòtay lavil nou yo." Deteronòm 11:18-20.

Genyen tou plizyè ki kenbe foto moun ki mouri yo nan kay la, e souvan menm foto kadav yo ak sèkèy; pafwa videyo antèman yo, avèk imaj kadav yo. Lè yo mande yo kisa yo fè avèk yo, yo di ke se souvni. Avèk sa a, yo pa diferan de katolik yo, oswa payen yo, ki chak fwa ale nan simityè pou kriye, oswa pou "medite", jan yo di li a.

Pou viv viktorye, nou dwe konprann nosyon vanite mond lan ak bagay ki nan mond lan. Konnen ke mond lan ap pase, ak tout vanite li yo. Mwen konseye nou pou li epi etidye avè m' liv Eklezyas la.

Lè nou lwe oswa achte yon kay, priye epi kouvri chak chanm nan kay la ak san Jezi. Satanis yo fè degre maji ak pawòl malefik tèrib sou mi yo oswa a tè a oswa nenpòt lòt kote nan kay yo te rete a. Si nou vini apre yo nan kay la epi nou antre epi rete nan kay la san pa detwi degre maji yo ak pawòl malefik yo ki te fèt la, nou pral sètènman trè soufri de sa. Menm bagay la tou pou si nou achte yon machin oswa nenpòt ki lòt byen mèb oswa imobilye.

Nan sans sa a, mwen pral ba nou de ti temwayaj ke Senyè a te akòde nou favè pou viv. Premye a konsène ka yon fanmi kretyen ki te gen yon nouvo kay. Fanmi sa a te deplase soti nan ansyen kay la pou ale nan nouvo a avèk anpil lajwa, paske kay nouvo a te pi gwo pase ansyen an, e tou pi pwòp. Yon fwa nan kay nouvo a, fanmi sa a te rankontre anpil difikilte inabityèl ak pwoblèm ke yo pa t' kapab eksplike. Fanmi an pat ka antann yo menm ankò; madanm lan ak mari a t'ap diskite, Konpòtman timoun yo te vin enèvan. Yo te eseye priye ak konbat otan ke yo te kapab, men ak yon tikal siksè. Yo te viv nan lanfè sa a pandan plizyè ane.

Yon jou, san yo pa reyèlman konnen poukisa, yo te gen lide pou dekore kay la ankò. Mi yo te kouvri ak papyè desine. Olye pou yo mete penti a sou papyè a kòm yo souvan fè, yo pi pito retire papyè desine yo sou mi an. Se la ke yo te dekouvri sa yo pa t'ap tann nan. Mi yo ki nan kay la yo te grave ak gwo degre maji ak pawòl malefik, grafiti ak lòt imaj satanik. Yo tout te sezi. Piske yo te konnen ke nan ansèyman mwen yo, mwen mete aksan sou Konba Espirityèl la, yo te rele m' epi te di, *"Vini wè prèv ansèyman ke w'ap bay pèp Bondye a chak fwa a"*. Mwen te ale la, e sa mwen te wè te choke m'. Malgre ke mwen te pase tan mwen nan ansenye Konba Espirityèl la, mwen pat janm imajine'm pou mwen wè sa mwen te wè jou sa a.

Satanis yo ki te okipe kay sa a anvan yo te deplase, te fè degre maji sou mi yo, epi te kouvri mi an avèk yon bon papye desine. Lè sa a, yo te mete penti sou papye a, fè kay la yon kay byen dekore, e trè prezantab. Kay la te tèlman prezantab ke pa gen yon moun ki te kapab bezwen repentire'l. E menm si yon moun te chwazi repentire kay sa a ankò se tou senpleman nan yon dezi chanje koulè penti an, pa gen anyen ki te kapab pouse yon moun pou retire bèl papye desine a nan mi an. Donk se te pèlen ki te sipoze rete jouk destriksyon kay sa a.

Se donk pa favè Bondye ke montaj satanik sa a te dekouvri. Lè sa a, nou te mennen yon serye Konba Espirityèl nan kote sa a; nou te detwi tout degre maji yo ak pawòl malefik yo, ak tout kontra ki te lye kay sa a ak mond fènwa yo. Lè sa a, nou te priye pou fanmi sa a. Yo te repentire kay la ankò yo retire tout tras degre maji sa yo, epi yo te totalman redekore kay la. Apre sa, yo te jwenn lapè ak lavi nòmal, apre yo fin pase plizyè ane nan yon kalvè ki pa merite. Sa a pèmèt nou konprann ke sous sèten pwoblèm ke nou genyen yo, yo tèlman cache fòk se sèlman favè Bondye pou dekouvri yo.

Dezyèm temwayaj la konsène ka yon lougawou ke nou te konnen nan tan lontan. Lougawou sa a te vin jwenn nou swadizan bay lavi li a Kris. Li te ebèje pa yon sè ki nan Asanble a. Senyè a te revele nou ke li te yon satanis ki nan misyon kont Legliz la, e ke li pat gen okenn entansyon fè vrè repantans, epi nou te chase l' ale. Li te ale rete nan yon fwaye ke gouvènman an pou yon ti tan loje fanm san zabri yo. Li sanble ke youn nan moun ki reskonsab fwaye sa a te yon sè nan Kris ki te konnen nou. Lè lougawou sa a te rive nan fwaye sa a, sè a enfòm m', epi mwen te avèti li kont pèlen an ke lougawou sa a te genyen an. Lè sa a, li te pran bann dispozisyon pou ke lougawou sa a mete anba kontwòl, epi tou pou ke li pa ta dire nan fwaye sa a.

Kèk jou apre, fwaye a te fè lougawou sa a ale, epi yo te bay yon lòt fanm chanm nan. Nouvo fanm nan te antre nan chanm sa a, epi nan demen, yo te jwenn li mouri. Li te touye tèt li. Anvan li te kite, lougawou a te fè degre maji nan chanm lan, e li te kite demon li yo la, pou touye pwochen moun ki ta okipe chanm lan. Malerezman, nouvo fanm sa a ki pat gen Jezi Kris, e ki pat konnen Konba Espirityèl la, te viktim nan tout degre maji yo ke lougawou a fè nan chanm nan anvan pou te kite.

Prensipal leson ki dwe aprann nan temwayaj sa yo se ke lè nou demenaje pou yon nouvo kay, ke se swa nan fason pèmanan oswa tanporè, tankou nan yon otèl oswa yon fwaye, oswa yon kay, mennen Konba Espirityèl la seryezman, e asire nou pou detwi tout degre maji ak pawòl malefik yo ki te fè nan kote sa a, ak tout move lespri yo ki genyen la, anvan pou nou enstale la. ***Pa janm enstale nan yon nouvo kote san pou pa mennen anvan yon Konba Espirityèl serye.***

7.8- Separasyon

Si ou vle fleri nan lavi espiyèl ou, li enperatif ke ou separe tèt ou de tout sa ki se yon obstak pou ou, ak tout moun ki konstitye yon pyèdachopman pou ou. ***"Moun ki pa avèk mwen, se kont mwen yo ye; moun ki p'ap ede m' ranmase, se gaye y'ap gaye."*** Lik 11:23.

Ansèyman sou separasyon an, ke nou toujou jwenn trè difisil pou aksepte, se youn nan kle yo pou viktwa a nan batay la ke satan livre kont nou chak jou. Separe tèt nou ak moun ki pa sikonsi yo, bann rebèl yo ak pawòl Bondye a, ak moun k'ap konbat verite a, ak mantè yo, ak lòt lènmi Bondye, se tou senpleman obeyi Bondye.

Kòm pitit Bondye, nou gen yon devwa pou nou renmen bagay Bondye renmen yo, e pou nou rayi bagay Bondye rayi yo. Nou gen yon obligasyon pou nou wè bagay yo menm jan Bondye wè yo, e pou apresye bagay yo jan Bondye apresye yo. Nou dwe aksepte sa Bondye di, menm si nou pa kontan. Nou dwe konprann bagay yo dapre Bondye, e mo nou yo dwe defini dapre diksyonè Bondye, e non pa selon pa mond lan. Sonje byen ke renmen selon Bondye pa gen anyen pou wè ak renmen selon mond lan; fanmi selon Bondye diferan de fanmi selon mond lan; e amitye dapre Bondye, kanpe byen lwen amitye dapre mond lan.

"Pa mete nan tèt nou se lapè mwen vin mete sou latè; mwen pa vin mete lapè, men mwen vin mete divizyon. Mwen vin mete divizyon ant pitit gason ak papa yo, ant pitit fi ak manman yo, ant bèlfi ak bèlmè yo. Se pwòp fanmi nou ki va pi gwo lènmi nou. Moun ki renmen papa l' osinon manman l' plis pase m' pa kapab moun pa m'. Moun ki renmen pitit gason l' osinon pitit fi l' plis pase m' pa kapab moun pa m'. Moun ki pa pran kwa l' pou l' swiv mwen, li pa kapab moun pa m' non plis. Moun k'ap chache asire lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l' poutèt mwen va jwenn li ankò." Matye 10:34-39.

Konprann trè byen ke nou pa dwe janm pale de renmen andeyò Bondye, sa vle di, Jezi Kris. Zanmi Bondye yo se zanmi nou, e lènmi Bondye yo, se lènmi nou.

"Mwen se zanmi tout moun ki gen krentif pou ou, zanmi tout moun k'ap swiv lòd ou yo." Sòm 119:63.

"Senyè, kouman ou ta vle pou m' pa rayi moun ki rayi ou yo! Kouman ou ta vle pou m' pa gen degoutans pou moun k'ap leve dèyè ou yo? Mwen pa manke rayi yo. Mwen konsidere yo tankou lènmi m'." Sòm 139:21-22.

"Men, Jezi di yo tout: Manman m' ak frè m', se moun ki koute pawòl Bondye a epi ki fè sa pawòl la di." Lik 8:21.

Fanmi nou donk konpoze a tout moun ki renmen Senyè Jezi ak yon renmen ki p'ap janm fini, e zanmi nou yo se moun ki te chwazi verite a, ki renmen verite a, epi ki ap viv nan verite a. Konnen ke tout moun ki pa nan kan Jezi Kris konstitye yon pòt louvri pou nou, e satan ka itilize yo nan nenpòt ki lè pou atenn nou. Pami yo gen payen, ajan dyab lougawou yo, trèt yo, kretyen ipokrit yo, tout moun ki refize verite a, moun ki rejte Senyè a, ak moun k'ap konbat verite a.

"Yon moun ki vin jwenn mwen, si li pa rayi papa l', manman l', pitit li, frè l', sè l', menm pwòp tèt pa l', li pa kapab disip mwen. Moun ki pa pote kwa l' epi ki pa swiv mwen, li pa kapab disip mwen non plis." Lik 14:26-27.

Nou dwe separe tèt nou de tout kategori moun sa yo, e relasyon nou yo ak moun sa yo dwe limite a senp relasyon nòmal, sa vle di, relasyon ki lye yon moun ak

moun ki ap viv nan menm mond lan. Sonje ke nou nan mond lan, san ke nou pa fè pati lemond lan. Chak fwa ansèyman sa a bay, gen bann moun tèt ki di ke yo avèk payen yo, oswa nan reyinyon monden yo chak jou, paske yo vle evanjelize payen yo. Se yon vrè twonpri, byen-neme. Nou pa bezwen plizyè ane pou evanjelize menm moun nan oswa menm moun yo.

Nou ka pa fwa asiste payen yo, oswa patisipe nan kèk bagay y'ap fè, osi lontan ke nou pa konpwomèt tèt nou devan Bondye. Li ka se kamarad klas yo, kòlèg sèvis, oswa vwazen katye yo.

"Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe." Jak 1:22.

Evite kominikasyon ak ajan dyab lougawou yo e moun ki volontèman fè rebèl kont Bondye. Lè moun volontèman fè rebèl kont Bondye, yo vin enstriman trè pwisan nan men satan. Konnen se poutèt sa, ke moun k'ap konbat verite a yo trè danjere.

Moun sa yo ki nan pitit Bondye yo ki ebèje payen yo ak ajan satan yo, yo dwe konprann ke moun sa yo se pòt louvri pou satan nan kay yo. Moun ki, malgre tou, yo fè tèt di epi chwazi pou louvri pòt sa yo, yo dwe prepare pou sibi konsekans yo.

Ann tounen yon ti kras nan nosyon otorite a, pou wè ki jan otorite sa a wè nan mond espirityèl la. Bondye konnen lwa espirityèl yo, e satan konnen yo tou. Bondye konnen lè nou reskonsab, epi satan konnen li tou. Chak fwa nou gen otorite pou ajè nan yon sitiyasyon, Bondye pran nou pou reskonsab si nou pa ajè. E satan konnen sa. Nan Jaden Edenn nan, se te Èv ki te peche, men Adan pat chape. Poukisa? Paske li te nan yon pozisyon otorite, e li te gen reskonsablite pou veye sou Èv.

Nan yon kay, gason an nan pozisyon otorite, e se reskonsablite li pou mete kay la nan lòd pou yo fèmen pòt pou satan. Epi lè li pa fè sa, se li ke Bondye pran pou reskonsab. Sa vle di ke, chak fwa gen pòt louvri pou satan nan yon kay, se moun ki gen otorite a ke Bondye pran pou reskonsab. Se poutèt sa, yon fanm marye pa reskonsab devan Bondye lè mari a refize pirifye kay la, sof si li gen pouvwa sa a pou fè sa san represay mari a.

Menm bagay la tou pou timoun ki toujou minè, ak moun ki toujou ap viv anba twati paran yo. Yo pa reskonsab devan Bondye lè paran yo refize pirifye kay la, sof si yo gen otorite pou yo fè sa san represay paran yo. Yon fanm ki pa anba kouvèti yon gason, se reskonsab kay li, ak timoun ki pa anba kouvèti paran yo ankò, vin reskonsab nenpòt pòt ki louvri nan kay yo.

7.9- Diskresyon

Diskresyon an se yon eleman trè enpòtan nan Konba Espirityèl la. Konnen ke plis satan ak pèp li a gen enfòmasyon sou nou, se pi fasil pou yo pou konbat kont nou. Plis yo konnen plan nou yo, mwens nou efikas kont yo. Se pou nou li kèk egzanp sa yo sou sòlda Senyè a ki te konprann enpòtans diskresyon nan konba a. Nou ka medite tou sou pasaj sa yo: Jozye 2:1, 14; Jozye 8:3-4; ak 1Samyèl 14:1, 11, 22.

"Jedeyon pran dis nan domestik li yo, epi li fè tout sa Senyè a te di l' fè. Men, li te pè fanmi l' yo ak lòt moun yo ki rete nan lavil la. Li pa t' fè sa lajounen, l' al fè l' lannwit." Jij 6:27.

"Lè m' rive lavil Jerizalèm, mwen kite twa jou pase anvan m' fè anyen. Apre sa, mwen leve nan mitan lannwit, mwen pran kèk moun pa m' avè m'. Mwen pati san m' pa di pèsonn sa Bondye te ban m' lide fè pou lavil Jerizalèm. ... Pèsonn nan chèf lavil yo pa t' konnen kote m' te ale ni sa m' te al fè. Lè sa a, mwen pa t' ankò di jwif yo anyen, ni prèt yo, ni chèf yo, ni majistra yo, ni ankenn lòt moun ki te reskonsab travay reparasyon yo." Neyemi 2:11-16.

Pou reyisi sèten kalite degre maji kont nou, ajan satan yo absoliman bezwen enfòmasyon sou nou. Se pou rezon sa a ke chache enfòmasyon an li esansyèl pou yo. **Mwen pran opòtinite nan nivo sa a pou ban nou yon lòt eleman disèneman. Nou pral rekonèt anpil ajan satan nan mitan nou, avèk yon lespri trè pwofon kiryoze.** Osito ke nou rankontre sa yo rele frè ak sè ak yon kiryoze ki depase nòmal, sonje ke yo se ajan satan. Vrè pitit Bondye chèche sèlman enfòmasyon ki pral itil pou yo, epi yo evite fouye nen yo nan bagay ki pa konsène yo.

Se konsa, nou pa dwe etone ke ajan satan a yotoujou ap espyone nou. Yo seryezman bezwen enfòmasyon konsènan nou, pou yo reyisi kèk nan degre maji yo. Se konsa, asire nou pou soti kounye a nan sediksyon an ak riz enstriman satan sa yo ki toujou nan mitan nou, epi k'ap esplwate tout opòtinite pou ekstrè kèk enfòmasyon sou nou, menm enfòmasyon ki nòmalman ki pa pral janm sèvi yo anyen.

Kenbe nan tèt nou tou ke nou pa bezwen reponn tout kesyon ke moun yo poze nou, sof si nou devan moun k'ap poze nou kesyon rezonab, nan bi pou ede nou. Nou wè isit a egzanp Jezi devan sadisèyen yo: **"Jezi antre nan tanp lan, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Chèf prèt yo avèk chèf fanmi ki t'ap dirije pèp jwif la vin di li: Ki dwa ou genyen pou w'ap fè tout bagay sa yo? Kilès ki ba ou otorite sa a? ... Jezi di yo: Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou ki dwa mwen genyen pou m' fè bagay sa yo."** Matye 21:23-27.

Aprann pou di non lè sa nesesè, epi aprann reziste a riz ajan dyab yo, ki pa bann fason dous pou tronpe nou ak pawòl manti pou pouse nou ba yo tout enfòmasyon y'ap chèche sou nou, nan bi pou fè nou mal. E ajan satan sa yo toujou renmen pou yo nan sant tout enfòmasyon, e pa sediksyon yo, yo konnen kijan pou fè moun fè yo konfyans. Yo ba nou lenpresyon ke yo vle ede nou, yo menm kite lidè nou yo sou kote, e pretann yo gen plis atantif pou nou pase moun yo ki ap mennen nou yo. Yo vle konnen tout bagay sou nou pou pi byen reyisi degre maji yo a ak pawòl malefik yo a. Fè plis vijilan kounye a, epi nou pral trape yo.

7.10- Vijilans

Nou dwe mennen yon vi de vijilans, nan fè atansyon sou tout bagay, dapre konsèy Senyè a. Menm jan ak Jòb, nou dwe veye sou tèt nou, sou pitit nou yo, sou kay nou, ak sou tout sa ki pou nou: **"Te gen yon nonm yo te rele Jòb. Li te rete nan peyi Ouz. Se te yon nonm san repwòch ki te mache dwat nan tou sa l'ap fè. Li te gen krentif pou Bondye, li te toujou ap chache fè sa**

ki byen. ... Pitit gason Jòb yo te konn reyini yonn lakay lòt pou fè gwo resepsyon. Konsa, yo chak te gen jou pa yo. Yo te toujou envite twa sè yo vin manje, vin bwè ansanm ak yo tou. Chak lè yo fin fete konsa, Jòb fè yo tout vini lakay li. Nan maten, anvan bajou kase, li leve, li boule ofrann bay Bondye pou mande padon pou yo chak. Li te toujou fè sa, paske li t'ap di nan kè l': Ou pa janm konnen. Pitit gason m' yo ka fè peche, yo ka di sa yo pa t' dwe di sou Bondye, san yo pa fè espere." Jòb 1:1, 4-5.

Konsènan timoun yo, ba yo edikasyon ki dapre Senyè a, e non pa selon mond lan. E sitou pa tonbe nan pèlen lwa satanik yo ki di ke paran yo pa gen okenn dwa ankò pou yo korije timoun yo. Nou dwe korije timoun yo chak fwa sa nesèsè, pou mennen yo nan larezon, e pou sove nanm yo pou yo pa mouri. **"Ou pa bezwen pè bat yon timoun. Yon bèl kal, sa p'ap touye l'. Okontrè, si ou bat li, w'a sove nanm li pou l' pa mouri."** Pwovèb 23:13-14. **"Si ou pè bat pitit gason ou, ou pa renmen l'. Si ou renmen l', se pou ou korije l'."** Pwovèb 13:24.

Nou dwe mete yo a labri tout distraksyon yo ak abominasyon yo ki nan mond sa a, mete yo a labri televizyon ak jwèt videyo yo, ki se bann vrè enstriman reyèl nan men satan jodi a, pou inisye timoun yo. Mwen p'ap janm fatige e di nou ke televizyon li piman satanik, e destriktif pa sèlman pou pitit nou yo, men tou pou nou.

Pitit nou yo dwe konnen yo pa gen dwa pran bagay nan men moun epi mete yo nan bouch yo. Yo dwe konnen **tout bagay** dwe toujou sanktifye anvan yo manje. Yo dwe konprann ansèyman sa a sou riz ak travay satan yo byen tankou nou menm, nan bi pou ede nou nan batay la.

Nou dwe disipline timoun yo nan fason pou yo aprann manje bon moman pou yo pa manje kan yo pa dwe manje, pa manje nan dezòd, epi pou yo pa manje deyò. Mennen yo pou kouri byen lwen tout ti friyandiz yo ke ajan satan yo sèvi pou inisye timoun yo, tankou sirèt, bonbon, ti gato, chokola, elatriye. Abitye timoun yo pou yo kouri byen lwen bagay sa yo konplètman.

Rekòmande timoun yo pou yo pa pran anyen nan men moun, swa sou wout yo oswa nan lekòl la. Asire nou ke pitit nou yo gen tout zouti sal klas yo tankou kreyon, plim, elatriye. Se konsa, pou yo pa ap mande bagay sa yo ak kamarad klas yo. Lekòl yo ranpli ak ti ajan dyab malerezman, k'ap esplwate chak ti opòtinite pou inisye lòt timoun yo. Se konsa, pran anpil prekosyon.

Lè nou dwe achte yon bagay, veye sou etikèt yo, modèl yo, imaj yo, desen yo, ekriti yo oswa siy ki sou yo. Anpil pwodwi ke nou achte deja anonse pwòp madichon yo, epi nou pa dwe achte pwodwi sa yo sou pretèks ke nou pral pirifye yo. Menm bagay la tou pou bagay ke yo ofri nou yo.

Pa egzanp, nou jwenn swa rad, swa bann pwodwi, swa bann pafen oswa deodoran sou yo ke yo ekri posesyon, sediksyon, obsesyon, rebelyon, revòlt, boa, mwen disponib, jalouzi, revanj, sexy, elatriye. Lis la long. Yo chwazi anonse nou ki kalite madichon ke nou achte, ak ki kalite demon ki pral posede nou. Fòk ou se yon moun fou pou achte pwodwi sa yo nan bi pou pirifye yo.

Plizyè fanm, gen ladan menm ti fi, te envolontè vin fanm movèz vi, a koz bann degre maji ak pawòl malefik ki mete sou diferan kilòt ke yo achte oswa resevwa kòm kado. Lè nou wè donk fanm sa yo k'ap fè prostitisyon, pa kondannen yo san chache konprann sa k'ap pase yo. Trè souvan yo anba degre maji ak pawòl malefik tèrib. Anpil sèk satanik tankou roz-kwa, ofri patizan li yo pouvwa satanik pou fè degre maji sou fanm epi pou pran yo jan yo vle.

Se pa fanm yo sèlman ki livre ak satan nan fason sa yo; se tout mond lan nèt ki ekspoze. Se poutèt sa Bib la di nou nan 1Jan 5:19 **"*tou sa ki sou latè anba pouvwa satan.*"** Lè sa a, nou konprann ke batay la reyèlman difisil. Non sèlman nou dwe goumen pou tèt nou, nou dwe tou goumen pou libere moun inosan sa yo ki chak jou viktim satan ak ajan l' yo. Nou dwe asosye vijilans avèk fèmte, rigè ak disiplin. Yon sèl grenn konpwomi koute chè, trè chè.

7.11- Pridans

"Gade, M'ap voye nou tankou mouton nan mitan chen mawon. Se sak fè, se pou nou sou prigad nou tankou sèpan, se pou nou senp tankou pijon." Matye 10:16.

Pridans se youn nan rekòmandasyon Senyè a ban nou yo. Plis nou konprann Konba Espirityèl la, plis n'ap konprann ke pa gen okenn rekòmandasyon yo ke Bondye te ban nou pou anyen. Mond espirityèl la se yon mond patikilye, e lwa espirityèl yo byen konplèks. Sèlman vrè sekre pou nou, pou nou pwoteje kont tout bagay, e santi nou an sekirite, se obeyisans ak Bondye. Lè nou obsève pawòl Bondye a jan Li te bay li pou nou an, nou chape anba tout pyèj lènmi an.

8- KI JAN KONBAT KÒM YON VENKÈ

Pou konbat kòm yon viktorye, ***nou dwe obsève tout prensip konba yo jan nou te etidye yo a, nan chache sanntifikasyon, lavi nou.*** Konba ke chak vrè pitit Bondye dwe mennen, konsiste pou netralize divès kalite demon yo k'ap opere nan mond lan, nan bi pou chape anba atak yo a, epi tou pou pwoteje tout lòt moun yo ki, tankou nou, se sib lame satan an.

8.1- Detwi sous fòs ak pouvwa ajan satan yo

Satanis pou yo fò e pwisan, yo bezwen manje kò moun ak bwè san moun, ou pa fwa, pa bèt yo. Se poutèt sa yo fè degre maji pou koze anpil aksidan, ak anpil krim, pou kolekte san ak kò moun. E plis yo manje vyann epi bwè san, plis yo jwenn fòs espirityèl. Pou rezon sa a, yo gen nan mond yo, gwo rezèv kò moun ak bank san yo, ke yo founi chak fwa.

Pou fè satanis sa yo mwens aktif, nou dwe atake sous fòs ak pouvwa yo a, lè sa a, frappe yo pa dife Bondye tout kote nou kapab, e kòm regilyèman jan nou kapab. Nou bezwen pou detwi rezèv san ke yo genyen nan bank san yo a, vyann imen ak poud imen nan estòk yo, ak tout lòt rezèv yo ke yo ka genyen.

Satanis yo pou konbat nou, yo itilize plizyè enstriman tankou ekran, kamera, satelit, rada, miwa satanik, antèn, ak lòt aparèy kominikasyon. Nou dwe detwi asenal sa yo nan lagè chak fwa. Konnen ke lè nou detwi yo, yo rebati yo. Se poutèt sa, pa kwè ke lè nou detwi yo yon fwa tout bagay fini. Osi lontan ke satan egziste, li pral ekipe tèt li pou konbat pèp Bondye a. Se konsa, pa fatigue nan

batay sa a. Li se yon batay ki pral dire osi lontan ke pèp Bondye a pral sou latè, e osi lontan ke satan pral nan libète.

8.2- Dispèse reyinyon ajan satan yo

Yon lòt eleman konba pou nou, ta dwe dispèse reyinyon yo chak fwa, piske se pandan diferan reyinyon sa yo ke yo òganize tèt yo pou atake nou. Nou dwe voye dife Bondye nan diferan kote yo rankontre yo ki se: simetyè yo, lanmè yo, oseyan yo, rivyè yo, flèv yo ak diferan kouran dlo yo, forè yo, anlè a, pak yo, mòn yo, vale yo, nayklèb yo, lopital yo, pyebwa yo, kay abandone yo, tanp katolik yo, tanp boudis yo, lòt tanp relijye yo, tanp sèk yo, jaden piblik yo, wout yo, ray yo, pak atraksyon yo, mize yo, pub yo, sipè makèt yo, moske yo, estad yo, lekòl yo, tinèl yo ak pon yo, kote atraksyon yo, elatriye.

Gen kèk kote ki te rete sispèk pou yon tan long, ki bay aparans kote lapè ak sekirite. Sa yo se tanp yo ak bilding nan kèk sèk pentkotist ki rele legliz reveye yo. Ak tout diferan temwayaj nou te resevwa, nou koulye a konnen ke gwo ajan dyab lougawou sa yo ke nou rele gwo sèvitè Bondye yo pa inyorans, yo fè alyans ak mond satanik la pou yo popilè, e pou vin grannèg nan je yo mond lan. Satan lè sa a, ba yo anpil degre maji ak pawòl malefik pou yo antere nan sal legliz la, oswa menm nan plas kote yo pral bati bilding lan, nan bi pou posede fidèl yo. Lye yo kote ki konstwi gwo bilding legliz sa yo ke yo rele legliz reveye yo, yo sibi menm degre maji ak pawòl malefik ak alyans satanik tankou tanp katolik yo. Kote sa yo abominab tou e danjere menm jan an ak lòt kote satanik ke nou te mansyone kòm kote pou nou pa frekante. Nou dwe tou toujou ap frappe kote sa yo ak dife Bondye, detwi tout pouvwa fènwa yo ki te antere la, e libere tout fidèl inyoran yo ki viktim alyans ki te siyen pa ajan dyab pastè yo ak satan.

8.3- Diferan aksyon pou mennen

- Simen konfizyon nan mitan twoup satan yo;
 - Priye chak fwa pou simen konfizyon nan kan yo ak nan lame yo;
 - Priye pou ke mechan yo tonbe yo menm nan pyèj yo ke yo mete pou nou yo;
 - Retounen sou ajan satan yo tout flèch ke yo te dirije sou nou yo;
 - Voye dife Bondye pou kontrekare tout demon ke yo voye kont nou;
 - Voye dife Bondye nan laboratwa yo ak tanp satan yo;
 - Detwi ayewopò satan yo ak wout yo ki anba lanmè a.
 - Seche tout san ke yo genyen nan bank san yo;
 - Detwi tout vyann imen ak poud imen ke yo gen nan estòk yo;
- Voye dife Bondye pou frappe demon k'ap lakòz aksidan yo, epi detwi degre maji yo ke yo fè sou wout yo;
- Voye dife Bondye kont ajan satan ki toujou ap jene ak lapriyè pou sèvitè Bondye yo tonbe.
 - Voye dife Bondye detwi enstalasyon yo ak ekipman satan ke nou te mansyone yo;
 - Frappe pa dife Bondye diferan demon yo ki kontwole diferan nasyon yo;
 - Frappe pa dife Bondye ajan satan yo ki ap jene ak priye kont kretyen yo;
 - Anile tout pwojè yo kont nou.

Anplis gwo laboratwa satan yo, chak satanis gen yon laboratwa pèsònèl pa li kote li egzekite pratik li yo. E nan laboratwa sa yo, yo toujou gen estòk vyann ak san imen.

- Detwi tout laboratwa sa yo, ak tout sa yo gen ladan yo;
- Regilyèman voye dife Bondye kont ajan dyab lougawou yo ak ougan manbo yo kote n'ap viv, ak nan lòt kote, selon jan nou dirije pa Sentespri;
- E pou moun k'ap transfòme an bèt yo ak objè yo, detwi pouvwa transfòmasyon yo, epi frape yo ak dife Bondye. Detwi nouvo fòm yo pran an.

- Pou moun ki soti nan kò yo, kraze yo epi frape yo ak dife Bondye. Detwi kò yo ke yo mete sou yo a pou fè operasyon yo;
- Frape demon yo ki kenbe divès kote kaptif, e detwi anpi yo sou kote sa yo;
- Lè nou gen yon atak, nou dwe toujou detwi demon ki dèyè atak sa yo;
- Detwi chak fwa enfòmasyon sou nou, ke satan ak ajan li yo kenbe nan mond yo a.

- Satan ak demon'l yo souvan fè efò pou bloke benediksyon nou, ak repons priyè nou yo. Nou dwe libere benediksyon sa yo nan non Jezi Kris, e voye dife Bondye pou detwi men yo ki kenbe benediksyon sa yo;
- Libere repons priyè yo ke yo kenbe yo, nan non Jezi Kris, epi voye dife Bondye frape demon yo ki kenbe yo a;
- Voye dife Bondye pou detwi tout pwojè yo, ak pwojè yo ke yo toujou ap planifye.

- Nou dwe pirifye twalèt yo ak telefòn piblik yo anvan nou sèvi ak yo, chèz piblik yo anvan nou chita sou yo; nan yon mo, lapriyè san rete, pirifye tout bagay, ak kouvri tout bagay ak san Jezi.

Pou etidyan ki souvan pataje chanm ak pataje douch ak twalèt, nou dwe pran anpil prekosyon. Fè atansyon a tout twalèt ak douch pataje yo. Pa **janm** itilize yo san pirifye yo. Sa yo se kote ke satanis yo esplwate chak fwa pou fè degre maji kont nou. E konnen ke nan mitan elèv yo ak etidyan yo gen anpil gwo ajan dyab ke nou inyore.

Lè nou achte yon bagay, epi yo ban nou monnen, nou dwe kouvri lajan sa a avèk san Jezi, e menm retrè nou fè dwe kouvri. Kouvri tout tranzaksyon nou avèk san Senyè Jezi Kris.

Priye toujou pou kouvri tout manje ki nan diferan mache yo avèk san Jezi. E lè nou antre nan yon magazen, sipè makèt oswa mache, nou dwe kouvri tout aliman yo ki nan mache a, e kraze tout degre maji ke yo te fè la. Nan fè sa, nou sove dè milye de moun inosan ki te ka manje degre maji sa yo epi pou afekte pa yo.

Nou dwe kouvri tout vwayaj nou yo, tout bagay nou yo ak tout aktivite nou avèk San Jezi Kris. Lè nou gen vwayaje nan machin, oswa pa nenpòt ki lòt mwayen transpò, voye dife Bondye detwi tout demon ki ap tann nou sou wout la. Voye dife Bondye chak fwa sou tout wout yo nou pral pran yo, epi kouvri tout wout sa yo ak san Jezi. Evite pran moun nan machin nou yo sou wout la, espesyalman lè nou pou kont nou.

Nou trè souvan wè imaj je toupatou kounye a, swa sou postè, sou afich sou wout la, oswa sou rad, elatriye. Je sa yo se pa sèlman imaj jan nou panse a. Yo se je reyèl, vrè je espirityèl ki ap gade nou. Nou pa dwe achte pwodwi avèk imaj sa yo sou li. E pou je sa yo ke nou wè sou afich ak postè yo, nou dwe frape yo ak dife Bondye. Menm bagay la tou pou imaj zòrèy yo, lòt imaj siy satanik yo, ak afich pònografik ak lòt afich abominab ke nou jwenn toupatou. Nou dwe anile tout degre maji ki dèyè bagay sa yo.

Toujou ap frape ak dife Bondye je satanik yo ki brake sou nou yo, ak zòrèy satanik k'ap koute konvèzasyon nou yo. Detwi yo pa dife Bondye. Epitou voye dife Bondye chak fwa detwi kamera satanik yo ki fikse sou nou yo, ak ekran yo avèk yo ke y'ap kontwole lavi nou yo.

Anpil grafiti ak etikèt yo ke nou wè tout kote kounye a se tou gwo degre maji satan ki dwe detwi totalman pa dife Bondye.

Byen-neme, vin konbatan. Toujou kouvri wout nou yo pa san Jezi. Konnen ke nou gen pouvwa pou mete yon fen nan kanpay satanik sa a kolekte san sou wout yo ke yo rekonèt kòm wout mòtèl ozalantou nou ak lòt kote. Nou jis bezwen toujou ap frape demon aksidan ke yo voye sou wout sa yo.

Nan menm fason an nou ka sispann aksidan sou wout yo, nou ka tou libere anpil inosan soti nan lòt soufrans pa frape diferan demon yo ki an chaj kalamite sa yo. Gen lòt kalamite tankou maji, pwostitisyon, divòs, swisid, adiltè, debòch, vòl, kadejak, touye moun, koripsyon, omoseksyèl, elatriye. Regilyèman voye dife Bondye detwi demon ki reskonsab kalamite sa yo.

Genyen tou sèk tankou fran-masonnri, ròz-kwa, eckankar, ak lòt sèk satanik, ki kenbe gouvènman ki nan nasyon yo kaptif. ***Toujou ap voye dife Bondye pou detwi demon yo ki reskonsab sèk sa yo, epi detwi anpi yo sou gouvènman nou an.***

8.4- Kouman priye

Lè nou vle bay lòd ke mond espirityèl la dwe obeye, se nan entèlijans ke nou dwe priye, piske fòk nou byen konprann sa n'ap mande yo. Pou rezon sa a, yon pati nan konba yo dwe fè nan entèlijans.

Lè nou reyèlman vle konbat, evite lapriyè pandan nou chita, epi evite lapriyè sou jenou nou. Satan byen vit pran nou nan pèlen fè nou dòmi nan pozisyon chita oswa ajenou yo. Nou dwe konbat kanpe. ***Vèy denwi yo ak louwanj yo, yo trè bon zouti konba.***

Chak fwa, frè yo mande m' pou di yo ki jan pou yo fè sa a oswa kalite lapriyè sa a. Mwen toujou jennen sou repons pou reponn lan, paske mwen jwenn li pi bon pou ankouraje pitit Bondye yo souvan pou yo fòmile pwòp lapriyè yo, pase pou ba yo lapriyè ki tou pare pou repete. Dezavantaj pou resite yon lapriyè, se ke lè nou bliye yon mo, nou pa konnen ki sa pou di ankò. Sepandan, kòm yon egzanp, mwen pral eseye fòmile kèk priyè, ki ka ban nou yon endikasyon, oswa kèk direktiv sou kijan pou lapriyè. Men, pa limite tèt nou bay kèk priyè sa yo, oswa

mo mwen te itilize yo. Nou dwe a baz egzant sa yo, fòmile pwòp lapriyè nou dapre ka ke nou trouve nou yo.

8.5- Kèk egzant priyè pou konba

Nou tout demon aksidan ke yo voye sou wout yo, mwen frappe nou ak dife Bondye nan non Jezi Kris, epi mwen detwi tout degre maji ak pawòl malefik yo ke nou te fè sou wout yo avèk dife Bondye nan non Jezi Kris.

Tout flèch yo ak degre maji ke nou te dirije kont nou, mwen voye yo tounen ba nou nan non Jezi. Mwen bay lòd pou pwòp flèch nou yo pèse nou epi detwi nou nan non Jezi.

Nou demon yo ak lòt ajan satan yo, mwen anile tout pawòl nou yo ak degre maji nou yo kont nou nan non Jezi Kris. Mwen detwi tout pwojè nou yo kont mwen pa dife Bondye nan non Jezi...

Mwen seche tout san nou gen nan bank san nou yo avèk san Jezi Kris; Mwen detwi pa dife Bondye tout vyann imen ak poud imen ke nou gen nan estòk, nan non Jezi.

Mwen detwi tout ekran nou yo ak tout satelit nou yo, osi byen ke tout miwa satanik ke nou itilize pa dife Bondye nan non Jezi Kris.

Nou demon yo ki kenbe benediksyon m' yo, mwen frappe nou pa dife Bondye nan non Jezi Kris, epi mwen lage tout benediksyon mwen yo nan non Jezi Kris.

Nou demon ki bloke repons priyè m' yo, mwen voye dife Bondye pou paralize nou nan non Jezi Kris, epi mwen lage repons priyè mwen yo nan non Jezi Kris.

Nou demon fran-mason, mwen frappe nou pa dife Bondye nan non Jezi Kris.

Nou tout ajan satan ki ap jene kont nou, mwen frappe nou pa dife Bondye nan non Jezi

Mwen detwi tout enfòmasyon mwen yo ke nou kenbe nan mond fènwa nou yo pa dife Bondye nan non Jezi Kris, epi mwen anile tout degre maji yo ke nou te fè kont mwen atravè enfòmasyon sa a nan non Jezi Kris.

Tout objè m' yo, cheve, zong, rad, ak lòt yo ke nou kenbe ...

Mwen voye dife Bondye nan tout simityè yo pou frappe tout demon yo k'ap opere la, e mwen detwi tout aktivite k'ap fè la, nan non Jezi Kris.

Nou tout ajan dyab lougawou yo k'ap opere nan katye sa a, mwen detwi tout pouvwa nou pa dife Bondye nan non Jezi Kris, e mwen detwi tout laboratwa nou yo ak travay nou yo nan non Jezi Kris. Mwen libere tout moun ke nou kenbe kaptif nan non Jezi Kris.

Mwen voye dife Bondye pou dispèse reyinyon nou yo nan non Jezi Kris, e mwen simen konfizyon nan mitan nou nan non Jezi Kris. Se pou tout demon ki te voye kont nou, vire youn kont lòt epi detwi youn ak lòt nan non Jezi Kris.

Simen konfizyon nan kan satan se yon zam trè pwisan pou nou. Lè Senyè a simen konfizyon nan mitan yo, yo detwi youn ak lòt pandan ke nou n'ap repoze nou. Men kèk egzanp nan Bib la: Jij 7:22; 1Samyel 14:20; 2Kronik 20:23.

"Antan twa san moun Jedeyon yo t'ap kònen twonpèt yo, Senyè a menm t'ap fè moun Madyan yo yonn ap goumen ak lòt..." Jij 7:22.

"Li leve ansanm ak moun ki te avè l' yo, yo ale kote batay la te cho a. Moun Filisti yo menm te fin pèdi tèt yo, yo t'ap goumen yonn ak lòt." 1Samyel 14:20.

"Moun peyi Amon yo ak moun peyi Moab yo atake lame moun mòn Seyi yo, yo detwi yo nèt. Lèfini, yo vire yonn sou lòt nan yon chen manje chen, yonn touye lòt." 2Kronik 20:23.

8.6- Anvan dòmi

- Veye dife Bondye nan rivyè yo, lanmè yo, pye bwa yo, an lè a, forè yo, lopital yo, simityè yo, pak yo, estad yo, bwat de nwi yo, ba restoran yo, lòt zòn kote demon sa yo rankontre nan mitan lannwit pou planifye atak kont nou;
- Anile pouvwa transfòmasyon moun sa yo k'ap soti nan kò yo pou opere;
- Antoure kay nou ak san Jezi Kris oswa dife Bondye, e bay lòd pou demon yo pa apwoche li;
- Bay demon yo ki pral eseye vyole baryè yo ke nou te mete yo lòd, dwe detwi pa dife Bondye;
- Kòmande yon bon somèy.

8.7- Avètisman

Kòm mwen te di anvan, premye eleman ki nesèsè pou Konba Espirityèl la, se verite a. Pa ale nan konba si nou pa vle viv nan verite a. Li ta trè riske pou nou.

Konnen ke plis nou konbat, plis satan konbat nou. Se konsa, si nou vle angaje nou nan Konba Espirityèl la, prepare nou pou viv yon lavi sanntifikasyon, nan fè atansyon pa louvri pòt yo pou satan. E chak fwa nou louvri yon pòt, fèmèn li san pèdi tan.

Kenbe nan tèt nou tou ke satan pral pase tout tan l' ap veye nou, pou pran revanj sou nou, epi si li jwenn yon ti fay, li pral esplwate li. Se yon bon bagay pou nou konnen ke satan ap veye nou. Sa ban nou plis angajman nan chache sanntifikasyon.

9- KI JAN POU FÈMÈN PÒT YO

Tout pòt louvri pou satan ka sèlman fèmèn pa repantans ak lapriyè. Si se peche, konfese yo, e abandone yo. Apre sa, nou priye epi pou pran otorite sou tout demon yo ki te eksplwate pòt sa yo ki te louvri yo. Nou chase tout sa ki te ka enstale nan nou; nou frape pa dife Bondye tout sa ki te ka gen yon kontwòl sou lavi nou; epi fèmèn pòt sa yo ke nou ouvè yo, avèk san Jezi Kris. Pou fè travay sa a byen, sèvi ak ansèyman ki rele ***"Delivrans Pèsonèl la"***, ke n'ap jwenn sou sit www.mcreveil.org a.

Si se moun oswa bèt, separe nou ak yo pli vit ke posib.

Si yo se objè, debarase nou de yo pi vit ke posib. Si yo se pwòp objè nou, jete yo lwen. Si yo se objè ki prete, remèt yo. Si li konsène objè vòlè, gade nan ansèyman ki rele **"Restitasyon an"**, ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org.

Si se bagay ke nou te bay moun, swa nou rekipere yo si nou ka rekipere yo, oswa nou priye pou kraze lyen sa yo si nou pa ka rekipere yo menm ankò. Si se pawòl oswa madichon, anile yo nan non Jezi Kris. Si se objè nou ke satanis yo kenbe nan mond yo a, priye pou kouvri objè sa yo ak san Jezi, epi detwi yo ak dife Bondye.

Si se dèt ke nou genyen, mande Bondye padon epi chèche peye dèt yo si nou kapab, e anile lyen ki te mare yo. Nan nenpòt ka, le pli vit ke nou fini, priye pou pran otorite sou tout demon yo ki te eksplwate pòt sa yo ki te louvri yo. Frape yo, epi fèmen pòt sa yo definitivman avèk san Jezi Kris.

Gen yon gwo avantaj nan fèmen tout pòt ki ouvè a satan nan lavi nou. Lè nou te veye pou nou fèmen tout pòt yo, epi lè nou fè efò pou nou viv san yon pòt ouvè, nou pa sèlman apwoche sali a avèk konfyans, men tou, nou pa pè menm lè yon malè frappe nou. Nou totalman chape anba peche kilpablite, epi nou san panik nan ka malè, tankou frè nou Jòb.

9.1- Veye kont-atak

Lè n'ap konbat, pa panse ke satan pral aplodi nou pou detwi travay li yo ak enstalasyon l' yo. Li prepare kont-atak san pèdi tan. Se konsa, nou dwe pran prekosyon pou kontrekare kont-atak l' yo anvan li menm voye yo. Pou sa, lè n'ap mennen yon konba, kòm nou deja konnen ke satan pral voye flèch li yo ak demon yo kont nou an retou, nou dirèkteman angaje yon lòt konba pou frappe pa dife Bondye demon ki pral voye kont nou yo, e retounen imedyatman tout flèch yo ke yo pral voye kont nou yo. Tounen yo sou moun ki pral voye yo a, nan bay lòd pou yo detwi pa pwòp flèch yo, epi pou ke yo tonbe nan pyèj ke yo te mete pou nou yo.

9.2- Dekourajman

Pa bliye ke yon lòt redoutab zam satan kont nou se dekourajman. Toujou ap frappe demon dekourajman yo, epi pa kite nou pran nan pèlen dekourajman. Kèlkeswa sitiyasyon n'ap travèse a, kèlkeswa difikilte n'ap andire yo, pa tonbe nan dekourajman. Sonje ke se Senyè a Bondye nou an, ki gen dènnye mo a.

Menm si nou rive komèt peche yo devan Bondye, pa ki te nou pote ale pa dekourajman. Senyè a se sèl ki jistifye. ***"Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pèsonn. Paske se Bondye menm ki fè yo gras! Ki moun ki kab kondannen yo? Pèsonn. Paske Jezi Kris te mouri. Sak pi rès ankò, li leve soti vivan nan lanmò, epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap plede pou nou."*** Rom 8:33-34.

Kriye devan Bondye, konfese peche nou yo, epi retounen nan batay la. Satan toujou fè tout efò pou pouse nou nan bout fòs nou, kenbe sa a nan tèt nou. Men, ***"Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa? Osinon, kè sere? Osinon, pèsekisyon? Osinon, grangou, mizè, Sous & Kontak: Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org> E-mail: mail@mcreveil.org***

gwo danje, lanmò?" Rom 8:35. Bib la di: ***"Paske nan batay n'ap mennen kont peche a, nou pako goumen jan nou ta dwe jouk pou nou ta mouri."*** Ebre 12:4.

10- KI MOUN KI SE LÈNMI NOU

Pa tonbe nan pèlen lè nou pale de Konba Espirityèl, pou mal entèprete pawòl Senyè a ki di: ***"Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou..."*** Matye 5:44. ***"Okontrè, dapre sa ki ekri ankò: Si lènmi ou grangou, ba l' manje. Si li swaf dlo, ba l' bwè. Lè ou fè sa, se yon chalè dife ou mete nan kò l' pou fè l' chanje."*** Rom 12:20.

Lè Senyè a pale de lènmi isit la, Li pa pale de satan ak demon mechan l' yo, Li pale de moun chanèl ki trè souvan se lènmi nou. Senyè a pap janm mande nou pou beni satan ak demon l' yo, oubyen pou fè yo byen. Ni li pap mande nou pou bay satan ak demon l' yo manje. Konnen donk byen konprann siyifikasyon pawòl Bondye a.

"Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a." Efez 6:12.

Moun sa yo ke Senyè a konsidere kòm lènmi nou yo ke nou sipoze beni an, se kò a ak san jan nou mansyone pi wo a. Sepandan, nou dwe goumen ak tout lòt lènmi ki mansyone yo. Men kote nesesite Konba Espirityèl la.

11- KÈK VÈSÈ

Kòm pou pasaj ki soti nan pawòl Bondye a konsènan lapriyè konba a, nou gen ase nan Bib la, espesyalman nan Sòm yo. Isit la se kèk nou te chwazi pou nou:

Sòm 5:10 "Se mechan yo ye. Kondannen yo, Bondye. Gate tout plan yo te fè. Pou valè peche yo fè, wete yo devan je ou. Paske se kenbe y'ap kenbe tèt ak ou."

Sòm 7:6 "Senyè, leve non! Mete ou ankòlè! Leve, pran pozisyon kont lènmi m' yo ki fin debòde. Leve non! vin pote m' sekou, paske se jistis ou m'ap chache."

Sòm 28:4 "Pini yo pou sa yo fè, pou tout sa yo fè ki mal. Pini yo pou tout sa yo fè, ba yo sa yo merite."

Sòm 40:14-15 "Moun k'ap chache touye m' yo, se pou yo tout wont, se pou yo pa ka leve tèt yo. Moun ki anvi wè malè rive mwen, se pou yo renka kò yo, se pou yo wont. Moun k'ap lonje dwèt sou mwen yo, se pou sezisman pran yo tèlman yo wont."

Sòm 58:6-8 "Bondye, tanpri, kase dan nan bouch yo! Kase kwòk dan jenn lyon yo, Senyè! Se pou yo disparèt tankou dlo lavalas k'ap koule desann. Se pou moun kraze yo anba pye tankou zèb sou gran chemen. Se pou yo fonn tankou mantèg nan solèy. Se pou yo pa janm wè solèy tankou ti bebe ki fèt tou mouri."

Sòm 59:13 "Lè ou an kòlè, fini ak yo. Fini ak yo nèt, fè yo disparèt. Fè tout moun konnen se Bondye k'ap gouvènen nan peyi Jakòb la. Se li k'ap gouvènen toupatou sou latè."

Sòm 71:13 "Se pou moun k'ap atake m' yo wont, se pou yo disparèt. Wi, se pou yo wont, se pou moun pase yo nan rizib, moun sa yo ki te vle wè malè rive mwen."

Sòm 83:13-18 "Bondye mwen, gaye yo tankou pousyè nan toubouyon, tankou pay van ap pote ale. Tankou dife k'ap boule nan rak bwa, tankou flanm dife k'ap mache boule mòn yo, se konsa pou ou kouri dèyè yo ak gwo van tanpèt ou a. Fè yo pè ak gwo van siklòn ou yo! Fè yo wont, fè yo blije kache figi yo, Senyè, pou yo ka chache konnen ou. Se pou yo wont nèt jouk yo pa konn sa pou yo fè. Se pou yo kouri kache, se pou yo mouri. Fè yo konnen se ou menm sèl ki Senyè, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè."

Sòm 86:17 "Fè kichòy pou mwen, Senyè! Fè moun ki pa vle wè m' yo wont, lè yo wè se ou menm ki pote m' sekou, se ou menm ki ban m' konsolasyon!"

Sòm 119:78 "Bann awogan sa yo k'ap fini avè m' san rezon an, se pou yo wont. Mwen menm, m'ap kalkile lòd ou ban mwen yo."

Sòm 140:8-10 "Senyè, pa kite mechan yo fè sa yo gen lide fè a! Pa kite sa yo vle fè a rive! Pa kite moun ki pa vle wè m' yo dominen sou mwen. Se pou mechanste ki nan bouch yo a tonbe sou yo! Se pou Bondye grennen chabon dife sou yo tankou lapli. Se pou l' fè yo tonbe nan gwo twou byen fon kote yo p'ap janm ka leve sòti."

Sòm 141:10 "Se pou mechan yo pran nan pèlen y'ap pare pou lòt moun, epi mwen menm, pou m' fè chemen mwen!"

Sòm 144:6 "Voye flèch ou yo. Fè lènmi m' yo gaye. Fè yo kouri ak kout zèklè."

Lamantasyon 3:64-66 "Senyè, se pou ou pini yo pou tou sa yo fè. Madichonnen yo! Fè yo pèdi tèt yo! Move sou yo, Senyè! Pati dèyè yo! Disparèt yo sou latè!"

12- DEVYASYON

Nan non Konba Espirityèl la, tout foli posib yo pratike sèjousi, e mwen jwenn li saj pou pa fèmen ansèyman sa a san mwen pa rete sou pwèn sa a. Pi plis ajan dyab lougawou toujou fè yo rele tèt yo pastè, evanjelis, pwofèt, apòt ak lòt. Yo profite sou mizè popilasyon an pou yo soumèt li ak tout traka posib, sou pretèks delivre li, oswa nan trennen li nan Konba Espirityèl. Satan yon fwa ankò pase atravè demon sou fòm moun sa yo, pou simen konfizyon nan travay Bondye a.

Gen anpil konfizyon nan jou nou yo ke anpil nan moun k'ap chache Bondye yo pa konnen ki kote pou yo ale ankò, ni ki moun ki se yon pastè epi ki moun ki pa pastè. Nan fen tan sa a, satan te mande demon l' yo degize tèt yo kòm pastè ak miltipliye pi plis, yo opere byen vit, paske tan yo a fini. E avèk anpil manti ak degre maji, pitit pèdisyon sa yo reyisi pou avegle dè milye de moun, k'ap swiv yo nan tout pratik abominab yo, san yo pa reflechi.

Gen menm yon gwo sèk pentkotist ki te pran non "Konba Espirityèl la". Sèk sa a, ki te dirije pa yon Jezabèl, te vin yon lòt enstriman pwisan nan men satan pou angaje nouvo ajan, e pou inisyasyon plizyè fanm nan maji. Si se reyèlman Bondye ke n'ap chèche, soti nan tout klèb satanik sa yo ki pase tan yo ap vante pisans. Si n'ap kouri dèyè pisans, nou pral jwenn tèt nou nan mond fènwa yo.

Lè nou ale fè wonn vil yo jodi a, nou akable pa kalite ansèyman ak pratik nan legliz yo. Pastè satan yo te transfòme legliz la an sant kote yo angaje moun pou satan. Yo ansenye istwa san sans bay moun k'ap koute yo, epi kondwi yo nan bagay moun fou pou louvri gwo pòt pou satan. Yo fòme fidèl yo, pifò ladan yo pa menm batize nan dlo, nan sa yo rele *"Konba Espirityèl"*. E pandan sa yo rele konba sa yo, nou tandè yo rele byen fò: *"Satan, m'ap taye ou, an pyès"*, e yo fè gwo jès tankou si y'ap taye li an pyès.

Nan lòt kote, yo frape sandal yo a tè a, sou pretèks y'ap frape lènmi yo. Nan lòt kote toujou, yo bat men yo, kòm yon siy ke y'ap bay lènmi yo souflèt. Nan lòt nou tandè bann ekspresyon moun fou tankou: *"Satan m'ap fè ou bwè san Kris"*; *"Mwen jete ou nan lanmè a"*; *"Mwen voye ou nan fon lanmè ki anba tè a"*; *"Mwen pije'w avèk san Jezi"*; *"Mwen pije'w ak piman trè wouj"*; *elatriye*.

Nou menm tou nou rankontre bann moun fou yo ki di satan: *"Satan dan'w yo jòn"*, *"Satan bouch ou santi"* elatriye. Men sa ke ajan dyab lougawou sa yo ap fè nan legliz yo jodi a e rele Konba Espirityèl.

Nou rankontre tou bann kote, kote ajan dyab lougawou yo, yo cache dèyè sa yo rele delivrans pou inisye nan maji dè milye de moun. Pandan sesyon delivrans yo, yo mande moun **yo pran yon gwo souf ak tout fòs yo** jiskaske yo pipi oswa pòpou sou yo, oswa vomi, oswa tonbe, elatriye. Apre etap sa a ajan dyab lougawou yo vini, fè yo vire, je fèmen, frape yo sou pwatrin e an menm tan nan do yo, e fè tout bagay sa yo pou fè yo tonbe, paske sa a se siy ki dapre yo ki pwouve ke moun sa yo te resevwa delivrans.

Lòt ajan dyab lougawou pou priye pou malad yo di yo ke si yo gen lafwa ke Bondye ka geri yo, yo dwe ale fè wonn lakou a sèt fwa pandan y'ap kouri. Sa a fè anpil pitye pou wè vye granmoun ki san fòs ap kouri nan lakou a.

Yon lòt ajan dyab lougawou ki rele tèt li pwofèt voye toupatou chiklèt ki soti nan Gana, ke li rele **"chiklèt-misil"**, pandan y'ap pwomèt inyoran yo ki resevwa yo ke si yo moulen sèlman youn nan sa yo "chiklèt-misil yo", se yon misil ke yo voye nan kan lènmi yo.

Gen lòt ajan dyab lougawou ki sèvi ak vantilatè pou fè delivrans moun yo. Yo twonpe inyoran yo nan di yo ke van an ke vantilatè a ap pouse yo pral chase demon yo. Pòv nyè sa yo donk di yo pou tonbe depi ke van vantilatè a soufle sou yo.

Lòt moun tou trase yon liy a tè a ak yon lakrè epi mande malad yo travèse liy lan pou yo resevwa gerizon yo.

Nan gwo sèk la ki rele *"legliz inivèsèl"*, ajan dyab lougawou yo vann lwil yo ke yo pretann soti Izrayèl, epi yo sèvi ak bale yo (pou chase move lespri yo nan kay la), foto (pou priye pou yon moun ki lwen oswa ki pa ka deplase vin jwenn

yo), sèl (pou ke mari ou ka renmen ou), elatriye. Nan devan tanp yo li ekri **"sispann souffri, vini, yon lavi miyò ap tann ou"**.

Lòt ajan dyab lougawou pou demontre pouvwa yo, **kreye yon sèn yon ti jan ki sanble ak istwa fanm lan ki nan Bib la ki te gen yon pèt san** epi ki te fè efò pou brave foul moun yo pou manyen Jezi. Ajan dyab lougawou sa yo kreye yon sitiwayon menm jan an, antoure tèt yo ak plizyè jèn moun kòm obstak, epi mande malad yo ki vle geri fè tout bagay pou fofile nan mitan obstak sa yo epi manyen yo.

Nou te swiv yon lòt ansèyman ki rekòmande pou moun manje anpil vyann pou'w ka fò nan Konba Espirityèl la. Si ansèyman sa a te vre, kisa ke moun ki pa kapab achte vyann yo t'ap fè? Sonje byen ke vyann toujou yon liks pou dè milyon de moun. Se pa nan manje anpil vyann ke yon moun fò nan Konba Espirityèl, se pito nan jèn ak lapriye.

Plizyè lòt sèk tankou katolik ak sa yo rele "evanjelik yo" mande fidèl yo vini ak lit dlo pou priye sou yo pou fè dlo sent. Epi nou wè fidèl yo pote boutèy ak bidon dlo yo pou fè beni, epi dlo sa a pral trè konsève nan kay yo pou plizyè pratik dapre rekòmandasyon yo bay yo. Lòt sèk abize nan sèvi ak lwil pou pratik maji.

Gen menm bann pastè ajan dyab lougawou yo ki vann medikaman chinwa nan asanble yo, sou pretèks pou ede moun k'ap souffri yo. Tout metòd yo bon pou ajan satan yo jodi a, pou inisye moun yo nan maji. Demon sa yo bay fidèl yo manti nan di yo ke medikaman sa a geri tout maladi. Yo anrichi tèt yo nan fason sa a sou do pòv yo ak mizerab fidèl yo. Yo kreye yon rezo maketing pou komèsyalizasyon pwodwi sa yo, nan pwomèt bay vandè yo rekonpans ki soti nan gwo Mèsedès rive nan bato, san yo pa bliye kay.

Lòt demon pastè yo kounye a ap fè biznis nan envestisman lajan, e pwomèt fidèl yo pousantaj enterè ke pa gen okenn bank nan mond lan ka bay. Pousantaj pafwa ki soti jiska de san pousan nan kèk mwa. Yo menm kouri dèyè payen yo pou ofri yo "biznis". **Levanjil satan an ki rele levanjil pwosperite a** ke ajan dyab lougawou yo ap preche jodi a, se yon zam pwisan ke satan te itilize pou kaptire moun ki renmen lajan yo ak tout moun yo ki atache ak bagay nan mond lan.

13- TEMWAYAJ YO

13.1- Pastè yo ki fè alyans avèk satan pou yo vin popilè

Pandan youn nan vizit nou yo nan Afrik Lwès, kèk pastè te pataje avèk nou tris temwayaj sa a ke mwen ta renmen pataje avèk nou. Sa a se sa ki te pase nan Kòt Divwa pa trè lontan de sa. Plis pase senkant pastè, moun ki te rekonèt toupatou kòm "gwo zòm Bondye", avèk legliz yo dè milye de fidèl, te denonse pa sèten prèt vodou. Li se an reyalyte kay gran prèt vodou sa yo ke sa yo rele gwo pastè fondatè sa yo, trè pwisan e trè popilè yo, te ale nan chèche maji pou atire foul moun yo nan legliz yo. Pou reyalyze objektif yo, gen kèk, dapre rekòmandasyon prèt satan sa yo, te antere moun ki gen boul nan do anba tanp yo pou yo gen kontwòl total sou chak manm legliz la; lòt moun te antere yon chwal blan anba tanp lan anvan konstriksyon li pou gen pouvwa total pou kontwole ak manipile tout fidèl yo, elatriye.

Se poutèt sa lè yo preche laverite a ak plizyè moun jòdi a, yo rekonèt verite a, men trouve yo pa kapab kite fo asanble yo avèk pratik sa yo ki poutan byen pouri, epi vizib pou tout moun. Se paske yo lye pa degre maji yo ki te fèt nan kote kilt satanik sa yo pa satanis sa yo ke y'ap rele pastè pa inyorans yo.

Lè mwen te mande pastè yo ki te eksplike nou temwayaj sa a ki jan ajan dyab lougawou sa yo te fè pou yo jwenn moun ki gen boul nan do yo, yo eksplike ke se prèt vodou yo ki jeneralman ede yo jwenn bagay sa yo, nan ale nan simityè yo, fouye tonm yo ke yo te deja lokalize kòm kote yo te mete rès moun ki pandan lavi yo te gen boul nan do yo.

Pastè ajan dyab lougawou sa yo te resevwa pouvwa pou "bay" fanm yo bann maladi, tankou pou pa ka fè pitit, fibwòm, ak lòt divès maladi ki komen nan fanm yo. E lè fanm sa yo te konfime ke yo malad, yo toujou te gen opòtinite pou yo geri yo avèk maji yo, epi tout bagay sa a te mete sou kont mirak ak gerizon mirakile.

Imajine kèl nivo abominasyon pastè ajan dyab lougawou yo, nan objektif pou atire gwo foul moun. Nou ta dwe konprann yon fwa plis ke tout sa nou rele gwo legliz oswa legliz mega yo se legliz satan ki baze sou maji ak anpil lòt pratik abominab ke yo pa ta kapab site. E egzanp sa a pa espesyal nan Afrik Lwès, se sa k'ap pase nan tout mond lan. Nou konprann lè sa a, ke Konba Espirityèl la li reyèlman difisil, e pitit Bondye yo dwe angaje nan konba a pou libere tout moun ki jwenn tèt yo nan diferan chèn satanik sa yo.

Plizyè pastè sèvitè satan, pou atire foul moun yo jodi a, fè konplo avèk payen ak lòt ajan satan yo, epi ba yo gwo sòm lajan, pou mande yo pou yo vini nan legliz yo pou yo jwe swa moun k'ap bwete swa avèk oswa moun ki gen maladi grav. Malad imajinè sa yo pral bay enpresyon apre sa yo rele priyè a ki pral fèt la, ke yo ap geri oswa delivre, oswa ke te gen yon mirak. Ajan dyab lougawou sa yo simen anpil konfizyon nan travay Evanjelizasyon ke moun yo gade avèk sispisyon menm vrè ka mirak yo oswa gerizon yo. Nou ap viv dènye jou yo, nou pa dwe trè sezi. Olye de sa, ekipe tèt nou pou Konba Espirityèl la.

13.2- Flè atifisyèl

Yon frè te retrouve'l yon jou nan yon "legliz inivèsèl" kote yo te distribye flè atifisyèl bay chak fidèl yo. Daprè lidè estrikti sa a, flè sa a ta sèvi nan kay yo, pou souse tout move lespri, enpiti yo, vye sò majik yo, chame, elatriye. Chak fidèl te dwe, apre yon tan ke yo te bay e daprè enstriksyon ke yo te resevwa yo, retounen flè sa a, pou yo chase move lespri yo ke yo te kaptire yo.

13.3- Se pou tout sa ki gen souf fè lwanj Senyè a!

Kèk lidè nan sa yo rele kan lapriyè yo mande patisipan yo priye pandan y'ap brase tout pati nan kò yo sou pretèks ke tout pati sa yo ap respire epi yo dwe patisipe nan lapriyè k'ap fèt la. Se konsa, nou wè yo priye, pandan y'ap souke tèt yo, souke bra yo, janm yo, elatriye.

13.4- Teknik delivrans

Pou delivrans, kèk lidè itilize sa yo rele klou espirityèl yo ke yo pouse ak yon mato espirityèl nan tèt moun nan pou ke yo priye sou pretèks pini yon demon ki

fè tèt di, se konsa ke li ka rive soti. E nou tandè sa yo rele demon ke yo vle chase yo kriye: "Pa pike mwen, mwen pral soti!" Kèl komedi!

Lòt lidè ansenye kijan poze gawo espiyite si ou vle ke yon demon rive soti nan yon kote espesifik nan kò a. Pou "demon mistè a" ki mache nan tout kò a, li nesesè pou poze plizyè gawo. Ajan dyab lougawou sa yo di a sa ke yo sipoze ki demon yo: "Ale moute nan nivo vant la! Mwen mete yon gawo nan vant la pi ba pou ke ou pa desann ankò."... e yo fè sa jiskaske, dapre yo, sa ki sipoze demon an rive soti nan bouch la oswa dwèt yo.

Gen lòt ki toujou, pou pi byen konbat di: "Satan mwen kenbe ou e mwen mete ou devan m', mwen ba'w kout pwèn nan non Jezi. Mwen frappe ou nan non Jezi, mwen kase pye ou, mwen paralize ou, mwen frappe ou nan vant... "Pou yo, li se yon lit reyèl "ak satan" ke yo mennen nan non Jezi.

13.5- Zam fiziko-espiyite yo

Nan sèten asanble yo, sa yo rele kretyen yo konbat lè y'ap di: Mwen pran zam mwen kounye a, lans fizi mwen, elatriye. Epi nan imite sòlda lagè yo, yo fè menm diferan bwi ke zam yo ka pwodwi. Imajine dezòd la. Ou ta kwè koute yon pale nan lang, men lè ou prete atansyon, ou byen klè konprann ke yo ap goumen fizikman kont demon yo. Yo imajine ke yo gen zam nan men yo, pandan y'ap fè son bal yo nan bouch yo. Spektak la reyèlman fè moun kwè ke yo ta gen zam fizik nan men yo, pa rapò ak pozisyon ke yo te adopte a.

13.6- Aksyon pwofetik

Gen lòt bann asanble kote sa yo rele sèvitè Bondye yo mande pou fidèl yo pote sab. Yo priye sou sab sa a, nan bi pou fè li yon enstriman destriksyon pou tout lènmi yo. Yo di ke si lènmi sa yo deplase tankou yo sou tè a (si yo se moun fizik), yo pral mouri. Sinon, yo pral chape. Se konsa, yo touye moun fizik pandan y'ap pwoteje frè demon yo.

Lòt moun pa kont mande fidèl yo pandan vèy denwi yo, nan minwi, pou yo mete tèt yo an ran epi ale nan tout katye a, pou genyen nanm. Dapre yo menm, se yon aksyon pwofetik ki pral pèmèt Senyè a delivre katye a e atire kè moun yo ki rete nan katye legliz la. Chak pa yo fè koresponn ak yon nanm ki pral atire nan legliz sa a.

Kèk ajan dyab lougawou ale pi lwen nan mande fidèl yo pote bann mouchwa pou yo ka reyalize cham espiyite ke yo pral depoze nan divès kote: Pou machann yo nan lye komès yo, pou elèv nan sak lekòl yo, pou travayè nan biwo yo ak bann andwa espesifik. Dapre pastè sa yo, sa a pral sèvi pou akòde fidèl yo bann siksè etonan ki pa ka reyalize san cham sa yo.

Gen lòt ki baze sou istwa Jeriko a pou di fidèl yo pou yo konte jiska sèt, lè sa a, pouse kri lajwa, delivrans ak viktya. E dapre ajan dyab sa yo, si fidèl yo gen lafwa, yo ap gen delivrans yo t'ap tann depi lontan an. Se konsa, nou tandè yo kriye ak tout fòs yo, kèk nan yo pote chèz sou tèt yo pandan y'ap kriye. Gwoup mizik la ap fè gwo bwi avèk enstriman li yo; timoun yo tou fè plis dezòd ke posib.

Pratik sa a varye selon legliz yo: Olye pou yo kriye, yo mande fidèl yo pou yo danse yon bon bout tan pou yo gen delivrans nan imaj Jeriko a, oswa pou yo aklame prezans Jezi Kris avèk anpil kriye. Nan fè sa, madichon an, povrete ak lòt lyen ta tonbe dapre lafwa yo. Menm lè yo bouke, yo dwe kontinye jouk lidè a bay siyal pou yo sispann.

13.7- Etid sou demon

Lòt ajan dyab lougawou lanse yo nan etid sou demon yo: Non yo, klas yo nan gouvènman satan an, kote yo lokalize yo, manifestasyon yo lè yo antre nan yon moun e diferan pòt kote yo dwe sòti. Yo eksplike tout bagay sa yo alekri, sou yon fèy ke yo bay chak moun ki dwe delivre atravè yon "gerizon ki dam". Yo vann yo fèy sa a pou yon sèten kantite lajan ak delivrans la tou nan yon pri ki varye selon ka posasyon yo. Yo ansenye yo ke delivrans lan atravè "gerizon ki dam nan" li esansyèl e renouvlab chak twa mwa. Menm pastè yo dwe ale ladann. Yo menm yo ale swa kay moun ki te konsakre yo a oswa nan kan lapriyè yo (souvan nan Gana, elatriye.).

14- ZAM NOU NAN KONBA A

"Zam n'ap sèvi nan batay n'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zam ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fòterès." 2Korinttyen 10:4.

14.1- Lefèt de leve men anlè

Bib la di nou nan 1Timote 2:8 ***"Wi, mwen vle pou moun k'ap viv pou Bondye toupatou yo ka leve men yo anlè devan l' pou yo lapriyè san yo pa nan fè kòlè ni nan chache kont ak pèsoun."*** Se poutèt sa, lefèt de leve men anlè se zam pwisan nan konba a. Lè vrè pitit Bondye yo leve men anlè, efè a santi nan mond espirityèl la.

14.2- Lwil

Senyè a te mete lwil la disponib pou nou, e nou lib pou itilize li pou plizyè rezon. Nan Bib la, itilizasyon lwil la pa limite; sa vle di ke chak pitit Bondye yo ka lib pou sèvi ak lwil pou vide sou tèt yo ak priye si yo malad, oswa vide sou kay yo oswa efè yo, elatriye.

Men jodi a, ajan satan yo te entwodwi lòt pratik satanik nan sèvi avèk lwil pou inisye moun yo nan maji. Gen bann sèk ki preskri yon kalite lwil espesifik pou fidèl yo, lòt moun mande fidèl yo vini ak lwil pou pirifye li, epi preskri yo sa yo dwe fè ak sa yo rele lwil pirifye sa yo; lòt moun toujou mande fidèl yo bwè lwil, nan yon lè espesifik pandan y'ap resite sèten vèsè nan liv Sòm, elatriye. Kouri soti nan tout pratik satanik sa yo, e soti nan tout sèk satanik sa yo.

Konnen ke an tèm de lwil nou dwe itilize lwil la nan chwa nou, espesyalman lwil ke nou gen nan dispozisyon nou an, epi se pa ale fè dèt pou achte lwil chè, tankou ajan dyab yo preskri nou yo. Bann ajan dyab visye renmen lajan te fè li yon gwo komès jodi a. Yo vann lwil satanik bay fidèl yo lè yo twonpe yo ke lwil sa yo soti nan peyi Izrayèl.

14.3- San Jezi, non Jezi, ak dife Bondye a

San Jezi, Non Jezi, ak Dife Bondye a, se tout zam pitit Bondye a gen nan dispozisyon'l pou konba chak jou. Ajan satan yo souvan fè efò pou kreye konfizyon nan lespri pitit Bondye yo ki inyoran yo, sou itilizasyon Dife Bondye nan konba a. Pou mete fen nan manti demon sa yo, mwen te panse li pi bon pou trete sijè sa a nan yon fason konplè nan yon ansèyman apa, ki rele "**Dife Bondye a**", ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org. Mwen rekòmande nou li.

14.4- Lwanj ak adorasyon

Lwanj lan tou se yon zam trè efikas pou konba a. Konnen ke chak fwa n'ap fè lwanj Bondye, se yon gwo batay ke n'ap mennen, espesyalman lè nou fè l' ak yon kè pi. Se konsa, aplike tèt nou nan lwanj ak adorasyon (nan chante kantik espirityèl pou Senyè a). Òganize lavi kretyen nou an tankou yon fason pou pase ase tan nan fè lwanj. Nou pa bezwen nan Asanble pou fè lwanj Bondye. Chak pitit Bondye dwe gen pwòp moman li pou fè lwanj apa an deyò moman lwanj yo te pase nan Asanble a. Epi jeneralman lè nou fè lwanj Bondye anvan nou kouche, nou gen yon bon somèy, sa vle di yon somèy san atak demonyak.

14.5- Pawòl Bondye a

Site Bib la pandan n'ap konbat oswa priye, se yon zam trè pwisan. Satan seryezman pè pawòl Bondye a. Se konsa, asire nou ke pou nou site vèsè Bib la yo ki koresponn ak batay la ke n'ap mennen an.

14.6- Pran prekosyon nou ak zam chanèl

Kòm nou te sinyale'l nan chapit sou Deviyasyon yo, pandan ke sèten sèk satanik preskri bann objè diferan pou fidèl yo pou Konba Espirityèl la, gen kèk pastè inyoran ki enstwi fidèl yo nan manje anpil vyann pou yo ka fò nan Konba Espirityèl. Pran prekosyon a tout manti sa yo. Kenbe nan tèt nou ke Konba Espirityèl la li bèl e byen **espirityèl**, e pa gen okenn objè chanèl, kèlkeswa sa li ye, pral sèvi nou nan anyen. Menm jan an tou, pa gen okenn kalite manje oswa vyann ki itil pou nou nan Konba Espirityèl la. Se kontrè preskripsyon sa a ki vre. Se nan jèn ak lapriye ke vrè Konba Espirityèl la mennen. Kouri pou tout moun sa yo k'ap preskri nou kalite bagay moun fou sa yo.

15- KONKLIZYON

Chè frè'm yo, Konba Espirityèl la pa ta dwe konsidere kòm yon sijè apa, men pito kòm fè pati lavi nou. Se konsa, pa neglije Konba Espirityèl la. Men veye pou ke li pa vin yon sijè ògèy pou nou, e ke li pa dwe tou yon eleman sediksyon. Lefèt nou chase demon yo oswa gen kèk viktim nan konba a, se pa yon prèv ke nou gen krentif pou Bondye, oswa ke lavi nou nan lòd devan Bondye, oswa menm ke Syèl la louvri devan nou.

Konba a menm jan nou sot etidye li a, se yon konba difisil e delika, epi pou viktorye, pitit Bondye yo dwe reyèlman fè efò sa a renonse ak tèt yo, e akroche yo ak verite a. Mwen te eseye nan ansèyman sa a pou ba nou maksimòm eleman sou Konba Espirityèl la. Sepandan, gen kèk pwèn nan konba a ke mwen te

chwazi pou pa devlope, pa sousi pou pa ekspoze pitit Bondye yo, ki malgre tout avètisman mwen te fè yo, ap toujou kapab avantirye yo nan kan satan an e pou fè detwi yo.

Reyalite pou pa devlope pwen sa yo sou konba a, se pa yon fason pou kenbe verite a kaptif, men pito enkyetid pou pwoteje oswa prezève moun ki toujou pa konnen kijan pou fè yon diferans ant zèl yo, trè souvan pa kanalize, e konesans bagay Bondye yo. Men sepandan, mwen gen fèm konviksyon ke Sentespri a pral revele li ban nou si Li jije nou pare pou mennnen kalite konba sa yo epi pou viktorye.

Plizyè fwa frè yo apre yo fin swiv ansèyman yo, yo te frape pa doktrin Senyè Jezi Kris la, epi yo te mande m' ki moun ke mwen te ye, e poukisa verite sa a te rete kache jouk koulè a. Gen kèk moun ki pa ezite di ke mwen tankou Senyè Jezi. Pou sa mwen ta renmen fè kèk klarifikasyon: Konnen byen-neme, ke yon senp enstriman pa ka tankou moun ki te fè li a. Jezi Kris se sèl Mèt la, epi mwen sèlman youn nan anpil enstriman ke Li chwazi pou li itilize yo. Se poutèt sa mwen jwenn li pretansye pou aksepte pou'm konsidere'm kòm Mèt la. Mwen konnen ke pawòl Bondye a di nou nan Lik 6:40 ke **"yon elèv ki fini nèt, l'ap fò tankou mèt li"**. Men, menm si Senyè a ta ka konsidere m' tankou yon disip akonpli, mwen ta toujou evite kwè ke mwen tankou Li.

Pou moun nan nou ki ta renmen tou konnen kiyès mwen ye, repons mwen an te toujou sa ki an napre yo: Mwen se sèlman frè nou, yon pitit Bondye tankou lòt moun yo. Mwen jis yon pòv mòtèl. Mwen pa gen anyen espesyal, jis yon moun ke Bondye nan gwo renmen L' te chwazi pou konte nan mitan anpil sèvitè Li yo. Nan fen tan sa yo, mwen te gen privilèj pou te chwazi pa Bondye tankou frè nou an Jan Batis te di: **Vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a.**

Batay la pat fasil, men Jezi Kris Boukliye'm nan te toujou ede mwen. Plis lènm an te entansifye atak li yo, plis Senyè ranfòse gad Li bò kote m'. **"M'ap dirije tout sikonstans yo nan lavi ou."** Pawòl sa a ke Senyè a te di mwen nan kòmansman ministè mwen an, se eleman presye ki nan tout moman difisil yo, te ban m' kouraj pou avanse, ak antouzyas nesesè pou'm kanpe fèm.

Konsènan temwayaj yo, Senyè a te ban m' ase, ase pou fè plizyè liv, si mwen te vle ekri yo. Tribilasyon yo te anpil ke posib; e eprèy yo tou mwen te jwenn yo... Mwen pat epanye nan atak yo; yo te anpil. Plizyè fwa satan te voye ajan l' yo pou yo mete pyèj pou mwen. Gen kèk ajan satan ki te deplase soti nan yon kontinan ou nan yon lòt, pou atake mwen. Lòt moun te janbe plizyè lòt peyi, jis pou akonpli misyon satan. Gen menm ajan satan ki odasye e detèmine, ki te deplase nan peyi yo, pou yo enstale yo nan peyi mwen, e jisteman nan vil kote mwen ap viv la, pou konbat mwen pi byen. Sa pèmèt nou konprann kijan satan konbat seryezman moun sa yo ke Jezi Kris te chwazi pou Li yo. Nou wè ak ki angajman kan satan an mobilize li chak fwa ke gen yon grenn limyè nan mond lan, pou etenn li.

Satanis yo ka reklame kèk vikwa sou nou, men, toujou konnen ke vikwa yo sou nou se sèlman pou yon ti kras tan, pandan ke vikwa nou sou yo, yo p'ap janm fini. Senyè Jezi Kris, Mèt nou an ak Bondye nou an, pi fò, e dife Lanfè ap tann satan ak ajan l' yo, pou letènite. Alelouya! Tankou frè mwen Pòl, mwen ka

pa lafwa di: **"Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan bout kous mwen, mwen kenbe konfyans mwen fèm nan Bondye. Koulye a, se rekonpans mwen m'ap tann pou lavi dwat mwen te mennen an. Lè gran jou a va rive, Senyè k'ap jije san patipri a ap mete rekonpans mwen an tankou yon kouwòn sou tèt mwen. Men, se pa mwen ase l'ap bay li. Tout moun k'ap tann ak tout kè yo lè la gen pou l' parèt la, va resevwa l' tou."** 2Timote 4:7-8.

Ak tout kè m' mwen bay gras a Jezi Kris konfidan'm nan, ki te sipòte m' ak pwoteje m' nan konba difisil sa a, e ki te akòde m' favè pou akonpli misyon ke Li te konfye mwen an. Kounye a mwen ka kriye ak tout kè'm: **Amèn! Vini non, Senyè Jezi!** Pandan m'ap chante refren sa a:

**Bientôt adieu, choses mortelles!
Loin de vous je prendrai des ailes,
Vers les demeures éternelles,
Vers Jésus-Christ.**

**Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an,
ak yon renmen ki p'ap janm fini!**

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!